



“YO PA PRAN NOU POU MOUN”

MASPINAY KI GEN POU WE AK RAS EPI IMIGRASYON ANSANM
AK LOT MOVE TRETMAN AYISYEN KI AP CHECHE SEKIRITE SIBI
OZETAZINI

AMNESTY
INTERNATIONAL



Amnisti Entènasyonal se yon mouvman ki gen 10 milyon moun ki mobilize fòs sou jan chak moun dwe moun epi fè kanpay pou rive jwenn chanjman pou nou tout ka jwi dwa moun nou yo.

Vizyon nou se pou gen yon monn ki rive fè otorite ki gen gen pouvwa kenbe pwomès yo fè, respekte lalwa entènasyonal epi reponn pou zak yo fè.

Nou pa depann de okenn gouvènman, ni ideyoloji politik, ni enterè ekonomik oswa relijyon. Epi se moun ki manm nou ki ban nou lajan epi nou resevwa don nan men grenn moun endividyèlman.

Nou kwè nan aji nan solidarite epi konpasyon ak moun toupatou ka rive chanje sosyete nou yo pou fè yo vin pi bon.

© Amnisti Entènasyonal 2022

Sof si gen lòt nòt kontrè detay nan dokiman sa anba lisans Kreyativ Kòmoun (Creative Commons) yon atribisyon komèsyal san derive entènasyonal 4.0

<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/legalcode>

Pou plis enfòmasyon vizite paj ki bay pèmisyon sou sitweb nou : www.amnesty.org

Se la tout dokiman nou gen dwa rezève pwopriyete ki pa Amnisti Entènasyonal pa gen pou wè ak lisans Creative Commons lan

Soti an premye nan lane 202

ak Amnesty International Ltd

Peter Benenson House, 1 Easton Street

London WC1X 0DW, UK

Endèks: AMR 36/5973/2022

Lang li ekri avan: Anglè

amnesty.org



Kouvèti imaj

©Joaquín Castro

**AMNESTY
INTERNATIONAL**



LIS CHAPIT YO

GRAN RANMASE	4
1. METODOLOJI	8
2. ENTWODIKSYON	10
3. RASIS SISTEMIK KONT MOUN KI DESANDAN AFRIKEN	12
3.1 ERITAJ ESKLAVAJ KITE POU ETAZINI AK AYITI	13
3.2 RASIS KONT MOUN KOULE NWA OZETAZINI	14
ENTEDIKSYON DISKRIMINASYON RASYAL NAN IMIGRASYON	15
4. JAN EKSPILSYON AYISYEN PAPAKET AN VYOLASYON AK LWA ENTENASYONAL	16
PWOTEKSYON ENTENASYONAL EPI DWA NON REFOULMAN	18
4.1 NOU AP CHECHE REFJ: YO ARETE NOU, VOYE NOU TOUNEN SAN EKSPLIKASYON EPI ANPECHE NOU	
JWENN PWOTEKSYON ENTENASYONAL	19
DETANSYON KI GEN POU WE AK MIGRASYON	25
4.2 NOU TE FE FAS KARE A TOUT SOT DE SITYASYON: VYOLASYON DWA MOUN SOU TOUT PAKOU NOU	
NAN AMERIK LA	28
4.3 M PA KA VIV AN AYITI”: VOYE MWEN TOUNEN POU KA VIKTIM ANN AYITI EPI MWEN VLE RETOUNEN	
KITE LI ANKO	31
4.4 YON ISTWA ENTESEPSYON, DETANSYON, EKSPILSYON AK DEKOURAJMAN POU AYISYEN K AP CHECHE AZIL	34
4.5 DISKRIMINASYON RASYAL NAN SISTEM AZIL AK IMIGRASYON	36
5. MASPINAY AK LOT MOVE TRETMAN OTORITE ETAZINI FE SOU AYISYEN K AP CHECHE AZIL	42
ENTEDIKSYON MASPINAY AK LOT MOVE TRETMAN NAN LWA ENTENASYONAL	43
MASPINAY KI GEN POU WE AK RAS EPI IMIGRASYON	45
5.1 MOVE TRETMAN: “TRETMAN AN PAT PRAN NOU POU MOUN”	47
5.2 MASPINAY: “YO TE METE M NAN CHENN MALGRE MWEN TE GEN YON TIMOUN 4 MWA NAN MEN M”	52
5.3 MASPINAY AK MOVE TRETMAN ISTORIK EPI ROUTIN KI GEN POU WE A RAS EPI MIGRASYON	59
6. MANKMAN DONE OFISYEL OSWA SWIVI POU EVALYE DISKRIMINASYON RASYAL	62
LETA PEYI YO DWE KOLEKTE DONE POU EVITE DISKRIMINASYON RIVE	62
7. KONKLIZYON	64
8. REKOMANDASYON	67

LIS TEM AK MO ENPOTAN

MO	DESKRIPSYON
MOUNK K AP CHECHE AZIL	Yon moun k ap chèche azil se yon moun ki kite peyi yo pou chèche pwoteksyon men li poko rekonèt kòm yon refijye.
CBP	Pwoteksyon pou Fontyè ak Dwàn (Customs and Border Protection CBP) se yon ajans ki la pou fè respekte lalwa DHS, k ap fonksyone nan zòn fwontyè ak pò antre Ozetazini. Patwouy Fwontyè Ameriken an (Border Patrol) fè pati CBP.
CRCL	Biwo pou Dwa Sivil ak Libète Sivil (Civil Rights and Civil Liberties -CRCL) se yon Biwo ki depann de DHS. Dapre sit entènèt li a, “CRCL aji nan pratik dwa sivil ak libète sivil nan tout aktivite Depatman an.”
DHS	Depatman Sekirite Enteryè Etazini (Department of Homeland Security).
ICE	Administrasyon Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (Immigrations and Customs Enforcement-ICE) se yon ajans Depatman Sekirite Enteryè Ameriken an (DHS) ki responsab pou fè respekte lwa imigrasyon sou fwontyè yo ansanm ak anndan peyi Etazini. Branch Operasyon ak Ranfòsman Ranvwa li a (Enforcement and Removal Operations-ERO) jere tout aspè nan pwosesis ranfòsman imigrasyon an, tankou idantifikasyon ak arestasyon, transpò anndan Etazini, detansyon, jesyon kosyon, ranvwa, ak lage moun ale sou sipèvizyon, ki gen ladan altènatif a detansyon.
DISKRIMINASYON ENTÈSEKSYONÈL (YOUN PASE PRAN LÒT)	Lè diskriminasyon sou diferan rezon met ansanm pou koze yon dezavantaj youn sou lòt oswa diferan. Pa egzanp, si yon fanm andikape fè eksperyans kote yo fòse li rete pou paka fè pitit akòz yon politik leta pou kontwole posibilite fè pitit pou fanm andikape yo, diskriminasyon ak vyolasyon dwa seksyèl ak repwodiktif li fè eksperyans se akòz yon melanj sèks li ak andikap li. Sa konstitye diskriminasyon entèseksyonèl paske ni yon fanm ki pa gen andikap, ni yon gason ki gen andikap pa ta sibi menm enpak.
EKSPILSYON PAPAKÈT	Ekspilasyon san eksplikasyon yon gwoup moun ki pa moun peyi a san pwosedi jistis. Nan rapò sa a, tèm “ekspilasyon kolektif” itilize kòm yon altènatif a “ekspilasyon papakèt”.
IMIGRAN	Imigran yo se moun ki deplase soti nan yon peyi ale nan yon lòt, swa pou tibout tan oswa pou toutan, anjeneral se pou jwenn travay, etidye oswa rantre rejwenn fanmi. Anpil imigran deplase pou yon melanj anpil rezon.
DETANSYON KI GEN POU WÈ AK IMIGRASYON	Detansyon ki gen rapò ak migrasyon refere a retire libète yon moun pou yon swadizan vyolasyon kondisyon yo pou antre, rete, oswa rezide nan peyi k ap resevwa a. Detansyon pou rezon ki gen rapò ak imigrasyon ka pran plizyè fòm, tankou kenbe moun nan enstitisyon penal, sant detansyon espesyalize, aranjman pou limite depلاسman yo, osi byen ke nan kan ki pa kite moun soti.

MO	DESKRIPSYON
MEZI KI PA DETANSYON	Pafwa yo rele yo altènatif a detansyon, yo se mezi sa yo ki pa detansyon ki limite dwa imigran yo ak moun k ap chèche azil yo (souvan dwa yo genyen libète depasman oswa dwa a vi prive). Yo varye depann de nivo pwoblèm nan epi yo ka varye soti nan kondisyon anrejistremen, nan obligasyon/kosyon, rezidans asiye, lage ak sipèvizyon kote kominote a gen je sou moun nan, rapòte kondisyon, bipè elektwonik, siveyans byometrik, ak kouvrefe lakay yo.
REFOULMAN	Voye yon moun tounen demanyè fòse nan yon peyi kote li ta riske sibi vyolasyon dwa moun grav(tankou pèsèkasyon oswa maspinay). Lalwa entènasyonal entèdi pou voye refijye ak moun k ap chèche azil tounen nan peyi yo te kouri kite yo san yo pa fè yon evalyasyon apwopriye sou risk pou yo retounen yo – yo rele sa: prensip nonrefoulman. Refoulman chèn li, se lè yon peyi voye yon moun de manyè fòse nan yon lòt peyi ki ansuit voye yo nan yon twazyèm peyi kote yo riske domaj grav; sa a entèdi tou dapre lalwa entènasyonal.
REFIJYE	Refijye yo defini nan Konvansyon ki gen rapò ak estati refijye yo kòm moun ki pa ka retounen nan pwòp peyi yo paske yo gen yon laperèz aklè pou sibi abi dwa moun oswa pèsèkasyon pou rezon ras, relijyon, nasyonalite, manm nan yon gwoup sosyal patikilye, oswa opinyon politik. Gouvènman pa yo pa kapab oswa pa vle pwoteje yo, kidonk yo oblije chèche pwoteksyon entènasyonal.
RASIS SISTEMIK	Dapre Gran Komisyonè Nasyonzini pou Dwa Moun, “rasis sistemik kont Afriken ak moun ki gen desandan Afriken yo, gen rapò ak rasis estriktirèl ak enstitisyonèl, ka rive konprann nan sans yon operasyon konplike sistèm lalwa, politik, pratik ak atitid nan enstitisyon Leta yo, epi sektè prive a ak estrikti sosyete a, ki met ansanm, lakòz diskriminasyon dirèk oswa endirèk, entansyonèl oswa pa entansyonèl, etabli nan lalwa ou defèt (de jure ou de facto) distenksyon, esklizyon, restriksyon oswa preferans sou baz ras, koulè, desandans oswa orijin nasyonal oswa etnik. Rasis sistemik souvan manifeste tèt li nan estereyotip rasyal ki nan tèt moun yo, prejije ak patipri epi li souvan anrasine nan istwa epi eritaj esklavaj, komès transatlantik esklav Afriken ak kolonyalis. (Rapò Wo Komisyonè Nasyonzini pou Dwa Moun, Pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun ak libète fondamantal Afriken yo ak moun ki desandan Afriken yo kont itilizasyon twòp fòs ak lòt vyolasyon dwa moun pa ofisye lapolis yo, 1 jen 2021, Nasyonzini. Dok: A/HRC/47/53, Paragraf: 9)
DEKRÈ LWA 42 (TIT 42)	Politik sante piblik Sant Ameriken pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te pibliye okòmansman nan mwa Mas2020 sou non Dekrè Lwa 42 (Titlè 42) (yon kòd itilize nan domèn sante piblik) (apre li te ranplase pa yon lòt dekrè menm jan an nan Oktòb 2020 epi an Out 2021) ki pèmèt Etazini mete imigran deyò imedyatman epi moun k ap chèche azil ki travèse fwontyè li yo pandan pandemi Kovid-19 pou ale nan peyi yo oswa nan peyi yo te pase andènye yo, san yo pa ba yo aksè nan sistèm azil Ameriken an. Malgre yon desizyon CDC te pran an Avril 2022 pou kanpe desizyon sa, politik la te rete an aksyon akòz yon desizyon tribinal.
DISKRIMINASYON RASYAL	Dapre Konvansyon Entènasyonal sou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon Rasyal, tèm sa defini kòm “nenpòt distenksyon, esklizyon, restriksyon oswa preferans ki baze sou ras, koulè, desandans, oswa orijin nasyonalite oswa etnik ki gen objektif oswa efè pou anile oswa andikape. rekonesans, jwisans oswa egzès, sou baz egalego, dwa moun ak libète fondamantal nan politik, ekonomik, sosyal, kiltirèl oswa nenpòt lòt domèn nan lavi piblik.”

GRAN RANMASE

“Kè m ap rache pou tretman imigran Ayisyen yo ap sibi sou fwontyè nou an - e mwen rekonèt sa yo se dènye nan anpil endiyite istorik Ayisyen yo te fè fas deja. N ap kontinye ofri asistans epi mennen ankèt sou tout sa ki sanble move zak. Mwen rete angaje, kòm toujou, sou avni Ayiti.”

Prezidan Jozèf Baydenn (Joseph Biden) pibliye sou Twitè (Twitter) 24 Septanm 2021

Rapò sa pibliye espere nan dat ki ta pral bay evènman ki te fèt nan Del Ryo, Tekzas, yon lane desa nan mwaSeptanm 2021, lè ofisye patwouy fwontyè ki te sou chwal yo te fonde sou foul moun koulè Nwa ki Ayisyen ki tap chèche azil, imaj sa yo te parèt nan zye tout moun atravè lemonn tankou mak fabrik esklavaj.

Apre sa, administrasyon Baydenn (Biden) te pran angajman lanse yon ankèt, lè CBP te pibliye ankèt sa an Jiyè 2022, yo te konkli ke ajan Patwouy Fwontyè yo pa t fè espere frape youn nan Ayisyen yo ak frèt yo, oswa lòt fason, men li pa t fè entèvyou ak okenn nan Ayisyen ki te la lè evenman sa yo te rive, sa vinn bese nan konfyans moun ka fè rapò a.

Evenman lawont Del Ryo yo te pase pandan te gen konvèsasyon mondyal sou diskriminasyon rasyal ki nan sistèm nan, e sitou rasis sou moun koulè Nwa, te kontinye apre otorite te fin maspinen epi touye Jòj Flòyd (George Floyd) nan mwaMe2020.

Depi lè sa a, ant Septanm 2021 ak Me 2022, Etazini te depòte plis pase 25,000 Ayisyen, ki te fè anpil itilizasyon Dekrè lwa 42 a, yon desizyon ki te anviye sou administrasyon Twonp la epi ki te degize kòm yon mezi sante piblik, yo te toujou itilize kòm mezi prevantif imigrasyon ak azil, nan vyolasyon lwa nasyonal ak entènasyonal.

Sou administrasyon Baydenn nan, vòl avyon depòtasyon ann Ayiti sanble te ogmante anpil. Dapre òganizasyon Temwen ki sou Fwontyè yo - Witnès atde Bòdè (Witness at the Border) - yon gwoup ki kontwole kantite vòl avyon depòtasyon - antSeptanm 2021 akMe2022 poukont li, omwen 227 avyon soti nan peyi Etazini te ateri ann Ayiti, konpare ak yon total 37 vòl avyon nan tout ane 2020, ak 37 nan premye 8 mwa ane 2021 an.

Kòm Ayisyen te vinn wè li kòmanse trò difisil pou yo jwenn azil sou fwontyè Etazini-Meksik la, nan chèche sanzespwa lòt altènatif pou chape anba kriz dwa moun ak kriz imanite ki gaye ann Ayiti, plizyè milye te eseye vwayaje rive nan peyi Etazini nan bato bwafouye ki paka fè wout sa yo, ki dapre kèk rapò lakoz anpil nou yo mouri lè bato yo koule.

Rechèch sa a baze sou entèvyou ki fèt ak 24 Ayisyen otorite Ameriken te ekspilse ant Septanm 2021 ak Janvyè 2022. Mete sou sa, li gen temwayaj sikològ, ekspè akademik, ak avoka, ansanm ak prèv istorik - ki gen ladann nan achiv Amnisti Entènasyonal la - ak enfòmasyon Otorite Ameriken yo bay.

Rapò a gen de gwo konklizyon:

Premyèman, anpil Ayisyen k ap chèche azil otorite Ameriken yo ap plede voye tounen sou baz Dekrè lwa 42 se jis yon nouvo chapit nan yon long istwa nan detansyon, eskizyon epi dekourajman Ayisyen k ap chèche sekirite Ozetazini, ki anrasinen nan sistèm diskriminasyon kont moun koulè Nwa.

Dezyèmman, ak akò otorite Ameriken yo, Ayisyen yo te fè entèvyou pou rechèch sa a - e petèt anpil lòt - te fè fas a detansyon abitè, ak nan kèk ka maspinay¹ y oswa lòt tretman oswa pinisyon ki demontre mekanste, fason yo trete bèt oswa ki degradan (apati de sa move tretman). ki gen rapò ak ras ak migrasyon, an vyolasyon lwa entènasyonal sou dwa moun ki klèman entèdi maspinay nan tout sikonsans epi ki mande eta yo aktivman anpeche maspinay pou gwoup ki pi vilnerab yo.

Pandan nan rechèch Amnisti Entènasyonal te fè anvan li te jwenn imigran ak moun k ap chèche azil ki sòti nan tout nasyonalite yo souvan gen risk pou yo sibi maspinay oswa lòt move tretman nan detansyon imigrasyon Etazini - ki gen ladan moun LGBTI² ak moun yo fè konprann ki klase kòm ras enferyè - rechèch sa a jwenn Ayisyen viv move tretman an patikilye ki sòti nan yon konbinezon diskriminasyon kont moun koulè Nwa ak diskriminasyon ki baze sou nasyonalite.

DEKRÈ LWA 42: YON NOUVO CHAPIT NAN YON ISTWA RASIS KONT MOUN NWA, DETANSYON, ESKLIZYON, AK YON PRATIK POU DEKOURAJE AYISYEN.

Nan mwa Mas2021, nan yon entèvyou ak jounal ABC,(ABC News) yo te mande Prezidan Baydenn ki mesaj li ta genyen pou imigran ki nan fwontyè sid Ameriken an. Repons li a, “Mwen ka di klèman. Pa menm parèt.”

Nan mwa jen, Vis Prezidan Kamala Aris (Kamala Harris) te voye yon mesaj menm jan an bay moun k ap chèche pwoteksyon entènasyonal nan peyi Etazini. “Mwen vle li klè pou moun ki nan rejyon sa a ki ap panse pou yo fè wwayaj danjere sa a pou yo rive sou fwontyè Etazini ak Meksik la: pa vini, pa vini menm... Nou gen kòm youn nan priyorite nou yo, pou dekouraje migrasyon ilegal e mwen kwè. si w rive sou fwontyè nou an, nap voyew tounen.”

An jiyè, Sekretè Sekirite Enteryè Myòkas (Mayorkas) te voye yon mesaj menm jan an plis espesyalman pou Ayisyen ak Kiben. “Kite m klè: Si ou pran lanmè a, ou p ap ka antre Ozetazini.”

Langaj sa a klèman gen entansyon dekouraje imigran ak moun k ap chèche azil yo pou yo chèche sekirite nan peyi Etazini epi li vle di nenpòt moun ki ta rive atravè wout sa a pa pral resevwa yon evalyasyon jis sou bezwen pwoteksyon yo, sa ki an vyolasyon obligasyon Etazini yo dapre lwa entènasyonal yo. Men, sa pa anyen nouvo, sitou pou Ayisyen k ap chèche azil .

Pandan rechèch sa a, Amnisti Entènasyonal te revize ase prèv pou montre ke administrasyon Ameriken yo youn aprè lòt te eseye dekouraje imigran Ayisyen yo pou yo mande azil Ozetazini atravè aplikasyon divès politik ki te fèt pou entèsepte, kenbe, epi retire Ayisyen yo nan peyi Etazini, apati ane 1970 pou jis yo vinn kontinye ak Dekrè lwa 42.

Rechèch ak temwayaj yo te rasanble pou rapò sa a te baze sou rapò Amnisti Entènasyona te fè anvan yo ak gwo Aksyon ki te soti depi nan lane 1990 yo ki te mete aksan sou aksyon ak politik gouvènman Ameriken yo ki te fèt pou dekouraje ak pini Ayisyen ki eseye chèche sekirite nan peyi Etazini atravè aksyon. , ki gen ladan repouse yo ilegalman sou lanmè, kenbe moun kap chèche azil yo pa pakèt, ansanm ak maspinay ak lòt move tretman, epi pa gen aksè efikas pou yon moun ta antame pwosedi jis oswa pwosedi azil.

Okenn nan 24 Ayisyen yo te fè entèvyou pou rechèch sa a, pa rapòte ke yo te fè verifikasyon pou detèmine nivo risk yo ta ka rankontre lè yo retounen (verifikasyon laperèz kredib) anvan yo te voye yo tounen ann Ayiti. Nan fason sa a, Etazini te vyole lwa Ameriken ak entènasyonal dwa moun ki bay dwa pou mande azil epi ki entèdi leta peyi yo retounen moun nan peyi kote yo ta gen risk pou yo pèdi lavi yo lè yo retounen, tankou pèsekisyon, maspinay oswa lòt move tretman. (prensip nonrefoulman).

Dapre deskripsyon ekspilsyon yo ak mank pwoteksyon pwosedi ki fèt nòmalman, tankou verifikasyon laperèz, ansanm ak tan yo pran pou yo voye yo tounen, li klè yo te voye yo tounen dapre Dekrè lwa 42.

Pandan ke yo te nan detansyon imigrasyon Ozetazini, pi fò nan Ayisyen k ap chèche azil yo te fè entèvyou pou rechèch sa a te rapòte ke yo pa t gen dwa fè apèl nan telefòn, e okenn nan yo pa t gen aksè a entèprèt oswa reprezantan legal. Yo te endike tou ke yo te resevwa ti kras oswa okenn enfòmasyon sou kote yo te ye ak rezon ki fè yo te retire libète yo, tout sa ki reprezante detansyon abitè dapre lalwa entènasyonal.

1. Pou tradiksyon sa a, nou adopte tèm maspinay pou tradwi tèm franse “torture” a paske pa gen yon mo egzak an kreyòl pou li. Definisyon maspinay dapre Atik 1 Konvansyon kont maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon malouk, ki pa fèt pou moun oswa degradan, “tèm “tòti” vle di nenpòt zak ki fè yon gwo lapenn oswa soufrans, kit se fizik oswa mantal, ki entansyonèlman enflije sou moun. yon moun pou rezon tankou jwenn nan men li oswa yon twazyèm moun enfòmasyon oswa yon konfèsyon, pini li pou yon zak li menm oswa yon twazyèm moun te komèt oswa yo sispèk li te komèt, oswa kraponnay oswa fòse li oswa yon twazyèm moun, oswa pou nenpòt ki bagay. Rezon ki baze sou nenpòt kalite diskriminasyon, lè lapenn oswa soufrans sa yo enflije atravè oswa sou enstigasyon oswa avèk konsantman oswa akize yon ofisyèl leta oswa lòt moun ki ajì nan yon pozisyon ofisyèl leta.

2. LGBTI se gwoup oryantasyon seksyèl epi idantite sèks diferan de sa moun te abitye.

Temwayaj Amnisti Entènasyonal te rasanble pou rechèch sa a tou sijere ke otorite Ameriken yo te arete ilegalman omwen senk fanm ansent san yo pa byen evalye bezwen medikal yo. Otorite Ameriken yo sanble yo te kenbe timoun ki gen laj 9 ak 14 jou epi - nan plizyè ka - separe yo ak paran yo an vyolasyon klè nan lwa entènasyonal ki pwoteje pi bon enterè timoun yo.

Anplis de sa, tout Ayisyen yo te fè entèvyou pou rapò sa a te endike otorite Ameriken yo pa t teste yo pou Kovid-19 oswa yo pa t ofri yo vaksen nan nenpòt moman pandan detansyon yo oswa anvan ekspilasyon yo, ni pou pifò nan yo te ba yo mezi prevansyon ak mezi kontwòl enfeksyon, tankou distans fizik oswa mete mask. Sa afèbli reklamasyon ekspilasyon Dekrè lwa 42 yo fèt pou anpeche Kovid-19 epi li sijere akèl jan privasyon libète yo te abitrè, epi te echwe pou satisfè prensip nesite oswa ekilib ki nesè pou jistifye yon detansyon sou rezon sante piblik dapre lalwa entènasyonal sou dwa moun .

Rechèch sa a repete rekòmandasyon Amnisti Entènasyonal anvan yo te bay leta peyi atravè Amerik yo pou yo sispann tout depòtasyon ann Ayiti pandan kriz dwa moun ak kriz imanite ki ap kontinye epi vin pimal. Epitou li mande leta peyi yo pou yo bay Ayisyen aksè nan sistèm pwoteksyon yo san okenn diskriminasyon, ki gen ladann evalyasyon ekitab epi endividyèl pou estati refijye yo, ak lòt mwayen pou regilarize estati yo atravè rezidans legal ak garanti apwopriye, ann akò ak tou de Konvansyon Refijye Nasyonzi yo epi Deklarasyon Katajena (Cartagena).

RAS AK MASPINAY MIGRASYON AYISYEN YO NAN DETANSYON IMIGRASYON ETAZINI

Konklizyon yo nan rechèch sa a konplete prèv yo te prezante nan plizyè rapò Amnisti Entènasyonal te fè anvan ki te detaye kijan otorite Ameriken yo regilyèman kenbe imigran ak moun k ap chèche azil yo, ki gen ladann timoun yo, ak moun Nwa ak LGBTI k ap chèche azil, nan fason ki ka maspinay oswa lòt move tretman, epi souvan fòse yo pou yo abandone reklamasyon yo oswa pou dekouraje lòt moun k ap chèche azil yo.

Tout Ayisyen yo te fè entèvyou pou rapò sa a rakonte yo te fè eksperyans tretman ki reprezante move tretman dapre lalwa entènasyonal nan sant detansyon imigrasyon Etazini, ak tretman ki konsidere kòm diskriminasyon rasyal. Anplis de sa, jan prèv ki montre nan rapò sa a sijere, pratik move tretman, ki pafwa monte nan nivo maspinay, anvè Ayisyen yo gaye toupato epi yo te fèt istorikman nan diferan moman ak nan diferan kote, ki montre yon sans manchlong, e petèt menm. tandans enstitisyonnalize nan nivo DHS ak lòt-ajans li yo pou pini epi rive dekouraje Ayisyen k ap chèche azil yo pou chèche refij Ozetazini.

Amnisti Entènasyonal kwè ke pou anpil Ayisyen ki te fè entèvyou pou rapò sa a, tretman yo te fè eksperyans nan sant detansyon Ozetazini yo - ki te gen ladann yon konbinezon malouk mankman aksè a manje, swen sante, enfòmasyon, entèprèt, ak avoka - byen vit rive nan papòt move tretman. , sankonte lè yo rive Ozetazini yo te deja viv atravè yon seri vyolasyon dwa moun, osi byen ke rasis kont moun Nwa pandan vwayaj yo. Tout domaj sa yo ansanm te vle di yo te patikilyèman sansib a plis move tretman nan men Etazini, ki patikilyèman anrasinen nan diskriminasyon akòz ras yo, nasyonalite yo, ak sityasyon migrasyon yo.

Nan deseni ki sot pase yo, otorite Ameriken yo te arete epi ekspilse Ayisyen k ap chèche azil yo sou pretèks sante piblik. Nan ane 1990 yo, otorite Ameriken yo te arete Ayisyen k ap chèche azil k ap viv ak VIH nan kan Gwanntanano (Guantanamo Bay). Lè administrasyon Baydenn nan kontinye voye Ayisyen tounen san verifikasyon laperèz kredib dapre Dekrè lwa 42 - yon desizyon sante piblik administrasyon Twonp la te aplike sou pretèks anpeche Kovid-19 - li te sèlman ranfòse tandans istorik danjere ki se pèsèpsyon wè Ayisyen kòm ki potè maladi, ki lakoz plis move pèsèpsyon ak diskriminasyon sou Ayisyen sou baz ras yo ak nasyonalite yo.

Tout Ayisyen k ap chèche azil yo te entèvyouwe pou rechèch sa a rapòte ke yo te retounen ann Ayiti nan avyon nan menòt ak chenn. Sikològ Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou ak yo, ki te pale ak plizyè santèn Ayisyen ki te ekspilse Ozetazini, konfime sa a tou pou kliyan yo. Temwayaj yo rasanble mete aksan sou gwo doulè ak soufrans sikolojik sa te lakòz pou Ayisyen yo ki asosyasyon sa ak esklavaj epi pran yo pou kriminel. Menmsi li pa klè ki jan pratik pou mete menòt ak chenn sou imigran ak moun k ap chèche azil yo gaye pandan detansyon ak depòtasyon, epi CBP pa kolekte done sou itilizasyon kontrent, pwòp politik ICE limite itilizasyon kontrent nan sityasyon kote lòt efò rezonab pou rezoud yon sityasyon echwe. Rechèch sa a jwenn ke itilizasyon kontrent sou imigran Ayisyen yo ak moun k ap chèche azil yo se maspinay ki gen pou wè ak ras epi imigran dapre lwa entènasyonal sou dwa moun.

An reyalye, tout Ayisyen yo te fè entèvyou pou rapò sa a ki te voye tounen apre evènman yo nan Del Ryo nan mwa Septanm nan, ki nan epòk la administrasyon Baydenn te rekonèt kòm “terib” akòz asosyasyon yo ak esklavaj. Malgre sa, administrasyon an te kontinye pèmèt move tretman sou Ayisyen ki nan detansyon imigrasyon, epi pi preziman nan ba yo menòt ak mete yo nan chenn. Sa sijere ke administrasyon Baydenn fè espere kontinye ekspilasyon Ayisyen Nwa yo nan chenn ak menòt - sa lakoz plis souvni doulè esklavaj ak gwo soufrans sikolojik, menm apre evènman yo nan Del Ryo. Tretman sa a se yon vyolasyon lwa entènasyonal sou

dwa moun ki mande leta peyi yo pwoteje moun kont maspinay ki baze sou vilnerabilite anpatikilye yo gen, tankou ras, estat migratè, sèks, ak nasyonalite. Anplis de sa, dapre temwayaj yo te rasanble, yo te souvan mare Ayisyen yo nan chenn devan pitit yo, sa ki te lakòz plis imilyasyon, soufrans mantal -sitou pou timoun yo- ak move tretman.

ABÒDE DISKRIMINASYON KONT MOUN NWA K AP CHÈCHE AZIL AK IMIGRAN YO FÈ FAS A SE JISTIS RASYAL

Pandan rechèch sa a, anpil ONG Ozetazini ki te dirije ak moun Nwa k ap travay ak moun k ap chèche azil ak lòt ekspè te ensiste ak Amnisti Entènasyonal sou enpòtans pou lokalize pwoblèm diskriminasyon rasyal ak laperèz moun genyen pou moun ki pa moun peyi yo nan sistèm imigrasyon yo nan mouvman mondyal kontanporen pi laj pou jistis rasyal la. Rapò sa a vize kontribye nan efò sa a.

Istwa esklavaj moun ki desandan Afriken yo ak rasis sistèmik nan epòk kounya yo se yon aspè kritik nan rapò sa a. Apati temwayaj avoka, ak ekspè akademik, ansanm ak materyèl istorik, rechèch sa a jwenn endikatè solid ki montre diskriminasyon rasyal sistèmik, e sitou rasis kont moun Nwa, entegre ak sistèm imigrasyon Ameriken an. An reyalye, diskriminasyon rasyal parèt kòm yon faktè nan maspinay ak lòt move tretman Ayisyen yo te fè entèvyou pou rechèch sa a. Vrèmanvre, rechèch sa a endike yon chans rezonab pou anpil Ayisyen kounye a, ak nan tan lontan, te fè fas a menm tretman inegal ak diskriminatwa.

Dapre lwa entènasyonal sou dwa moun, pou adrese diskriminasyon rasyal sistèmik leta peyi yo dwe pran yon apwòch konsyan ras pou demantèlman estrikti ak pratik diskriminatwa. Amnisti Entènasyonal mande leta peyi yo pou aplike yon apwòch ki pran an konsiderasyon zafè ras moun nan travay sa. Yon apwòch ki pran ankont lefèt ke anpil nan pratik ak estrikti sa yo ki te parèt pandan kolonyalis ak esklavaj. Se sèl konsa yo ka rive reponn anbyen a obligasyon entènasyonal sou dwa moun. Nan lapratik sa vle di otorite Ameriken yo dwe pran dispozisyon pou refòm tout enstitisyon, lejislasyon, politik, ak pratik ki ka pa diskriminatwa anba je yo, men ki nan lapratik sèlman ranfòse move pèsèpsyon danjere rasyal ak sou nasyonalite.

Itilizasyon Dekrè lwa 42 se klèman yon egzanp yon politik konsa. Non sèlman li pa legalman respekte lwa ki pwoteje moun k ap chèche azil pou yo pa voye yo tounen nan malè, men tou li gen efè pou ranfòse ak move pèsèpsyon danjere ak rasis ki mennen nan vyolasyon dwa moun.

BEZWEEN POU YON ENVESTIGASYON SOU DISKRIMINASYON RASYAL KONT MOUN NWA NAN SISTÈM IMIGRASYON AMERIKEN AN

Pandan rechèch sa a, Amnisti Entènasyonal te revize ak rezime anpil prèv ki montre rasis anti-moun Nwa yo entegre nan sistèm imigrasyon Ameriken an. Malgre sa, otorite Ameriken yo pa sanble kolekte done sou patipri rasyal oswa diskriminasyon, jan estanda entènasyonal dwa moun egzije sa.

Konklizyon yo nan rechèch sa a montre nesesitye ijans pou yon ankèt sou rasis sistèmik anti-moun Nwa nan sistèm imigrasyon an ki gen ladan yon revizyon nan politik imigrasyon ak ranfòsman yo. Nan menm sans apèl plis pase 100 manm Kongrè yo te fè bay administrasyon Baydenn nan mwa Fevriye 2022, Amnisti Entènasyonal mande gouvènman Ameriken an pou l angaje l pou l ranvèse politik anti-moun Nwa yo, ann akò ak Dekrè Egzekitif 13985 sou “Avansman Ekite Rasyal ak Sipò pou Kominote ki Defavorize Atravè. Gouvènman Federal la,” epi fè yon revizyon konplè sou tretman diferan moun Nwa k ap chèche pwoteksyon nan sistèm imigrasyon Ameriken an.

1. METODOLOJI

Rapò sa a fè pati yon seri rezilta rechèch Amnisti Entènasyonal devlope depi Septanm 2021, lè òganizasyon an te kòmanse kontwòl mouvman plizyè dizèn milye Ayisyen ki t ap wayaje soti Chili ak Brezil pou ale Meksik ak Etazini.

Nan mwa Oktòb 2021, apre yon vwayaj rechèch nan Tapatchoula nan sid Meksik, Amnisti Entènasyonal ak òganizasyon Eychenn Bredj Alayens - Alyans Pon pou Ayisyen (Haitian Bridge Alliance) te pibliye yon nòt, ki rele Ensekirite tout kote nou pase (Not Safe Anywhere): *Ayisyen an depasman yo bezwen pwoteksyon entènasyonal ijan*, ki detaye kijan leta peyi atravè rejyon an pa t pwoteje Ayisyen yo kont yon seri vyolasyon dwa moun ki gen ladan detansyon ak repouse ilegal, ekstèsyon, abi tankou vyolans seksyèl gwoup ame komèt, mizè, ak rasis kont moun Nwa. Li te mande peyi nan Amerik Latin ak Karayib la pou yo bay Ayisyen mezi pwoteksyon tankou azil ak lòt wout pou yo rete legalman epi pou yo pran dispozisyon pou adrese diskriminasyon rasyal anti-moun Nwa imigran Ayisyen yo ak moun k ap chèche azil yo.

Yon ti tan apre sa, nan mwa Desanm 2021, yon kowalisasyon ONG – ki gen ladan Amnisti Entènasyonal, Sant etid sou sèks moun epi sou refijye (Center for Gender & Refugee Studies), Sant Pon pou Ayisyen (Haitian Bridge Alliance), Sant Rechèch Jistis Global nan Fakiltè Dwa NYU (Global Justice Clinic nan NYU School of Law), Gwoup api pou Rapatriye ak Refijye (Groupe d Appui aux Rapatriés et Réfugiés) (GARR) , Refijye Eentènasyonal (Refugees International), Rezo Fwotalye Jano Siksè ak Sèvis Jezwit pou imigran Ayisyen (Service Jésuite aux Migrants Haiti) – pibliye yon nòt ansanm ki se, *Ayiti: Etazin Sispann depòtasyon ak abi kont Ayisyen an depasman: Yon etap ijan nan direksyon pou kreye politik jis pou Ayisyen*. Li mande otorite Ameriken yo pou yo sispann ijan ekspilasyon papakèt yo ann Ayiti dapre Dekrè lwa 42.

Rapò sa a baze sou rechèch anvan sa a. Li te vize konprann sitiyasyon Ayisyen yo fè fas Ozetazini lè y ap chèche sekirite la, ak sa k ap pase apre otorite Ameriken yo mete yo deyò. Pwen depa li se te yon lòt 24 entèvyou apwofondi Amnisti Entènasyonal te fè ak moun otorite Ameriken yo te ekspilse ann Ayiti ant Desanm 2021 ak Mas2022. Akòz gwo enkyetid sekirite ann Ayiti, entèvyou yo te fèt sitou atravè apèl telefòn ann Ayiti ak sipò konsiltan ki pale kreyòl Ayisyen. Avèk asistans yo, Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou tou ak reprezantan diferan ajans Nasyonzi ki ap travay sou Ayiti ak kat òganizasyon dwa moun ak imanitè ki t ap reponn ann Ayiti a depòtasyon yo, ansanm ak plizyè sikològ, twa ladan yo ki te bay asistans sikolojik plizyè santèn moun Etazini te ekspilse yo. Pou sekirite yo, ak/oswa sou demann yo, non òganizasyon sa yo ak moun yo pa p site .

Nan kad rechèch sa a, chèchè Amnisti Entènasyonal yo te fè entèvyou tou ak plis pase 10 ONG, avoka, ak ekspè akademik ki baze Ozetazini. Sa enkli òganizasyon dwa moun ki baze Ozetazini ak kowalisyon ki te dirije defans pou jistis rasyal nan kontèks Etazini sou sistèm imigrasyon pandan plizyè ane, ki gen ladan Kominote Afriken Ansanm, Alyans Moun Nwa pou yon Imigrasyon Jis (Black Alliance for Just Immigration), Rezo Moun Nwa ki pa gen dokiman legal (UndocuBlack), Alyans Pon pou Ayisyen (Haitian Bridge Alliance), ak Konferans Lidèchip sou Dwa Sivil ak Dwa Moun.

Òganizasyon an te rankontre tou ak yon seri ekspè ak avoka ki te rive bay yon pèspektiv alontèm ak yon kontèks latrèye ekspilasyon gouvènman Ameriken an ap fè jou sa yo. Anplis de sa, chèchè yo te revize atik ak liv espesyalis nan domèn nan, yo li dokiman legal ki pase ak ki fèt ekri yo ki gen rapò ak tretman imigran Ayisyen yo ak moun k ap chèche azil yo nan peyi Etazini, epi yo te revize travay istorik Amnisti Entènasyonal sou pwoblèm sa a.

Amnisti Entènasyonal te mande fòmèlman pou fè entèvyou ak yon seri ajans gouvènman Ameriken an nan kad rechèch li yo, tankou DHS, ICE, CBP, ak CRCL. Pandan ke tout otorite sof Biwo Medyatè Detansyon Imigrasyon an te refize demann pou rankontre sou entènèt ak Amnisti Entènasyonal, yo te mande òganizasyon

an voye kesyon alekri, yo te bay repons alekri. Sa yo te pran an konsiderasyon nan devlopman rechèch sa a, menm jan ak reyinyon an ak Biwo Medyatè Detansyon nan Imigrasyon.

Amnisti Entènasyonal ta renmen di yon mès espesyal pou moun ki te ekspilse ann Ayiti ki te pale ak òganizasyon an nan kad rechèch sa a. Akòz kondisyon difisil Ayisyen yo retounen, nan moman entèvyou yo anpil moun te nan sitiasyon difisil men yo te pran tan pou yo konfye temwayaj yo bay òganizasyon an. Amnisti Entènasyonal ta renmen remèsye tou de konsiltan ki te travay sou rapò sa a pou angajman yo nan travay la malgre enkyetid sekirite yo, dwa moun ak kriz imanite k ap kontinye ap fè fas Ayiti, ak defi komunikasyon ki gen rapò ak entèripsyon regilye entènèt ak elektrisite te bay.

Amnisti Entènasyonal ta renmen rekonèt epi bay valè a travay enpòtan a òganizasyon moun Nwa ak Ayisyen ap dirije ki baze Ozetazini yo ki ap defann kèk nan pwoblèm ki souleve nan rapò sa a pandan plizyè ane epi rapò sa a ap baze sou travay yo. Ozetazini

Plizyè òganizasyon ak moun te pale ak Amnisti Entènasyonal sou kondisyon pa site non yo epi ba yo lòt non pou fè referans ak kèk nan moun nou te fè entèvyou nan rapò sa a, ki endike ak yon asterisk (*) apre non yo.

2. ENTWODIKSYON

Rapò sa a fè espere bibliye nan yon ane anivèsè evènman ki te fèt nan Del Rio, Tekzas, pandan ke ofisye patwouy fwontyè sou cheval te fè va sou foul Ayisyen k ap chèche azil, yo te gaye yo ak vyolans, yo t ap pase yo nan betiz, epi yo te fòse yo pou pa rapwoche sekirite³.

Vis Prezidan Kamala Harris te di konsènan ensidan an, “Kòm nou tout konnen li te evoke imaj kèk nan pi move moman nan istwa nou an kote yo te itilize kalite konpòtman sa a kont pèp endijèn nan peyi nou an, yo te itilize kont Afriken Ameriken pandan tan. nan esklavaj⁴.”

Aprè sa, Komisyon Entè-Ameriken sou Dwa Moun ak Rapòtè Espesyal Nasyonzini sou dwa moun imigran yo te kondane itilizasyon twòp fòs ak depòtasyon 5 ki vin aprè yo.

Nan mwa Septanm 2021, Anwaye Espesyal Etazini ann Ayiti te demisyone poutèt depòtasyon papakèt “ki pa pran moun pou moun” administrasyon Baydenn te fè sou Ayisyen⁶. Nan mwa Oktòb, pandan yon gwo konseye legal Depatman Deta Etazini te demisyone, li te kondane Dekrè lwa 42 kòm “ilegal⁷” ki itilize pou ekspilse Ayisyen k ap chèche azil papakèt.

Kèk mwa aprè, ONG Alyans Pon pou Ayisyen (Haitian Bridge Alliance) atake lajistis gouvènman Baydenn la poutèt li pa t reyaji kòm sadwa devan Ayisyen ki te rive sou fwontyè Etazini ak Meksik la, yon ka ki ap kontinye⁸.

Aprè sa, administrasyon Baydenn te angaje nan yon ankèt. Men, CBP bibliye rapò ankèt la an jiyè 2022, malgre li rekonèt “itilizasyon fòs ki pat oblije kont imigran ki t ap eseye antre Ozetazini ak manje⁹”, konkli pou di ajan patwouy fwontyè yo o pat rive frape espere youn nan Ayisyen yo ak frèt ki te nan men yo. Men ankèt la echwe pou fè entèvyou ak okenn nan Ayisyen ki te prezan yo, sa fè moun pa twò kwè nan rezilta sa. An repons a kesyon sou envestigasyon sou evènman yo nan Del Rio, CRCL te di Amnisti Entènasyonal li te fini tou yon ankèt sou: “1) akizasyon sou tretman diferan nan imigran moun Nwa yo; 2) akizasyon diskriminasyon kont imigran Ayisyen; 3) Règleman ak pwosedi pwogram Patwouy sou Cheval CBP (Horse Patrol); 4) kondisyon nan zòn twòp moun anba pon entènasyonal Del Rio-Siyoudad Akounya (Ciudad Acuña).” Dapre enfòmasyon yo te resevwa nan men CRCL nan mwa jen 2022, li t ap “elabore yon memo ak rezilta ak rekòmandasyon li yo.”¹⁰

Evènman lawont sa yo nan Del Rio te dewoule pandan konvèsasyon mondyal sou ras ak diskriminasyon sistèmik te ap fèt aprè asasina ak maspinay ilegal Jò Flòyd (George Floyd) nan mwa Me 2020.¹¹

3. Amnisti Entènasyonal, “Administrasyon Biden dwe rann Ofisye CBP yo responsab epi retabli aksè a Azil pou tout migran Ayisyen yo”, 24 Septanm 2021, [amnestyusa.org/press-releases/biden-administration-must-hold-cbp-officers-accountable-and-restore-access-to-asylum-for-all/](https://www.amnestyusa.org/press-releases/biden-administration-must-hold-cbp-officers-accountable-and-restore-access-to-asylum-for-all/)

4. CNBC, POLITICS, “Biden kondane ajan Patwouy Fwontyè yo pou jan yo trete migran Ayisyen yo, pwomès yo pral fè fas a konsekans yo”, 24 Septanm 2021, [cnbc.com/2021/09/24/biden-kondann-border-patrol-treatment-of-haitian-migrants-in-del-rio.html](https://www.cnbc.com/2021/09/24/biden-kondann-border-patrol-treatment-of-haitian-migrants-in-del-rio.html)

5. IACHR, “IACHR ak rapòtè espesyal UN nan kondane jan yo yo itilize fòs depase ak jan yo depòte imigran Ayisyen nan fwontyè sid Lèzetazini”, 4 Oktòb 2021, [oas.org/en/iachr/jsForm?File=/en/iachr/media_center/preleases/2021/260.asp](https://www.oas.org/en/iachr/jsForm?File=/en/iachr/media_center/preleases/2021/260.asp)

6. Journal Guardian “Anwaye Ameriken an Ayiti a demisyone poutèt desizyon kriyèl ki te pran pou depòte imigran yo,” 23 Septanm 2021, theguardian.com/us-news/2021/sep/23/haity-us-envoy-resigns-daniel-foote-migrant-deportations-letter, C-Span, “U.S. Policy Toward Haitian Migrants”, 7 Oktòb 2021, c-span.org/video/?515199-1/us-policy-haitian-migrants

7. Journal Politico, “Yon Konseye antèt gouvènman an kite pòs li, pou jan Bayden sèvi ak Dekrè lwa 42 epòk Twonp lan”, 10 Oktòb 2021, [politico.com/news/2021/10/04/top-state-adviser-leaves-post-title-42-515029](https://www.politico.com/news/2021/10/04/top-state-adviser-leaves-post-title-42-515029). Gade tou: [politico.com/f/?id=0000017c-4c4a-dddc-a77e-4ddb3ae0000](https://www.politico.com/f/?id=0000017c-4c4a-dddc-a77e-4ddb3ae0000)

8. Journal New York Times, “Imigran Ayisyen yo depoze yon plent pou pwoteste kont tretman ofisye patwouy fwontyè yo,” 20 Desanm 2021, [nytimes.com/2021/12/20/us/politics/haitian-migrants-biden-border-lawsuit.html](https://www.nytimes.com/2021/12/20/us/politics/haitian-migrants-biden-border-lawsuit.html)

9. Biwo Responsablite Pwofesyonèl Ladwàn ak Fwontyè Etazini, Rapò Envestigasyon, 202112280, p. 5, [cbp.gov/sites/default/files/assets/documents/2022-Jul/202112280-cbp-closing-report-public-redacted-final.pdf](https://www.cbp.gov/sites/default/files/assets/documents/2022-Jul/202112280-cbp-closing-report-public-redacted-final.pdf)

10. Repons Biwo pou Dwa Sivil ak Libète Sivil (CRCL) a kesyon alekri Amnisti Entènasyonal te soumèt, te resevwa 27 Jen 2022, nan dosye Amnisti Entènasyonal.

11. Amnisti Entènasyonal, “Etazini: Amnisti Entènasyonal bay yon milyon siyati pou mande jistis pou Jò Flòyd (George Floyd)”, 6 Oktòb 2020, [amnesty.org/en/latest/news/2020/10/usa-amnesty-international-delivers-one-million-signatures-calling-for-justice-for-george-floyd/](https://www.amnesty.org/en/latest/news/2020/10/usa-amnesty-international-delivers-one-million-signatures-calling-for-justice-for-george-floyd/), Debora Douglas Krizafis (Deborah Douglas, Angélique Chrisafis) ak Amna Moden (Aamna Mohdin), “Yon ane aprè, ki jan asasina Jò Flòyd

Mwa anvan, nan mwa Janvyè 2021, administrasyon Baydenn te pibliye tou Dekrè Egzekitif 13985, sou “Avansman Ekite Rasyal ak Sipò pou Kominote ki pa Desèvi Atravè Gouvènman Federal la,” ki pami lòt bagay egzije gouvènman Ameriken an avanse egalite pou “istorikman defavorize” ak gwoup “majinalize”, ki gen ladan moun Nwa.¹²

Amnisti Entènasyonal gen yon gwoup rechèch ki dokimante diskriminasyon rasyal sistèmik nan yon kontèks lapolis Ameriken ki soti nan omwen ane 1990.¹³ yo. Anplis de sa, nan 2020 òganizasyon an te jwenn fòs lapolis atravè USA a te komèt vyolasyon¹⁴ dwa moun toupatou an repons a gwo rasanbleman pasifik pou pwoteste jisteman a kalite rasis sistèmik ak vyolans lapolis. Li te dokimante tou pou plizyè deseni diskriminasyon rasyal nan itilizasyon pèn demò nan Etazini¹⁵.

Amnisti Entènasyonal tou gen yon gwoup travay ki dokimante detansyon istorik, esklizyon, ak ekspilsyon Ayisyen nan peyi Etazini. An reyalyte, pandan rechèch sa a, anpil ekspè sou imigrasyon Ayisyen nan peyi Etazini¹⁶ te dakò ke gen paralèl klè ant latriye ekspilsyon aktyèl la dapre Dekrè lwa 42 ak fason moun k ap chèche azil Ayisyen k ap viv ak VIH yo te mete nan karantèn nan Gwantanamobe (Guantanamo Bay) nan ane 1990 yo. An reyalyte, anpil moun nou te fè entèvyou pou rechèch sa a di jan Etazini te itilize istorikman jistifikasyon sante piblik, anrasinen nan santiman anti-moun Nwa ak laperèz pou moun ki pa moun peyi a pou jistifye ekspilsyon Ayisyen yo.

Nan travay akademik li a, E. Tendayi Achiume, Pwofesè dwa nan UCLA epi ansyen Direktè Fakiltè nan Enstiti Pwomès Lalwa pou Dwa Moun, refere a kontwòl fwontyè aktyèl la kòm “teknoloji rasyal” - yon pati nan yon sistèm nan “lwa ras net sou figi. ak politik” li diskite se yon ekstansyon modèn nan diskriminasyon rasyal, ki anrasine nan apwòch kolonyal nan imigrasyon. Achiume diskite plis ke ras poukont li i ta dwe konsidere kòm yon fwontyè, kote moun ki di yo gen ras blan jwenn bon avantaj nan migrasyon entènasyonal, epi yo di ki gen ras Nwa fè eksperyans eksklizyon oswa enklizyon sou tèm sibòdone. Nan travay li li envite aktè dwa moun yo pou yo entèwoje ak dokimante pwoblèm nan diskriminasyon rasyal nan imigrasyon pi pre¹⁷.

Nan yon entèvyou ak Amnisti Entènasyonal, li te di: “Fason moun k ap deplase yo fè eksperyans fwontyè yo, kèk nan yo kapab ekspri fason ras yo te fòme fason yo ap deplase nan yon fason trè konkrè. Gen lòt ki pa menm nonmen eksperyans yo genyen kòm eksperyans ras yo afekte. Men, lè w reflechi sou estrikti k ap fè travay la pou detèmine ki moun ki mete nan yon liy ak ki moun ki mete nan yon lòt, ras ak rasyalizasyon se definitivman yon pati nan pwoblèm nan.

Nan menm fason sa a, pandan rechèch sa a, anpil ONG ki baze Ozetazini k ap travay ak moun Nwa k ap chèche azil yo te ensiste pou Amnisti Entènasyonal enpòtans pou lokalize pwoblèm diskriminasyon rasyal ak laperèz pou moun ki pa moun peyi an nan sistèm imigrasyon yo nan mouvman modèn mondyal ki pi laj pou jistis rasyal la.

Rapò sa a vize jisteman kontribye nan efò sa a. Rechèch la, ki baze sou entèvyou ak 24 Ayisyen otorite Ameriken yo te ekspilse, e ki te baze sou ekspè akademik, avoka, prèv istorik, ansanm ak deklarasyon gouvènman Ameriken an, mete aksan sou istwa esklavaj ak diskriminasyon rasyal sistèmik Etazini ak Ayiti pataje, woutin. detansyon papkèt, ekspilsyon, ak jan administrasyon ki pase yo Etazini bay ,dekourajman a Ayisyen k ap chèche azil epi dokimante maspinay ki gen pou wè ak ras epi imigrasyon sou Ayisyen yo nan detansyon imigrasyon Etazini.

(George Floyd) te chanje mond lan”, 22Me2021, [theguardian.com/us-news/2021/may/22/george-floyd-murder-change-across-world-blm](https://www.theguardian.com/us-news/2021/may/22/george-floyd-murder-change-across-world-blm) .

12. Dekrè Egzekitif 13985, Avanse Ekite Rasyal ak Sipò pou Kominote ki pa Desèvi Atravè Gouvènman Federal la, 20 Janvyè 2021, [whitehouse.gov/briefing-room/presidential-actions/2021/01/20/executive-order-advancing-racial-equity-and-support-for-underserved-communities-through-the-federal-government/](https://www.whitehouse.gov/briefing-room/presidential-actions/2021/01/20/executive-order-advancing-racial-equity-and-support-for-underserved-communities-through-the-federal-government/)

13. Pran pou egzanp: Amnisti Entènasyonal, Etazini nan Amerik: maspinay, move tretman ak jan lapolis bouskile moun nan Los Angeles, Kalifòni (AMR 51/076/1992), 31Me1992, [amnesty.org/en/documents/amr51/076/1992/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/076/1992/en/)

14. Amnisti Entènasyonal, USA: Mond lan ap gade: Vyolasyon papakèt lapolis Ameriken sou dwa manifestan Black Lives Matter (AMR 51/2807/2020), 4 Out2020, [amnesty.org/en/documents/amr51/2807/2020/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/2807/2020/en/)

15. Gade pa egzanp: Amnisti Entènasyonal, Etazini: Devlopman sou pèn demò pandan 1993 (AMR 51/002/1994), premye (1) Mas1994, [amnesty.org/en/documents/amr51/002/1994/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/002/1994/en/) Amnisti Entènasyonal, Etazini: Pèn demò nan Jòjya (Georgia): rasis, abitrè ak enjis (AMR 51/025/1996), 31Me1996 [amnesty.org/en/documents/amr51/025/1996/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/025/1996/en/)

16. Amnisti Entènasyonal, EtaziniA: Ayisyen k ap chèche azil (Index: AMR 51/71/91), 20 Desanm 1991, [amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/amr510711991en.pdf](https://www.amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/amr510711991en.pdf), Amnisti Entènasyonal, Etazini: Echèk pou pwoteje refijye Ayisyen yo, (Index: AMR 51/31/93), Avril 1993, [amnesty.org/ar/documents/amr51/031/1993/en/](https://www.amnesty.org/ar/documents/amr51/031/1993/en/), Amnisti Entènasyonal, Pri rejè a - Konsekans dwa moun pou moun k ap chèche azil Ayisyen yo rejte (AI Index: AMR 51/31/94), Me1994, [amnesty.org/en/documents/amr51/031/1994/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/031/1994/en/), Amnisti Entènasyonal, “Kesyonman sou prosesis rapatriman Ayisyen delegasyon Amnisti Entènasyonal late fè an retounen soti Gwantamo (Guantanamo)”, 28Septanm 1994., [amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/nws112251994en.pdf](https://www.amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/nws112251994en.pdf), Amnisti Entènasyonal, Etazini “Mwen pa yon prizonye. Poukisa yo ta dwe trete mwen konsa?” : Fanm k ap chèche azil yo pase mizè paske leta pa arive pwoteje yo (AI Index: AMR 51/028/01), Mas2001, [amnesty.org/en/documents/AMR51/028/2001/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/AMR51/028/2001/en/), Amnisti Entènasyonal, “Etazini: Sispann fè diskriminasyon kont Ayisyen k ap chèche azil yo”, 29 Avril 2002, [amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/amr510662002en.pdf](https://www.amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/amr510662002en.pdf)

17. Tendayi Achiume, “Limit ras,” 110 jounal dwa Georgetown445 (2022), UCLA Lekol dwa, Rechèch lwa piblik No. 21-33, Me2022, papers.ssrn.com/sol3/papers.cfm?abstract_id=3962563

3. RASIS SISTEMIK KONT MOUN KI DESANDAN AFRIKEN

“Rasis sistemik kont Afriken ak moun ki desandan Afriken yo, ki gen rapò ak rasis estriktirèl epi enstitisyonèl, ka rive konprann kòm operasyon yon sistèm konplèks, ki gen rapò ak lalwa, politik, pratik ak atitid nan enstitisyon leta yo, sektè prive a ak sosyete a. estrikti ki, ansanm, lakòz nan yon sans dirèk oswa endirèk, entansyonèl oswa san entansyonèl, diskriminasyon dapre lalwa oswa defakto, distenksyon, esklizyon, restriksyon oswa preferans sou baz ras, koulè, desandan oswa orijin nasyonal oswa etnik. Rasis sistemik souvan manifeste tèt li nan estereyotip move pèsepsyon rasyal ki toujou la, prejije ak patipri epi li souvan anrasine nan istwa ak eritaj nan esklavaj, komès transatlantik nan fè Afriken esklav epi kolonyalis.

Rapò Wo Komisyonè Nasyonzi pou Dwa Moun, Pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun ak libète fondamantal Afriken yo ak moun ki desandan Afriken yo kont itilizasyon fòs ki depase ak lòt vyolasyon dwa moun ofisye lapolis yo komèt, 1 Jjen 2021, UN Doc. : A/HRC/47/53, para. 9

3.1 ERITAJ ESKLAVAJ NAN ETAZINI AK AYITI

Pou analize fòm rasis sistèmik yo kounye a, lwa entènasyonal dwa moun rekonèt li enpòtan pou gade rezon istorik diskriminasyon¹⁸. Tankou istwa fè moun ki desandan Afriken esklav epi fòm kontanporen nan rasis sistèmik se yon seri kritik nan rapò sa a.

Pou rezon rechèch sa a, Amnisti Entènasyonal pral sèvi ak definisyon rasis sistèmik Wo Komisyonè Nasyonzini pou Dwa Moun (OHCHR). R la te adopte. Dapre OHCHR “rasis sistèmik kont Afriken yo ak moun ki desandan Afriken yo, ki gen ladan l, jan sa gen a wè ak rasis estriktirèl ak enstitisyonèl, ki ka rive konprann nan sans operasyon yon sistèm konplèks, ki gen rapò ak lwa, politik, pratik ak atitid nan enstitisyon Leta yo. sektè prive a ak estrikti sosyete a ki, ansanm, lakòz dirèk oswa endirèk, entansyonèl oswa pa entansyonèl, diskriminasyon dapre lalwa oswa defakto, distenksyon, esklizyon, restriksyon oswa preferans sou baz ras, koulè, desandan oswa orijin nasyonal oswa etnik. Rasis sistèmik souvan manifeste tèt li nan pèsèpsyon rasyal ki toujou la, prejije ak patipri epi li souvan anrasin nan istwa ak eritaj nan esklavaj, komès transatlantik Afriken yo te fè esklav epi kolonyalis.”¹⁹

Moun ki desandan Afriken ann Ayiti ak Etazini pataje yon istwa esklavaj. Ant sèzyèm ak dizivyèm syèk la, yo estime ke Ameriken ak Ewopeyen te mete nan esklavaj apeprè 28 milyon Afriken²⁰. Pifò nan yo te mennen nan Amerik yo nan bato epi yo te trete kòm kago. Anpil moun te mouri pandan vwayaj la. Yo te andire travèsè Atlantik la souvan mare ak chenn nan espas kounouk.²¹

Esklavaj rekonèt nan lwa entènasyonal kòm yon krim kont limanite²². Imaj ki soti nan peryòd komès esklav transatlantik la detaye gwo abi dwa moun, tankou maspinay sistematik ak lòt move tretman. Chenn ak menòt te vin sanble degout dlo ak esklavaj moun desandan Afriken yo.

Deplizanpli rechèch nan domèn sikoloji sijere ke chòk tankou sa esklavaj te pwodwi, oswa olokòs la, pa fini ak sivivan dirèk li yo, men yo ka pase nan jenerasyon ki vin apre yo ki rive kreye chòk de jenerasyon an jenerasyon. Rechèch sa yo montre malè istorik yo kontinye gen enpak modèn.²³

Malgre vyolans brital yo te itilize pou aplike esklavaj, moun ki te desandan Afriken istorikman te reziste kont esklavaj nan plizyè fason. Ayiti se te premye repiblik moun Nwa nan mond lan ak premye leta endepandan Karayib²⁴ la. Men, an echanj pou rekonesans souvèrènte li, Lafrans te fòse Ayiti, ak desandan esklav yo, peye gwo kantite lajan dèt sou plizyè jenerasyon. Dapre kèk kalkil, ki ekivalan a 560 milya dola nan lajan jodi a, lajan ki te ka envesti nan kwasans peyi a, kèk estimasyon montansa fè konprann yon pèt 115 milya dola pou Ayiti.²⁵

18. Asanble Jeneral Nasyonzini, Fòm tan ki pa lontan rasis, diskriminasyon rasyal, laperèz pou moun ki pa moun peyi ani ak entolerans ki gen rapò, 22 Oktòb 2021, Dok. A/76/434, para. 3 “Istorikman, kategori rasyal moun yo te itilize pandan kolonyalis Ewopeyen an pou distribiye dwa ak resous pami pèp yo (A/HRC/41/54, paraz. 22–26). Yo te itilize konsèp ras la pou natirize inegalite ak enjistis moniman sou baz byolojik. Nan Konferans lan, Eta Manm Nasyonzini yo te repete rejte yo nan “nenpòt doktrin siperyorite rasyal”, ansanm ak teyori ki “eseye detèmine egzistans sa yo rele ras imen diferan”.⁵ An menm tan, nan tout Konferans lan, dokiman rezilta, Deklarasyon Durban ak Pwogram Aksyon, Eta Manb yo te chèche tou konfwonte reyalyite a ki, kòm konstriksyon sosyal, ras, etnisite, orijin nasyonal ak lòt kategori ki gen rapò kontinye detèmine aksè ak jwi dwa fondamantal yo. Enpak estriktirèl flagran disproporsyon pandemi COVID-19 la sou moun ki gen diferan orijin rasyal, etnik ak nasyonal montre pèsistans sa yo ak lòt kategori yo k ap fè respekte yerachi pami èt imen ak atravè fwontyè yo.”

19. Rapò Wo Komisyonè Nasyonzini pou Dwa Moun, Pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun ak libète fondamantal Afriken yo ak moun ki desandan Afriken yo kont itilizasyon twòp fòs ak lòt vyolasyon dwa moun ofisye lapolis yo komèt, 1 Jen 2021, UN Doc.: A/HRC/47/53, para. 9.

20. UNESCO, Geri blesi komès esklav ak esklavaj, 21 Janvyè 2021, unesco.org/en/articles/launch-report-healing-wounds-trans-atlantic-slave-trade-and-slavery

21. UNESCO, Geri blesi komès esklav ak esklavaj (te deja site), Background.

22. Trete Wòm sou Tribinal Kriminèl Entènasyonal la, Atik 7(c).

23. UNESCO, Gerizon blesi komès esklav ak esklavaj (te deja site).

24. Endepandans Ayiti 1804-1805, library.brown.edu/haitihistory/1.1.html (verifye 26 JUNE 2022).

25. Constant Méheut, “Kijan (ak poukisa) nou kalkile valè peman Ayiti yo bay Lafrans”, 25Me2022, New York Times, [nytimes.com/2022/05/25/reader-center/haiti-france-debt-payments.html](https://www.nytimes.com/2022/05/25/reader-center/haiti-france-debt-payments.html)

3.2 RASIS KONT MOUN NWA NAN PEYI ETAZINI

“Rasis sistemik pèsiste, angrann pati, akòz move konsepsyon kòm kwa abolisyon esklavaj la, fen komès transatlantik Afriken yo te fè esklavaj epi kolonyalis, ak mezi Leta yo te pran jiska prezan, te retire estrikti diskriminatwa rasyal ki te konstwi atravè pratik sa yo epi ki te kreye. sosyete egalite.”

Rapò Wo Komisyonè Nasyonzi pou Dwa Moun, Pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun ak libète fondamantal Afriken yo ak moun ki desandan Afriken yo kont itilizasyon fòs depase ak lòt vyolasyon dwa moun pa ofisye lapolis yo, 1 jen 2021, UN Doc. : A/HRC/47/53, Para: 10

Yon gwo kantite rechèch bay endikasyon sou fason rasis sistemik manifeste jodi a nan peyi Etazini nan tout aspè nan lavi, ki mennen nan vyolasyon dwa moun pou moun ak kominote ki sibi rasis sistemik.

Dapre Rapòtè Espesyal Nasyonzi pou Dwa Moun, Pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun ak libète fondamantal Afriken yo ak moun ki desandan Afriken yo kont itilizasyon fòs depase ak lòt vyolasyon dwa moun pa ofisye lapolis yo, 1 jen 2021, UN Doc. : A/HRC/47/53, Para: 10

Amnisti Entènasyonal gen tou yon gwoup rechèch ki dokiman diskriminasyon rasyal sistemik Ozetazini nan yon pakèt domèn depi plizyè dizèn ane. Moun Nwa Ozetazini gen plis chans pou yo fè fas ak vyolasyon dwa moun nan yon kontèks aksyon polisye²⁷, yo gen plis enpak sou pèn demò²⁸ a, epi nan kèk katye yo ap viv ak plis siveyans,²⁹ CCTV. Fanm Nwa yo tou sibi nan sans dezakilè pou vyolans ak abi sou entènèt, e dapre yon rechèch yo gen 84% plis chans pase fanm Blan yo pou yo sibi yo nan twit ki pale yo mal. ³⁰

Lòt rechèch te konfime jis ki jan diskriminasyon rasyal entegre nan lavi chak jou. Dapre yon sondaj reprezantatif nasyonal Radyo Piblik Nasyonal (National Public Radio) Fondasyon Robèt Woud Djonsonn (Robert Wood Johnson Foundation), ansanm ak lekòl Sante Piblik Avad (Harvard T.H. Chan School of Public Health) te fè nan 2017, moun Nwa Ameriken yo te gen kat fwa plis chans pase blan yo rapòte diskriminasyon rasyal ki gen rapò ak salè egal oswa pou yo te konsidere pou pwomosyon³¹. Anplis de sa, mwaye nan Ameriken Nwa yo rapòte pèsònèlman fè eksperyans diskriminasyon lè yo kominike avèk lapolis epi yo te gen senk fwa plis chans pase Ameriken Blan yo rapòte eksperyans sa a.

Ameriken Nwa yo gen plis chans pou yo arete, kondane ak ale nan prizon pase nenpòt lòt gwoup. Dapre yon rechèch lekòl NYU ak Alyans moun Nwa pou yon imigrasyon Jis (Black Alliance for Just Immigration), yo arete moun Nwa yo 2.5 fwa pousantaj moun Blan yo, epi yo gen plis chans pou yo kondane yo nan prizon..³²

26. Rapòtè Espesyal Nasyonzi pou Dwa Moun, Rapò Rapòtè Espesyal la sou povrete ekstrèm ak dwa moun sou misyon li nan Etazini nan Amerik, 4Me2018, Nasyonzi Doc. A/HRC/38/33/Add.1, para. 54.

27. Gade pa egzanp: Amnisti Entènasyonal, Etazini: Maspinay, move tretman ak fòs twòp lapolis ekzès nan Los Angeles, Kalifòni (ki te site deja), International, USA: The world is watching: Mass violations by U.S. police of Black Lives Matter dwa manifestan yo (te site deja).

28. Amnisti Entènasyonal, “Etazini: Teknoloji rekonesans vizaj ki ranfòse polisye rasis kap fouye moun nan New York”, 15 Fevriye 2022, [amnesty.org/en/latest/news/2022/02/usa-facial-recognition-technology-reinforcing-racist-stop-and-frisk-policing-in-new-york-new-research/](https://www.amnesty.org/en/latest/news/2022/02/usa-facial-recognition-technology-reinforcing-racist-stop-and-frisk-policing-in-new-york-new-research/)

29. Gade pa egzanp: Amnisti Entènasyonal, Etazini nan Amerik: Devlopman sou pèn demò pandan 1993 (AMR 51/002/1994), 1ye Mas1994, [amnesty.org/en/documents/amr51/002/1994/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/002/1994/en/), Amnisti Entènasyonal, Etazini: Pein de lanmò nan Georgia: rasis, abitrè ak enjis (AMR 51/025/1996), 31Me1996 [amnesty.org/en/documents/amr51/025/1996/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/025/1996/en/)

30. Amnisti Entènasyonal, “Konklizyon patwouy trol yo: Sèvi ak enfòmasyon patisipatif sou, Syans Motè aprantisaj pou mezire vyolans ak abi kont fanm sou Twitter”, 2018, [decoders.amnesty.org/projects/troll-patrol/findings/what-did-we-find-container](https://www.amnesty.org/en/projects/troll-patrol/findings/what-did-we-find-container)

31. Radyo Piblik Nasyonal, Fondasyon Wobè Woud Johnson (Robert Wood Johnson), ak Lekòl Sante Piblik Harvard T.H. Chan, Diskriminasyon nan Amerik: Sondaj final, Janvyè 2018, cdn1.sph.harvard.edu/wp-content/uploads/sites/94/2018/01/NPR-RWJF-HSPH-Discrimination-Final-Summary.pdf

32. Morgan-Trostle, M., Zheng, K. & Lipscombe, C., Eta Imigran Nwa yo. Alyans Nwa pou Imigrasyon Jis ak NYU Lekòl Dwa, Dwa Imigran, 2016, [oir.sccgov.org/sites/g/files/exjcpb1026/files/sobi-deprt-blk-immig-crim-sys.pdf](https://www.oir.sccgov.org/sites/g/files/exjcpb1026/files/sobi-deprt-blk-immig-crim-sys.pdf)

Lwa entènasyon dw moun mande leta peyi yo elimine tout fòm diskriminasyon rasyal, ki anndan sistèm imigrasyon yo. Dapre OHCHR, elimine rasis sistèmik ak diskriminasyon entèseksyon gen ladann “refòme enstitisyon, lejislasyon, politik ak pratik ki pa kapab diskriminatwa nan objektif men ki diskriminatwa nan rezilta ak efè.”³³

ENTÈDIKSYON SOU DISKRIMINASYON RASYAL NAN MIGRASYON

Prensip egalite ak non-diskriminasyon mache nan tout estanda entènasyon dw moun ak lalwa epi yo vize reyalize egalite fòmèl nan lalwa ak nan lapratik.³⁴

Men, deplizanpli gen rekonesans nan lwa entènasyon dw moun ak rechèch sou lwa imigrasyon, politik ak pratik yo ki byen lwen parapò a netralite ras, menm si sa ta sanble sa.. Nan lapratik, nan anpil kote nan mond lan, imigran ki pa blan yo pi vilnerab a diskriminasyon pase imigran blan, kèlkeswa nasyonalitye yo.³⁵

Jan Rapòtè Espesyal la te mete aksan sou fòm kontanporen rasis, diskriminasyon rasyal, laperèz pou moun ki pa moun peyi an ak entolerans ki gen rapò ak li nan rapò 2018 li a, tout moun ta dwe gen dwa ak diyite. Reyalite a, poutan, se ke leta peyi atravè yon seri de kondisyon teknik - tankou paspò, prèv estati imigrasyon oswa sitwayènte - prekondisyon pou jwi totalman dwa moun.³⁶ Dapre Rapòtè Espesyal la, politik ak lwa sa yo ki bay aksè a sitwayènte, nasyonalitye ak estati imigrasyon yo souvan fasyalman net sou ras, men nan lapratik rezilta nan eskizyon ki gen pou wè a ras.³⁷

Diskriminasyon rasyal entèdi klèman nan kontèks depòtasyon yo. Komite pou Eliminasyon Diskriminasyon Rasyal te endike ke leta peyi yo dwe asire ke: (1) lejislasyon domestik konsènan depòtasyon pa fè diskriminasyon nan objektif oswa nan pratik pami moun ki pa sitwayen yo ki baze sou ras, koulè oswa nasyonalitye, epi moun ki pa sitwayen yo gen aksè egale ak mwayen efikas pou jere sa, ki gen ladan kapasite pou konteste desizyon ekspilsyon, ak aksè egale ak mwayen efikas ki la pou sa (2) moun ki pa sitwayen yo pa sijè a ekspilsyon kolektif san yo pa pran an kont sikonstans pèsònèl chak moun, (3) moun ki pa sitwayen yo pa tounen nan yon peyi kote yo riske sibi maspinayak move tretman epi (4) moun ki pa sitwayen peyi yo, espesyalman sa ki rezidan pandan lontan pa dwe voye tounen si sa pral deranje lavi yo genyen ak fanmi yo.³⁸

33. Konvansyon Entènasyon sou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon Rasyal, Konsèy Dwa Moun, Pwomosyon ak pwoteksyon dw moun ak libète fondamantal Afriken yo ak moun ki desandan Afriken kont itilizasyon twòp fòs ak lòt vyolasyon dw moun otorite lapolis yo konn fè, Nasyonizini. Doc. A/HRC/47/53, 1ye Jen 2021 para. 17, [ohchr.org/en/documents/reports/ahrc4753-promotion-and-protection-human-rights-and-fundamental-freedoms-africans](https://www.ohchr.org/en/documents/reports/ahrc4753-promotion-and-protection-human-rights-and-fundamental-freedoms-africans)

34. Konsèy Dwa Moun, Rapò Rapòtè Espesyal la sou fòm kontanporen rasis, diskriminasyon rasyal, ksenofobi ak entolerans ki gen rapò, 25 Avril 2018, Dok. A/HRC/38/52, para.18.

35. Konsèy Dwa Moun, Rapò Rapòtè Espesyal la sou fòm kontanporen rasis, diskriminasyon rasyal, ksenofobi ak entolerans ki gen rapò (ki te site deja) para.30

36. Konsèy Dwa Moun, Rapò Rapòtè Espesyal la sou fòm kontanporen rasis, diskriminasyon rasyal, ksenofobi ak entolerans ki gen rapò (ki te site deja) para. 7 di: “Dapre lwa ak prensip entènasyon dw moun, tout èt imen gen dwa pou yo jwenn dwa moun fondamantal akòz diyite yo genyen. Preambul Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun yo kòmanse ak pwoklamasyon ke rekonesans nan diyite nannan ak dwa egal ak inaliénabl tout manm nan fanmi imen an se fondasyon libète, jistis ak lapè nan mond lan. An reyalite, sepandan, pou tout èt imen, kapasite yo pou yo jwi tout dwa moun depann de sitwayènte yo, nasyonalitye yo oswa sityasyon imigrasyon yo. Tout kote, Eta yo egzije paspò, kat idantifikasyon ak lòt fòm prèv sitwayènte pou rezidan yo ka jwenn aksè nan swen sante, edikasyon, sèvis finansye epi kenbe travay fòmèl. An brèf, sitwayènte, nasyonalitye ak estati imigrasyon rete yon prekondisyon pou tout moun jwi dwa moun toupatou.” Gade tou: Tendayi Achiume, “Racial Borders”, 110 Georgetown Law Journal 445 (2022), UCLA School of Law, Public Law Research Paper No. 21-33, Me2022, papers.ssrn.com/sol3/papers.cfm?abstract_id=3962563

37. Konsèy Dwa Moun, Rapò Rapòtè Espesyal la sou fòm tan ki pa lontan rasis, diskriminasyon rasyal, ksenofobi ak entolerans ki gen rapò (ki te site deja) para. 7 di: “Dapre lwa ak prensip entènasyon dw moun, tout èt imen gen dwa pou yo jwenn dwa moun fondamantal akòz diyite yo genyen. Preambul Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun yo kòmanse ak pwoklamasyon ke rekonesans nan diyite nannan ak dwa egal ak inaliénabl tout manm nan fanmi imen an se fondasyon libète, jistis ak lapè nan mond lan. An reyalite, sepandan, pou tout èt imen, kapasite yo pou yo jwi tout dwa moun depann de sitwayènte yo, nasyonalitye yo oswa sityasyon imigrasyon yo. Tout kote, Eta yo egzije paspò, kat idantifikasyon ak lòt fòm prèv sitwayènte pou rezidan yo ka jwenn aksè nan swen sante, edikasyon, sèvis finansye epi kenbe travay fòmèl. An brèf, sitwayènte, nasyonalitye ak estati imigrasyon rete yon prekondisyon pou tout moun jwi dwa moun toupatou.” Gade tou: Tendayi Achiume, “Racial Borders”, 110 Georgetown Law Journal 445 (2022), UCLA School of Law, Public Law Research Paper No. 21-33, Me2022, papers.ssrn.com/sol3/papers.cfm?abstract_id=3962563

38. Komite Nasyonizini pou Eliminasyon Diskriminasyon Rasyal, Rekòmandasyon jeneral No 30 sou diskriminasyon kont moun ki pa sitwayen, Swasant-senkyèm sesyon (2005), para. 25-28: “25. Asire ke lwa konsènan depòtasyon oswa lòt fòm pou retire moun ki pa sitwayen yo nan jiridiksyon Eta pati a pa fè diskriminasyon nan objektif oswa efè ant moun ki pa sitwayen yo sou baz ras, koulè oswa orijin etnik oswa nasyonalitye, e ke moun ki pa sitwayen yo gen aksè egal a remèd efikas, ki gen ladan dwa pou konteste lòd ekspilsyon, epi yo gen dwa pouswiv remèd sa yo; 26. Asire ke moun ki pa sitwayen yo pa sijè a ekspilsyon kolektif, an patikilye nan sityasyon kote pa gen ase garanti ke sikonstans pèsònèl yo nan chak moun ki konsène yo te pran an konsiderasyon; 27. Asire ke moun ki pa sitwayen yo pa retounen oswa retire yo nan yon peyi oswa teritwa kote yo gen risk pou yo sibi abi grav dwa moun, tankou tèt ak tretman oswa pinisyon mechen, inimen oswa degradan; 28. Evite ekspilsyon moun ki pa sitwayen yo, espesyalman moun ki abite alontèm, ki ta lakòz entèferans disproporsyon ak dwa a lavi fanmi.”

4. JAN EKSPILSYON AYISYEN PAPAKET AN VYOLASYON AK LWA ENTENASYONAL



KA FILIP (PHILLIPE)*

Filip (Philippe)^{39*} ak madanm li, Edlin (Edeline)*, tou de nan 30 tan yo, di Amnisti Entènasyonale otorite Ameriken yo te mete yo deyò ak pitit fi 9 jou yo a, Sarita* apre yo fin travèse fwontyè Etazini ak Meksik. Sarita* te fèk fèt nan Meksik, apre yon vwayaj 4 mwa soti Brezil.

Dapre temwayaj li a, Filip* te kite Ayiti pou ale Brezil an 2014, apre gang nan zòn lakay li te touye kouzen li ki gen 30 lane epi madanm li te vin jwenn li dezan apre. Premye travay li se kòm yon moun k ap fè livrezon epi answit nan swen ti granmoun aje, li te rapòte li te gen difikilte pou sipòte finansyèman fanmi li nan Brezil, osi byen ke manman l ak twa frè ak sè ki toujou ap viv ann Ayiti. An 2021, Edelin* te ansent 6 mwa lè koup la te deside kite Brezil.

Filip* te di Amnisti Entènasyonale vwayaj yo nan sid Meksik la te pran apeprè yon mwa ak prèske tout ekonomi yo. Li te kite yo tou ak move souvni, ki gen ladan uit jou yo te fè nan dòmi nan yon forè nan Kolonbi ak lapli san rete, pandan y ap gade lòt imigran ak moun k ap chèche azil mouri oswa nwaye nan rivyè a.

An Desanm, yo te nan yon bis ki t ap mennen nan nò Meksik, lè Edelin* te kòmanse santi doulè tranche. Li akouche nan yon lopital lokal e li te soti 24 èdtan apre. Aswè yo te kite lopital la epi yo te dòmi nan yon otèl, yo rekòmanse vwayaj la nan maten ak tibebe ki fèk fèt la.

“Mwen pa t vle antre Ozetazini... Nou t ap chèche yon kay pou lwe pou nou te kapab kòmanse travay. Nou te kapab wè fwontyè a, men se pa entansyon nou pou te travèse. Nou te rankontre de polisye, yo te rale zam yo sou nou, se konsa mwen te montre yo papye nou yo. Yo kontinye fouye nou, yo wè kòb nou nan pòch nou, yo pran tout kòb nou. Lè sa a, nou pa t gen lajan, se konsa nou te deside travèse fwontyè a.

Yon ti tan apre yo fin travèse fwontyè a, Filip* te di Amnisti Entènasyonale yo te arete yo epi yo te mete yo nan yon sant detansyon nan Arizona. Yo te pran prèske tout afè yo, yo te jete yo, ansanm ak tout rad yo.

“Yo separe m ak madanm mwen ak tibebe m apre yo fin fè fotokopi paspò yo. Mwen te nan yon chanm ak plis pase 150-200 gason - Ayisyen, Venezyelyen, Brezilyen, Ondiras, Gwatemala. Te gen plis Ayisyen. Yo trete nou yon fason diferan. Yo te pale ak lòt moun yo, ba yo aksè telefòn.”

“Te gen ti kras espas pou akokiye dòmi. Yo te ban nou yon ti nat pou chak moun ak yon dra ki fèt an aliminyòm ki pa t ase. Li te difisil pou dòmi, ti espas la te piti anpil.”

“Madanm mwen te di m li te kriye paske ti bebe 3 jou li a te frèt, epi yo te jete tout afè nou.. Sou twazyèm jou a, mwen te mande yo wè ti bebe a. Mwen vrèman te vle wè li. Yo pa t kite m.”

Twa jou apre, Filip* te di Amnisti Entènasyonale yo te mete yo nan yon bis epi answit nan yon avyon pou yo te transfere yo nan yon sant detansyon nan Texas kote yo te kenbe yo yon lòt twa jou anvan yo te voye yo tounen ann Ayiti.

“Yo te ba nou menòt... Yo te kenbe youn nan men madanm mwen lib pou li te ka kenbe ti bebe a. Nan bis la, ou pa t konnen ki kote ou te prale. Pa t gen fennèt, nou pa t kapab wè anyen... Se te lannwit lè nou te rive... Yo te separe nou ankò. Mwen pa t rive wè ti bebe mwen an jiskaske jou yo te depòte nou an.”

39. Entèvyou ak Filip* pa apèl vokal, 10 Janvye 2022 ak 28 Mas 2022



KA FILIP (PHILLIPE)*

“Pa te gen aksè a swen sante... Si moun te malad ak lafyèv, yon refwadisman - pa te gen okenn tretman ... Sa a se te pi move eksperyans nan lavi mwen. Imajine premye pitit ou, ou pa konnen si li vivan oswa mouri. Li te fin fèt epi 3 jou apre, ou pa ka wè li, pa gen swen sante, pa konnen si li vivan oswa mouri.”

“Sèl fwa yon otorite te pale ak nou se lè yo t ap depòte nou... Nou te swaf pou libète... Te gen yon ofisye fi ki te mande nou konbyen jou tibebe nou an te genyen, epi nou te di l sèt jou. Li te ale di bòs li sa, epi repons li se sa pa gadem ... Nou tout te sou tansyon paske nou pa t konnen sa k ap pase... Yo mete nou chenn ankò... Yo te di m nou t ap ale nan Florid pou yon jij tande dosye nou.”

“Te gen anpil polis ki t ap tann nou nan avyon an... Si w te oblije ale nan twalèt, yo te dekolè yon men epi apre sa ta gen gad ki te kanpe bò twalèt la.”

“Te gen yon fanm pou kont li ak twa timoun. Li t ap kriye epi li tonbe atè. Yo te kòmanse frappe l. Yo mete l sou yon bagay tankou yon sivyè anbilans epi yo pote l nan avyon an. Apre sa, yo mete l nan chenn sou chèz li.”

“Apre kat minit anvan nou rive, yo te retire menòt yo nan pye nou. Anvan w monte nan bis la, lapolis nan avyon an te retire menòt yo ak chenn nan ren nou an.

“Pandan nan avyon an, nou te kapab wè deyò. Se lè sa a mwen te konprann yo te depòte nou. Mwen konnen peyi mwen. Lè nou reyalize sa k ap pase a, anpil moun te kòmanse kriye.”

Twa mwa apre yo te voye l tounen ann Ayiti, Filip* rapòte li pa jwenn travay, e li pa ka sipòte fanmi l.

“Se tankou lavi a fini pou mwen ak manman m. Sa afekte sèt a uit moun pou chak moun ki retounen. Madanm mwen pa gen lèt pou bay tibebe a manje. Nou dwe achte lèt. Nou pa gen lavi, pa gen travay.

PWOTEKSYON ENTENASYONAL AK DWA NONREFOULMAN

Dapre lwa entèn⁴⁰ ak lwa entènasyon, Etazini gen obligasyon pou bay moun k ap chèche azil ak sekirite sou fwontyè a aksè pou evalye endividyèlman nan yon fason ekitab tout demann pwoteksyon yo fè. Lwa entèn ak lwa entènasyon⁴¹ fè Etazini obligasyon, epi entèdi yo voye moun retounen nan peyi kote yo ka fè fas ak pèsekisyon⁴² ak/oswa maspinay⁴³. Prensip sa a, yo konnen sou non *nonrefoulman*, egzijè otorite sou fwontyè ak imigrasyon yo resewa epi refere moun k ap chèche azil yo pou pase yon entèvyou laperèz kredib ak yon ofisye azil, pou yo fè evalyasyon endividyèl sou nenpòt risk pèsekisyon oswa maspinay yo ka fè fas lè yo retounen.

Entèdiksyon *refoulman* an pa sèlman mande pou leta peyi yo pa voye moun k ap chèche azil yo tounen nan peyi pa yo, ni nan nenpòt lòt peyi kote gen yon risk pou lavi yo oswa libète yo. Nan yon pataj konsèy ofisyèl sou obligasyon leta peyi yo parapò a lwa refijye yo, Ajans Nasyonizini pou Refijye yo (UNHCR) te di: “Leta peyi yo pral oblije bay moun k ap chèche pwoteksyon entènasyon aksè a teritwa yo ak pwosedi azil ki jis epi efikas.”⁴⁴

Lwa entènasyon sou dwa moun mande pou leta peyi yo asire ke reta oswa feblès nan pwosesis azil pa dekouraje moun k ap chèche azil yo pouswiv demann yo a. Nan yon eksplikasyon sou obligasyon *nonrefoulman* nan kad Konvansyon kont maspinay a (CAT), Komite Nasyonizini kont maspinay te soulinye ke: “Leta peyi yo pa ta dwe pran mezi oswa politik pou dekouraje moun tankou... refize trete demann pou azil oswa pwolonje delè yo san rezon.”⁴⁵

Nan menm dokiman oryantasyon an, Komite a te deklare tou leta peyi yo ta dwe pran mezi lalwa, administratif, jidisyè ak lòt mezi prevantif kont vyolasyon prensip *nonrefoulman* ki ta rive, tankou (1) evalyasyon chak ka grenn pa grenn (2) asire ke chak moun gen tout enfòmasyon sou rezon ki fè yo ta ka depòte yo ak sou dwa yo genyen pou fè apèl kont desizyon sa a (3) bay moun ki konsène aksè a yon avoka, asistans legal gratis lè sa nesesè, ak aksè a reprezantan òganizasyon entènasyon pwoteksyon yo. (4) devlopman yon pwosedi administratif oswa jidisyè konsènan moun nan nan yon lang li konprann, oswa avèk asistans entèprèt ak tradiktè; (5) dwa moun ki konsène a pou fè apèl kont yon lòd depòtasyon devan yon òganis administratif ak/oswa jidisyè endepandan nan yon peryòd de tan rezonab (6) yon fòmasyon efikas pou tout otorite k ap travay ak moun ki anba pwosedi depòtasyon yon fason pou evite desizyon ki kontrè ak prensip *nonrefoulman* an.⁴⁶

40. Kòd Ameriken an (yon konsolidasyon ak kodifikasyon lwa jeneral ak pèmanan Etazini yo, Biwo Konsèy Revizyon Lwa Chanm Reprezantan Etazini an te prepare) pwoteje dwa pou chèche azil Ozetazini, “kèlkeswa nan yon pò arive ki te chwazi pou sa ou pa”. Gade 8 U.S.C. § 1158 ak §1225

41. Amnisti Entènasyon, *Amerik: Amnisti Entènasyon soumèt bay Rapòtè Espesyal Nasyonizini (ONU) sou Dwa Moun Migran yo* (AMR 01/3658/2021), [amnesty.org/en/documents/amr01/3658/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr01/3658/2021/en/), Human Rights First, Haitian Bridge Alliance, et al., “Doubling Down on Deterrence: Access to Asylum under Biden,” Septanm 2021, [womenrefugeecommission.org/wp-content/uploads/2021/09/Doubling-Down-on-Deterrence-Access-to-Asylum-Under-Biden-FACTSHEET-1-1.pdf](https://www.womenrefugeecommission.org/wp-content/uploads/2021/09/Doubling-Down-on-Deterrence-Access-to-Asylum-Under-Biden-FACTSHEET-1-1.pdf)

42. Prensip non-refoulement an baze sou Konvansyon 1951 konsènan Stati Refijye yo ak Pwotokòl 1967 li yo. Konvansyon 1951 pou refijye yo defini entèdiksyon pou refoulement nan Atik 33(1), ki di pa gen okenn “Eta kontraktè pa dwe mete deyò oswa retounen (‘refouler’) yon refijye nan nenpòt fason sou fwontyè teritwa kote lavi [yo] oswa libète ta ka menase poutèt ras [yo], relijyon, nasyonlite, manm yon gwoup sosyal patikilye, oswa opinyon politik.” Pwotokòl la pwolonje pwoteksyon Konvansyon an bay tout refijye kèlkeswa kote oswa dat depasman yo epi li egzijè 146 Eta Manm li yo (pami yo Etazini) respekte Konvansyon an kèlkeswa si yo soti separeman.

43. Konvansyon kont tèt ak lòt tretman oswa pinisyon mechan, inimen oswa degradan (CAT) te ranfòse Prensip non-refoulement an tou, san okenn eksepsyon. Atik 3(1) CAT di ke “Okenn Eta Manm pa dwe ekspilse, retounen (‘refouler’) oswa ekstrade yon moun nan yon lòt Eta kote gen rezon sibstansyèl pou kwè ke li ta an danje pou yo sibi tèt. Atik 3 (2) di ke “Pou detèmine si gen rezon sa yo, otorite konpetan yo dwe pran an konsiderasyon tout konsiderasyon ki enpòtan, ki gen ladan, kote sa aplikab, egzistans nan Eta konsène a yon modèl lojik vyolasyon dwa moun, brutal flagran oswa an mas.”

44. UNHCR, Opinyon konsèy sou aplikasyon ekstrateryòl Obligasyon Non-Refoulement yo sou baz Konvansyon 1951 an ki gen rapò ak Estati Refijye yo ak Pwotokòl 1967 li yo, nan para. 7, [unhcr.org/4d9486929.pdf](https://www.unhcr.org/4d9486929.pdf)

45. Komite Kont Tèt (CAT), Kòmantè Jeneral No 4 (2017) sou aplikasyon atik 3 Konvansyon an nan kad atik 22; UN Doc. CAT/C/GC/4, para.14.

46. Komite Kont Tèt (CAT), Kòmantè Jeneral No 4 (2017) sou aplikasyon atik 3 Konvansyon an nan kad atik 22; UN Doc. CAT/C/GC/4, para.14.

4.1 N AP CHÈCHE REFIJ': YO ARETE NOU, VOYE NOU TOUNEN SAN EKSPLIKASYON EPI ANPECHE NOU JWENN PWOTEKSYON ENTENASYONAL

DEKRÈ LWA 42: YON ENTÈDIKSYON AZIL SOU PRETEKS SANTE PIBLIK

Nan dènye tan dis lane ki sot pase yo, otorite Ameriken yo te arete epi voye tounen Ayisyen k ap chèche azil yo sou pretèks sante piblik. Nan ane 1990 yo, otorite Ameriken yo te mete Ayisyen k ap chèche azil k ap viv ak VIH nan detansyon nan kan Gwanntanamobe (Guantanamo Bay).

Dekrè lwa 42 a kontinye tradisyon eskizyon Ayisyen k ap chèche azil nan peyi Etazini pou rezon sante piblik.

Premye piblikasyon an te fèt nan mwa Mas2020, nan kòmansman pandemi kovid-19 la, “Desizyon Dekrè lwa 42 a” se yon politik sante piblik Sant Ameriken pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te pibliye sou non Dekrè lwa 42 (yon kòd sante piblik)⁴⁷. Ki te vin ranplase pa lòt desizyon menm jan an nan mwa Oktòb 2020 ak Dawout 2021, Etazini te itilize politik sa a anpil pou mete deyò imigran ak moun k ap chèche azil ki te travèse fwontyè Etazini yo imedyatman nan peyi lakay yo oswa nan dènye peyi yo te pase a, san yo pa ba yo aksè nan sistèm azil Ameriken an pandan pandemi KOVID-19 la. Malgre yon desizyon CDC te pran an Avril 2022 pou mete fen ak desizyon sa,⁴⁸ yon lòt desizyon tribinal te kenbe politik la an plas.⁴⁹

Imigran ak moun k ap chèche azil yo mete deyò nan Etazini sou baz Dekrè lwa 42 yo te retounen nan peyi lakay yo oswa nan dènye peyi yo te pase a. Anvan Dekrè lwa 42, tout moun ki pa moun tè a te kapab mande azil lè yo travèse fwontyè Etazini si yo te di yo vrèman pè pèsekisyon ak/oswa maspinay anba yon lòt seksyon nan Kòd Ameriken an yo rele Dekrè lwa 8. Depi Dekrè lwa 42 te antre an aplikasyon, ofisye patwouy fwontyè Ameriken yo kapab refize antre moun k ap eseye chèche azil Ozetazini san yo pa evalye nivo laperèz yo pou yo retounen nan peyi kote y ap voye yo tounen an, an vyolasyon lwa Ameriken sou refijye yo ak obligasyon Etazini sou dwa moun pou yo pa retounen pèsoun nan pèsekisyon oswa maspinay. An Novanm 2020, UNHCR te avèti “yo pa ta dwe kite mezi ki mete restriksyon sou aksè a azil vin etabli sou pretèks sante piblik.”⁵⁰ Malgre sa, sou baz Dekrè lwa 42 a, Etazini te fè plis pase de milyon ekspilasyon otomatik ak rapid sou fwontyè li yo depi Mas2020.⁵¹ Jan Amnisti Entènasyonal⁵² te deja dokimante li, gras ak aplikasyon politik sa a, Etazini te limite aksè a azil anpil sou fwontyè a, e li te voye tounen moun ki t ap chèche sekirite yo nan Meksik oswa lakay yo, an vyolasyon ak obligasyon legal nasyonal ak entènasyonal Etazini yo.⁵³

47. Depatman Sante ak Sèvis Imèn Etazini, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC), “Lòd ki bloke antre kèk moun ki soti nan peyi ki gen maladi kontajye epi ki mande karantèn”, 20 Mas2020, [cdc.gov/quarantine/pdf/CDC-Order-Prohibiting-Introduction-of-Persons_Final_3-20-20_3-p.pdf](https://www.cdc.gov/quarantine/pdf/CDC-Order-Prohibiting-Introduction-of-Persons_Final_3-20-20_3-p.pdf)

48. Nan mwa Avril 2022, CDC te anonse ke lòd Dekrè lwa 42 la pral sispann le 23 Me 2022. Gade CDC, “CDC Public Health Determination and Termination of Title 42 Order”, 1 Avril 2022, [cdc.gov/media/releases/2022/s0401-title-42.html#:~:text=Non%20consultation%20with%20the%20Department,resumption%20of%20regular%20migration%20under](https://www.cdc.gov/media/releases/2022/s0401-title-42.html#:~:text=Non%20consultation%20with%20the%20Department,resumption%20of%20regular%20migration%20under)

49. Apre yon pwosè Repibliken yo te depoze nan Lwizyana, yon jij te deside nan dat 20Me2022 ke lòd Dekrè lwa 42 a ta dwe rete an plas jiskase CDC ale nan yon pwosès avèti ak kòmantè piblik anvan li bay yon lòt desizyon pou mete fen ak li. Gade United States District Court Western District of Louisiana, Lafayette Division, *State of Louisiana et al vs. Centers for Disease Control and Prevention, et al*, Memorandum Ruling, 20Me2022, storage.courtlistener.com/recap/gov.uscourts.lawd.188754/gov.uscourts.lawd.188754.90.0_1.pdf. MIZAJOU sou T42 ak rezime desizyon tribinal yo anvan yo pibliye rapò a

50. UNHCR, “Kle enklizyon pou pwoteje refijye ak moun kap resevwa yo nan pandemi COVID-19 la”, 04 Novanm 2020, [unhcr.org/news/press/2020/11/5fa2f16b4/inclusion-key-protecting-refugees-hosts-amid-covid-19-pandemic.html](https://www.unhcr.org/news/press/2020/11/5fa2f16b4/inclusion-key-protecting-refugees-hosts-amid-covid-19-pandemic.html)

51. Ladwàn Etazini ak Pwoteksyon Fwontyè, “Nationwide encounters”, cbp.gov/newsroom/stats/nationwide-encounters (Nou te ale sou li 29Me2022). Pifò nan ekspilasyon sa yo koresponn ak plizyè tantativ menm moun yo fè pou travèse. Dapre Konsèy Imigrasyon Ameriken an soti nan mwaMe2022, “1 nan 3 arèstasyon depi ekspilasyon Dekrè lwa 42 te kòmanse se yon moun ki pou piti sou dezyèm tantativ yo pou travèse fwontyè a”: American Immigration Council, “A guide to Title 42 expulsions at the border”, Me2022, americanimmigrationcouncil.org/sites/default/files/research/title_42_expulsions_at_the_border_0.pdf

52. Amnisti Entènasyonal, *Etazini: Yo pouse yo sou chimen danje: USA ak Meksik fòse timoun imigran ki pa akonpaye yo tounen nan danje* (AMR 51/4200/2021), 11 Jen 2021, [amnesty.org/en/documents/amr51/4200/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/4200/2021/en/); Amnisti Entènasyonal et al, “Ayiti: Sispann depòtasyon Etazini yo ak abi kont Ayisyen ki an Deplasman yo: Yon etap ijan nan direksyon pou kreye politik jis pou Ayisyen” (AMR 36/5101/2021), 15 Desanm 2021, [amnesty.org/en/documents/amr36/5101/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr36/5101/2021/en/); Amnisti Entènasyonal ak Haitian Bridge Alliance, *Pa gen sekirite okenn kote: Ayisyen ki an depلاسman an yo bezwen Pwoteksyon Entènasyonal an ljan* (AMR 36/4920/2021), 28 Oktòb 2021, [amnesty.org/en/documents/amr36/4920/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr36/4920/2021/en/)

53. Amnisti Entènasyonal USA, et al., piblikasyon ansanm, *Eksplikasyon sou Depòtasyon ak Ekspilasyon Etazini yo pandan Pandemi COVID-19 la* (21Me2020); [amnestyusa.org/wp-content/uploads/2020/05/Explainer-on-Deportations-and-Expulsions-During-the-COVID-19-Pandemic-1.pdf](https://www.amnestyusa.org/wp-content/uploads/2020/05/Explainer-on-Deportations-and-Expulsions-During-the-COVID-19-Pandemic-1.pdf)

Nasyonzini⁵⁴, ak ekspè nan domèn lasante,⁵⁵ ofisyèl Ameriken,⁵⁶ òganizasyon sosyete sivil,⁵⁷ ak Amnisti Entènasyonal⁵⁸ te kondane ak tout fòs Dekrè lwa 42 a. Nan mwa Septanm 2021, kondisyon deplorab kote Ayisyen te oblije rasanble anba pon Del Ryo, “te choke” Wo Komisyonè Nasyonzini pou Refijye yo ki te deklare ke “ekspilasyon rapid papakèt ki ap fèt kounye a sou baz otorite Dekrè lwa 42 a, san chache konnen ki bezwen pwoteksyon ki genyen, pa kadre ak règ entènasyonal yo epi yo ka konsidere kòm refoulman,” epi li te mande gouvènman Ameriken an “leve tout restriksyon Dekrè lwa 42 a prese prese.”⁵⁹

Kèk gwo otorite gouvènman Ameriken an te yo menm tou kritike anpil ekspilasyon ki tap fèt sou baz Dekrè lwa 42 a. Nan lèt demisyon li a, ansyen Konseye Jiridik Depatman Deta Ameriken an, Harold Koh, te konklè ke politik Dekrè lwa 42 «vyole obligasyon legal [Etazini] pou yo pa ekspilse oswa retounen («refoule»).» moun - «espesyalman imigran kap kouri kite Ayiti.»⁶⁰ Menm jan an tou, nan yon dokiman ki te pran lari 31 dawout 2021, Biwo Dwa Sivil ak Libète Sivil Depatman Sekirite Enteryè (CRCL) te fè Sèvis Lòd Imigrasyon ak Ladwàn Ozetazini (ICE) ak Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Etazini (CBP) konnen ke depòte Ayisyen yo te an danje “akòz opinyon politik yo ak/oswa karakteristik demografik moun yo (pa egzanp, yon gwo risk refoulman).”⁶¹

CDC te komanse aplikasyon Dekrè lwa 42 a kòm yon mezi ki nesese pou evite kenbe imigran ak moun k ap chèche azil nan sant detansyon imigrasyon ki gen anpil moun, kote yo ta riske pran Kovid-19.⁶² Yo te rapòte annapre jan fonksyonè CDC yo te refize bay lòd la okòmansman, yo te di pa te gen okenn baz sante piblik pou li, men apres a yo chanje pozisyon akòz presyon politik ki soti dirèkteman kote Vis Prezidan Penns (Pence) nan epòk la.⁶³ Poutan, depi lè aplikasyon an kòmanse, Amnisti Entènasyonal te dokimante jan ekspilasyon papakèt ki te fèt sou baz Dekrè lwa 42 kontribye sèlman nan mete sante migran yo ak moun k ap chèche azil yo an danje lè yo refize ba yo asistans medikal sou fwontyè a epi lè yo kenbe plizyè milye moun nan anviwònman kote yo rasanble yo, anvan yo depòte yo nan nan avyon ki gen anpil moun san yo pa bay tès Kovid-19.⁶⁴

Dekrè lwa 42 a te gen yon enpak radikal sou lavi timoun k ap chèche refij yo tou. Anvan administrasyon Baydenn nan te amande desizyon Dekrè lwa 42 a pou mete fen nan ekspilasyon timoun ki pa akonpaye yo,⁶⁵ yo te gentan ekspilse prèske 16 000 mil timoun ki pa akonpaye sou baz Dekrè lwa 42.⁶⁶ Apre amannman an, kòm rezilta politik eksepasyon sa a, fanmi yo te devan yon chwa enposib: swa yo rete ansanm kòm yon fanmi epi yo ta kapab sibi Dekrè lwa 42 a oswa separe epi pèmèt timoun yo jwenn aksè a sekirite kòm yon timoun ki pa akonpaye. Politik egzanpsyon sa a an reyalye te lakòz separasyon fanmi yo.

54. Ekspè Nasyonzini, “USA: Ekspè Nasyonzini yo kondane ekspilasyon kolektiv imigran ak refijye Ayisyen”, 25 Oktòb 2021, [phchr.org/EN/NewsEvents/Pages/DisplayNews.aspx?NewsID=27694&LangID=E](https://www.phchr.org/EN/NewsEvents/Pages/DisplayNews.aspx?NewsID=27694&LangID=E), Rapòte Espesyal sou dwa zimen migran yo. , Rapò: *Vyolasyon dwa moun sou fwontyè entènasyonal yo: tandans, prevansyon ak responsablite*, 26 Avril 2022, A/HRC/50/31, para.41.

55. Ekspè Sante Piblik, lèt pou Direktè CDC Walensky, Sekretè HHS Becerra, ak Sekretè DHS Mayorkas sou Dekrè lwa 42 Dawout 2021, 1 Septanm 2021, publichealth.columbia.edu/research/program-forced-migration-and-health/letter-cdc-director-walensky-hhs-secretary-becerra-and-dhs-secretary-mayorkas-august-2021-title-42-0

56. Daniel Foote, ansyen Anwaye Ameriken an Ayiti, lèt demisyon bay Antony Blinken, Sekretè Deta, 22 Septanm 2021, drive.google.com/file/d/14LVnU91yCVAb305ujd39h-jhBuXN3FA2/view; Harold Hongju Koh, ansyen konseye jiridik Depatman Deta ak ansyen Dwayen Yale Law School, memo, politico.com/f/?id=0000017c-4c4a-dddc-a77e-4d4dbf3ae0000

57. Amnisti Entènasyonal, “Plis yon santèn gwoup nasyonal ak entènasyonal mande pou Administrasyon Biden lan akeyi Ayisyen k ap chèche sekirite Ozetazini”, 13 Jiyè 2021, [amnestyusa.org/press-releases/over-a-hundred-national-and-international-groups-call-on-the-biden-administration-to-welcome-haitians-seeking-safety-in-the-u-s/](https://www.amnestyusa.org/press-releases/over-a-hundred-national-and-international-groups-call-on-the-biden-administration-to-welcome-haitians-seeking-safety-in-the-u-s/)

58. Amnisti Entènasyonal et al, “Ayiti: Sispann depòtasyon Etazini ak abi kont Ayisyen an depasman yo: Yon etap ijan nan direksyon pou kreye politik jis pou Ayisyen” (AMR 36/5101/2021), 15 Desanm 2021, [amnesty.org/en/documents/amr36/5101/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr36/5101/2021/en/)

59. AP News, “Komantè Nouvèl Komisè Nasyonzini pou Refijye Filippo Grandi fè sou kondisyon ak ekspilasyon sou fwontyè Etazini”, 21 Septanm 2021, [unhcr.org/news/press/2021/9/614a27324/news-comment-un-high-commissioner-refugees-filippo-grandi-conditions-expulsions.html](https://www.unhcr.org/news/press/2021/9/614a27324/news-comment-un-high-commissioner-refugees-filippo-grandi-conditions-expulsions.html)

60. Harold Hongju Koh, ansyen konseye jiridik Depatman Deta ak ansyen Dwayen Yale Law School, memo, Oktòb 2021, politico.com/f/?id=0000017c-4c4a-dddc-a77e-4d4dbf3ae0000

61. BuzzFeed News, “Yon dokiman entèn montre responsab DHS yo te dekonseye depòtasyon Ayisyen yo, yo te pè pou yo pat vyole obligasyon dwa moun”, 6 Desanm 2021, [buzzfeednews.com/article/hamedaleaziz/haitian-deportations-dhs-memo](https://www.buzzfeednews.com/article/hamedaleaziz/haitian-deportations-dhs-memo)

62. CDC, Dekrè ki bloke antre kèk moun ki soti nan peyi kote yon maladi kontajye ak karantèn egziste (site deja).

63. AP News, “Pence te bay lòd fèmen fwontyè apre ekspè CDC yo te refize”, 3 Oktòb 2020, [apnews.com/article/virus-outbreak-pandemics-public-health-new-york-health-4ef0c6c5263815a26f8aa17f6ea490ae](https://www.apnews.com/article/virus-outbreak-pandemics-public-health-new-york-health-4ef0c6c5263815a26f8aa17f6ea490ae)

64. Amnisti Entènasyonal et al, “Ayiti: Kanpe depòtasyon Etazini ak abi kont Ayisyen an depasman: Yon etap ijan nan direksyon pou kreye politik jis pou Ayisyen” (AMR 36/5101/2021), 15 Desanm 2021, [amnesty.org/en/documents/amr36/5101/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr36/5101/2021/en/)


65. CDC, “Dekrè lwa 42 Mete fen nan respè pou timoun etranje ki pa akonpaye yo”, 12 Mas 2022, [cdc.gov/media/releases/2022/s0311-title-42-termination.html#:~:text=Title%2042%20Termination%20with%20Respect%20to%20Unaccompanied%20Noncitizen%20Children,Media%20Statement&text=Today%2C%20following%20a%20public%20health,persons%20into%20the%20United%20States](https://www.cdc.gov/media/releases/2022/s0311-title-42-termination.html#:~:text=Title%2042%20Termination%20with%20Respect%20to%20Unaccompanied%20Noncitizen%20Children,Media%20Statement&text=Today%2C%20following%20a%20public%20health,persons%20into%20the%20United%20States)

66. Ladwàn Ameriken ak Pwoteksyon Fwontyè, “Rankont sou fwontyè terès nan Sidwès”, [cbp.gov/newsroom/stats/southwest-land-border-encounters](https://www.cbp.gov/newsroom/stats/southwest-land-border-encounters) (nou te ale sou li 29 Me 2022).

Nan mwa Mas2022, yon desizyon tribinal te konsidere li ilegal pou mete deyò fanmi k ap chèche azil sou baz Dekrè lwa 42 a pou voye yo kote yo ka pèsekite oswa sibi maspinay.⁶⁷ Pou konfòme yo ak desizyon sa a, apati 23 Me 2022, DHS te aplike “Tès deklare”, ki mande pou fanmi yo eksprime afimativman krent yo genyen pou yo retounen, olye yo mete obligasyon sou ofisye patwouy fwontyè yo pou yo mande moun yo si yo pè retounen kote yo ap voye yo tounen an. Ekspè jiridik⁶⁸ yo te kritike pratik sa e, dapre enfòmasyon òganizasyon dwa moun Dwa Moun an Premye – (Youmann Rayts Fèst -Human Rights First) te rasanble, “fanmi k ap chèche azil yo te mete deyò nan Meksik nan dat 23 Me epi depi dat sa te rapòte (...) jan lè yo te eseye eksprime laperèz yo pou retounen, ajan Patwouy Fwontyè yo inyore deklarasyon yo oswa pa kite yo pale epi yo pa refere okenn moun pou fouye konnen sou ka yo.”⁶⁹

Lè yo ap aplike Dekrè lwa 42, Etazini te sèvi ak detansyon pa woutin oswa otomatik ki gen rapò ak migrasyon Amnisti Entènasyonal pa dakò, yo defini yo kòm, detansyon abitè. Amnisti Entènasyonal konsidere tou, pandan yon kriz sante piblik tankou Kovid-19, detansyon sèlman pou rezon ki gen rapò ak migrasyon pa ka jeneralman konsidere kòm yon restriksyon nesèsè oswa ekilibre sou dwa libète. Vrèmanvre, lè yo arete imigran yo, yo pa kapab pwoteje dwa lasante yo genyen, yo ta dwe lage yo epi otorite leta yo dwe ajè pou asire moun yo gen aksè – san diskriminasyon – a sèvis esansyèl, swen ak sekirite, ki gen ladan lojman ak ase swen sante..

RANKONT PATWOY FWOYTYÈ ETAZINI



Sous: Sèvis Rechèch Kongrè Ameriken an⁷⁰

Nan mwa Mas2021, nan yon entèvyou ak jounal ABC nyouz (ABC news), yo te mande Prezidan Jozèf Baydenn ki mesaj li ta voye bay imigran ki nan fwontyè sid Etazini. Repons li a, “Mwen ka di yo byen klè. Pa vin isit la.”⁷¹

Nan mwa Jen, Vis Prezidan Kamala Aris voye yon mesaj menm jan an bay moun k ap chèche pwoteksyon entènasyonal Ozetazini. “Mwen vle klè pou moun ki nan rejyon sa a ki ap panse pou yo fè wwayaj danjere sa a sou fwontyè Etazini ak Meksik la: pa vini, pa vini... Pou nou menm, youn nan priyorite nou yo, se pral dekouraje imigrasyon ilegal e mwen kwè si w rive sou fwontyè nou an, nou ap voye ou tounen.”⁷²

An Jiyè, Sekretè Sekirite Enteryè a Alejandro Mayorkas te voye yon mesaj menm jan an, pi prezizeman pou Ayisyen ak Kiben. “Kite m di nou sa klè: Si se lanmè ou pran, ou p ap antre Ozetazini.”⁷³

Pawòl konsa klèman gen entansyon dekouraje imigran ak moun k ap chèche azil pou yo pa chèche sekirite Ozetazini. Poutan, li pa nouvo, sitou pou Ayisyen k ap chèche azil.

67. Sant pou Etid Sèks ak Refij, “Defi Dekrè lwa 42”, <https://cgrs.uchastings.edu/our-work/title-42-challenges> (Nou te ale sou li 29Me2022).

68. Harold Hongju Koh, ansyen konseye jiridik Depatman Deta ak ansyen Dwayen Yale Law School, memo, Oktòb 2021, [politico.com/f/?id=0000017c-4c4a-dddc-a77e-4ddb3ae00000](https://www.politico.com/f/?id=0000017c-4c4a-dddc-a77e-4ddb3ae00000).

69. Human Rights First, Kochma a ap kontinye: Desizyon Tribinal Dekrè lwa 42 a prolonte abi dwa moun, pwolonje dezòd sou fwontyè Etazini yo, Jen 2022, [humanrightsfirst.org/sites/default/files/NightmareContinues.pdf](https://www.humanrightsfirst.org/sites/default/files/NightmareContinues.pdf), p. 13.

70. Sèvis Rechèch Kongrè, “Rankont Patwouy Fwontyè Ameriken nan bò sidès fwontyè a. Dekrè 8 ak 42, Me 2022 [crsreports.congress.gov/product/pdf/IG/IG10031](https://www.crsreports.congress.gov/product/pdf/IG/IG10031).”

71. Ben Gittleman, “Biden di imigran yo ‘pa vini’ nan entèvyou eksklizif ABC News”, 16 Mas2021, abcnews.go.com/Politics/biden-tells-migrants-dont-abc-news-exclusive-interview/story?id=76490159.

72. Guardian News, “Kamala Harris di migran yo ‘pa vini’ pandan chita pale nan Gwatemala”, 7 Jen 2021, [youtube.com/watch?v=bpGifFlzamQ](https://www.youtube.com/watch?v=bpGifFlzamQ).

73. Sabrina Rodriguez, “Mayorkas a Kiben yo, Ayisyen yo: Pa vini Ozetazini.”, 13 Jiyè 2021, [politico.com/news/2021/07/13/mayorkas-cubans-haitians-499531](https://www.politico.com/news/2021/07/13/mayorkas-cubans-haitians-499531).

Depi aplikasyon lòd Dekrè lwa 42 a an Mas2020, yo voye plis pase 18 000⁷⁴ Ayisyen tounen rapid an Ayiti papakèt san okenn evalyasyon endividyèl oswa ekita sou bezwen pwoteksyon entènasyonal yo. Desizyon sa a, ki te kreye sou administrasyon Twonp lan, epi ki te degize sou fòm yon mezi sante piblik,⁷⁵ te gen efè politik ki ap dekouraje imigrasyon ak azil, kontrèman ak lwa nasyonal ak entènasyonal.⁷⁶

Lè li te kandida, Prezidan Baydenn te pran angajman pou “modènize sistèm imigrasyon Etazini an” epi repare domaj administrasyon anvan an te kreye nan sistèm azil la.⁷⁷

Malgre sa, nan yon peryòd uit mwa, ant 19 Septanm 2021 ak Me 2022 sèlman, Etazini te voye 25 806 Ayisyen tounen, dapre Òganizasyon Entènasyonal Migrasyon (OIM)⁷⁸ – pou piti 14 531 nan yo se sou baz Dekrè lwa 42 a⁷⁹. Anplis de sa, dapre òganizasyon Witness at the Border (Witness at the Border) - yon gwoup ki swiv vòl avyon depòtasyon yo - ant 19 Septanm 2021 ak Me2022, omwen 227 vòl soti nan peyi Etazini te atèri an Ayiti, konpare ak yon total 37 vòl nan tout lane 2020 an, ak 37 nan premye uit mwa 2021 an⁸⁰, ki se yon gwo ogmantasyon.

Jan Ayisyen yo te dekouvri posiblite pou chèche azil nan pòdant Etazini yo sou fwontyè Etazini-Meksik la piti anpil, Ayisyen dezespere ap chache lòt wout, yo tonbe nan travès fwontyè danjere⁸¹ e souvan wwayaj sa yo gen twòp moun nan tibato ki pa fèt pou sa e sa konn lakoz yo mouri papil, jan anpil medya rapòte bato sa yo ki chavire sou lanmè⁸². Soti Oktòb 2021 rive Me2022, gad kòt Ameriken te entèdi anviwon 5 390 imigran Ayisyen yo sou lanmè, konpare ak 1 527 nan 12 mwa anvan yo, ak 418 nan 12 mwa anvan sa.⁸³

Ekspilsyon papakèt Ayisyen sou baz Dekrè lwa 42 yo te kòmanse ogmante nan mwa Septanm 2021, lè plizyè milye fanmi Ayisyen te rive Del Rio ki te espere jwenn soulajman apre wwayaj ki long ak danjere yo te fè soti Chili ak Brezil, travès Amerik Santral ak Meksik. Olye de sa, yo te fè fas ak yon estrateji DHS ki te deklare imigran iregilye yo t ap, “rapidman pran prizon, trete dosye yo, epi retire yo nan Etazini dapre lojik avèk lwa epi politik nou yo.” Anplis de sa, yon pati aklè nan estrateji a se te “akselere vitès la ak ogmante kapasite vòl kap retire moun yo Etazini voye tounen Ayiti ak lòt destinasyon nan emisfè a nan 72 èdtan.”⁸⁴

Pandan administrasyon Baydenn nan te fè yon tantativ pou demonte Dekrè lwa 42 a apre plis pase yon lane depi yo sou pouvwa a⁸⁵, politik la te defann nan tribinal⁸⁶ epi dekrè sante a rete yon gwo moso nan mitan tout politik ak pratik administrasyon Twonp lan nan dènye ane yo ki te refize bay aksè a pwoteksyon azil sou fwontyè Etazini ak Meksik⁸⁷. Yon lòt bò, politik sa yo te fè yon mal ireparab a plizyè milye moun ak fanmi k ap

74. Ladwàn Etazini ak Pwoteksyon Fwontyè, “Nationwide Encounters”, cbp.gov/newsroom/stats/nationwide-encounters (nou te ale sou li 15 Jen 2022). (Mizajou anvan pibliye rapò a)

75. Amnisti Entènasyonal, “USA: Soutni politik imigrasyon pral mete moun yo an danje nan Amerik la”, 23Me2022, amnesty.org/en/latest/news/2022/05/usa-dangerous-immigration-policy-will-harm-people/

76. Lè yo te kondane ekspilsyon rapid ak kolektif imigran ak refijye Ayisyen yo nan mwa Oktòb 2021, Ekspè Nasyonzi yo te di ke “[dapre enfòmasyon yo te resevwa, politik Ameriken yo tou te dekouraje Ayisyen yo pouswiv pwoteksyon tankou demann azil epi fòse yo retounen nan lòt peyi.” Ekspè Nasyonzi yo te avèti tou ke depòtasyon papakèt sa yo “sanble kontinye yon istwa eskizyon rasyalize imigran ak refijye Ayisyen Nwa yo nan pò antre Etazini yo.” Gade Rapòtè Espesyal sou fòm rasis kontanporen, diskriminasyon rasyal, zenofobi ak entolerans ki gen rapò ak Gwoup Travay Ekspè sou Moun ki Desandan Afriken, Deklarasyon, “ USA: Ekspè Nasyonzi kondane ekspilsyon kolektif Migran ak Refijye Ayisyen yo”, 25 Oktòb 2021, ohchr.org/en/press-releases/2021/10/usa-un-experts-condemn-collective-expulsion-haitian-migrants-and-refugees#:~:text=According%20to%20the%20information%20received,gender%20violence%20and%20xenophobic%20violence,

77. Gade Plan Biden pou Sekirize valè nou yo kòm yon nasyon imigran, <https://joebiden.com/immigration/> (nou te ale sou li 25 Jen 2022)

78. Òganizasyon Entènasyonal Migrasyon, “Retou ak akèy imigran: asistans an Ayiti”, Me2022,

79. Ladwàn Ameriken ak Pwoteksyon Fwontyè, “Nationwide encounters”, cbp.gov/newsroom/stats/nationwide-encounters (nou te ale sou li 15 Jen 2022).

80. Witness at the Borders, vòl avyon “ICE Air :Me 2022 ak 12 dènye mwa yo”, 5 Jen 2022, static1.squarespace.com/static/5e221cacff87ba2d2833cf54/t/629d66f422e51c5598bb2bd5/1654482677232/ICE+Air+May+2022+vTHCPDF.pdf

81. Dapre Human Rights First, anvan restriksyon nan pò antre yo tankou Dekrè lwa 42, anpil moun k ap chèche azil te rive nan pò antre pou chèche pwoteksyon, pami yo 99 pousan Kiben ak Ayisyen DHS te rankontre sou fwontyè sid la nan ane fiskal 2017 (soti Oktòb 2016 pou rive Septanm 2017). Pou nou fè konparezon an, depi Oktòb 2021 jiska Me2022, sèlman 0.2 pousan Kiben ak 14 pousan Ayisyen ki te rive sou fwontyè sid la te ale nan yon pò antre. Gade Human Rights First, *Move rèv la kontinye: Desizyon tribinal Dekrè lwa 42 prolonje abi dwa moun, pwolonje dezòd sou fwontyè Etazini*, Jen 2022, humanrightsfirst.org/sites/default/files/NightmareContinues.pdf, p.3.

82. Journal Washington Post, “Kòm wout imigrasyon an chanje, kompanyon moun ap pase yon ekzamen nan Florida”, 9 Avril 2022, [washingtonpost.com/nation/2022/04/09/florida-keys-haitian-immigration/?emci=a8ca2018-44a3b9-ec11-997e-281878b83d8a&emdi=ea000000-0000-0000-0000-000000000001&ceid,](https://www.washingtonpost.com/nation/2022/04/09/florida-keys-haitian-immigration/?emci=a8ca2018-44a3b9-ec11-997e-281878b83d8a&emdi=ea000000-0000-0000-0000-000000000001&ceid,) BBC, “Onz imigran mouri nan lanmè nan eseye rive sou teritwa Ameriken an”, 13Me2022, bbc.com/news/world-us-canada-61417926.

83. Gad Kòt Etazini, “Gad Kòt rapatriye 124 moun an Ayiti”, 31Me2022, content.govdelivery.com/accounts/USDHSCG/bulletins/31a1396


84. Depatman Sekirite Enteryè, “DHS projete estrateji pou adrese ogmantasyon imigran yo nan Del Rio”, 18Septanm 2021, dhs.gov/news/2021/09/18/dhs-outlines-strategy-address-increase-migrants-del-rio

85. CDC, “CDC public health determination and termination of title 42 order”, 1 Avril 2022, [cdc.gov/media/releases/2022/s0401-title-42.html#:~:text=in%20consultation%20with%20the%20department,resumption%20of%20regular%20migration%20under](https://www.cdc.gov/media/releases/2022/s0401-title-42.html#:~:text=in%20consultation%20with%20the%20department,resumption%20of%20regular%20migration%20under)

86. Nan *Huisha-Huisha v. Mayorkas*, pa egzanp, Tribinal Distri D.C. te bay yon enjonksyon preliminè nan dat 16Septanm 2021 ki entèdi gouvènman an pou li kontinye mete fanmi yo deyò nan peyi Etazini sou baz dekrè Dekrè lwa 42 a, men gouvènman an te fè apèl e li te mande yon sispansyon enjonksyon an ke Kou Dapèl Awondisman D.C. a te akòde nan dat 30Septanm 2021, Finalman, nan dat 4 Mas2022, Jiridiksyon D.C. a te bay yon opinyon ke gouvènman an pa ka mete fanmi k ap chèche azil yo deyò kote yo ka pral pèsekite oswa tètire yo. Gade Center for Gender and Refugee Studies, “Title 42 Challenges”, cgrrs.uchastings.edu/our-work/title-42-challenges (nou te ale sou li 11 Jiyè 2022).

87. Amnisti Entènasyonal, *ETAZINI: ‘Ou pa gen okenn dwa isit la’: Repouse ilegal, detansyon abitè ak move tretman moun k ap chèche azil Ozetazini* (AMR 51/9101/2018), 11 Oktòb 2018, amnesty.org/en/documents/amr51/9101/2018/en/

chèche azil nan peyi Etazini pou pèsekisyon oswa vyolasyon dwa moun grav nan peyi kote yo soti yo⁸⁸. Non sèlman Dekrè lwa 42 a toujou an aplikasyon, men li sanble li reyalize yon rekò istorik nan sa ki gen pou wè ak depòtasyon Ayisyen.⁸⁹ Anplis de sa, Etazini kontinye wè kòm zak kriminel lè moun k ap chèche pwoteksyon antre san papyè, sa ki kontrè ak lwa entènasyonal yo⁹⁰.



Sous: CBP.gov, "Nationwide Encounters" (nou te gen aksè ak sa nan dat 5 Dawout 2022)

An pratik, ni ICE ni CBP ekspilse imigran ak moun k ap chèche azil sou baz Dekrè lwa 42 a. Dapre enfòmasyon Amnisti Entènasyonal te resevwa nan men ICE, ICE ede CBP nan "ekspilse moun ki pa sitwayen Ameriken sou baz Dekrè lwa 42 a," sa ki ta vle di "yo voye moun ilegal kap travèse fwontyè a tounen rapid Kanada oswa Meksik si youn nan peyi sa yo te dènye peyi yo te pase oswa yo voye yo nan peyi yo dapre nasyonalite yo." Dapre ICE, apre pwosesis CBP sou baz Dekrè lwa 42 a, "voye yon moun tounen nan peyi li ka pran jiska yon semèn, tou depann de kadans vòl yo ak egzijans peyi a kap resevwa yo a..." epi yo ka kenbe imigran ak moun k ap chèche azil yo nan "gwo rezo lokal detansyon ICE yo kote ajans lan mete moun ki pa sitwayen Ameriken yo⁹¹."

Reprezantan Amnisti Entènasyonal yo te fè entèvyou ak 24 Ayisyen Etazini te voye tounen Ayiti nan peryòd 25 Septanm 2021 ak 24 Janvyè 2022, gwoup sa gen ladan li 17 gason ak sèt fanm ki gen ant 25 ak 42 lane. Pifò nan yo te kite Ayiti ant senk a sèt ane anvan e prèske tout te rete swa Brezil oswa Chili anvan yo vwayaje ale sou fwontyè Etazini ak Meksik la. Pifò te vwayaje ak madanm ak pitit yo, epi pami moun ak fanmi ke yo te poze kesyon te gen senk fanm ansent ak sèt ti bebe ki poko gen dezan.

Ayisyen yo te fè entèvyou ak yo pou rapò sa a te kite Ayiti okòmansman pou yon bann rezon, tankou laperèz

88. Amnisti Entènasyonal, *USA: Yo pouse yo sou chimen danje: USA ak Meksik fòse timoun imigran ki pa akonpaye yo tounen nan danje* (AMR 51/4200/2021), [amnesty.org/en/documents/amr51/4200/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/4200/2021/en/)

89. Dapre estimasyon ki baze sou rapò Leta Ameriken ak Òganizasyon Entènasyonal Nasyonin pou Migrasyon te pibliye, Sant Quixote te afime ke nan premye ane li sou pouvwa Prezidan Biden te depòte prèske menm kantite Ayisyen ak administrasyon Bush, Obama ak Trump mete ansanm. Gade Sant Quixote, "nan premye ane li Biden te depòte prèske menm kantite Ayisyen ak twa dènye prezidan yo - ansanm," 18 Fevriye 2022, [quixote.org/biden-has-deported-nearly-as-many-haitians-in-his-first-year-as-the-last-three-presidents-combined/](https://www.quixote.org/biden-has-deported-nearly-as-many-haitians-in-his-first-year-as-the-last-three-presidents-combined/). Epitou, dapre vòl Witness at the Border te swiv, soti 19Septanm 2021 riveMe2022, 227 vòl depòtasyon soti nan peyi Etazini te ateri ann Ayiti, konpare ak yon total de 37 vòl nan 2020 ak 37 nan uit premye mwa 2021 yo. Gade Witness at the Borders, "ICE Air Flights:Me2022 ak 12 dènye mwa yo," 5 Jen 2022, static1.squarespace.com/static/5e221cacff87ba2d2833cf54/t/629d66f422e51c5598bb2bd5/1654482677232/ICE+Air+May+2022+vTHCPDF.pdf

90. Konvansyon sou Estat Refijye yo, art. 31.

91. Nan repons nou te resevwa nan men ICE nan dat 30 Jen 2022 pou kesyon "Èske w ka dekri wòl ICE nan fè respekte Dekrè Sante Piblik Dekrè lwa 42 CDC a sou fwontyè a? Èske li chanje pandan tan ap pase? Si wi, nan ki fason?," ICE te bay enfòmasyon sa yo: "U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE) Enforcement and Removal Operations (ERO) ede US Customs and Border Protection (CBP) nan ekspilse moun ki pa sitwayen yo sou baz Dekrè lwa 42. Ekspilasyon Dekrè lwa 42 yo gen ladann voye moun k ap travèse fwontyè ilegal yo tounen rapid Kanada oswa Meksik si youn nan sa yo peyi sa yo te dènye peyi yo te pase oubyen nan peyi nasyonalite yo. Wòl ICE ERO rive nan jwenn otorizasyon yon gouvènman etranje pou resevwa ekspilasyon Dekrè lwa 42 yo, epi kowòdone ekspilasyon sa yo nan yon akò enfòmèl. 2.Nan ki ka ak nan ki pwen nan pwosedi Dekrè lwa 42 a yo transfere moun ki anba gad CBP yo bay ICE? An jeneral, konbyen tan yo kenbe yo? Repons: Apre CBP fin trete ka yon moun ki pa sitwayen Ameriken sou baz Dekrè lwa 42 a, sa ka pran jiska yon semèn pou yo retounen yo nan peyi sitwayèn yo, tou depann de kadans vòl ak kondisyon akseptasyon peyi yo. 3. Èske gen sant detansyon espesifik kote yo kenbe pifò sitwayen Ayisyen anvan yo voye yo tounen Ayiti? Repons: ICE gen yon gwo rezo enstalasyon detansyon kote ajans lan loje moun ki pa sitwayen yo, epi bezwen operasyon yo detèmine kote ajans lan ka kenbe moun ki pa sitwayen yo kèlkeswa nasyonalite yo."

pèsekisyon akòz eksperyans vyolans ak menas yo te fè oparavan, vyolans gang gaye tribòbabò, devastasyon tranblemanntè a te fè, ak enkapasite pou pran swen fanmi yo. Depi lè yo te pati a, sitiyasyon an an Ayiti te sèlman vin pi mal.

Pa egzanp, anvan li te pwoche bò fwontyè Etazini ak madanm li ak pitit gason 2 zan li an, Ti Jean* te di Amnisti Entènasyonal li te kouri kite Ayiti ale Chili an 2017 apre li te resevwa menas lanmò akòz yo swadizan di li asosye ak yon òganizasyon politik nan katye li⁹². Menm jan an tou, George* te di chèchè Amnisti Entènasyonal yo ke li te kite Ayiti tou an 2017 apre yo te fin bat li anpil e menase li. Tout nèf sè li yo ak senk frè l yo te oblije swa kouri kite peyi a oswa yo te deplase ale lòt kote nan peyi a pou menm rezon yo⁹³. Malgre risk klè sa yo ofisye azil yo ta bezwen evalye, ni Ti Jean* ni George* - ni okenn nan 24 Ayisyen Amnisti Entènasyonal te pale ak yo a - rapòte ke yo pat gen opòtinite pou yo te pase okenn fòm evalyasyon endividyèl nan men ofisye azil yo (pwosesis pou konnen si moun gen laperèz⁹⁴) anvan yo te voye tounen an Ayiti, e okenn nan yo pa rapòte ke yo te gen aksè a entèprèt Kreyòl Ayisyen oswa asistans legal, ki se vyolasyon lwa Ameriken ak entènasyonal dwa moun.

92. Entèvyou fasafas ak Ti Jean*, 07 Oktòb 2021.

93. Entèvyou ak George* pa apèl vokal, 2 Fevriye 2022.

94. Human Rights First te fè entèvyou tou ak plis pase 150 moun k ap chèche azil nan mwa Masak Avril 2021 e li te deklare ke “ofisye imigrasyon Ameriken yo pat pase yon tès depistaj pwoteksyon anvan yo te voye yo tounen Meksik.” Gade Human Rights First and others, Failure to Protect: Biden Administration Continues Illegal Trump Policy to Block and Expel Asylum Seekers to Danger, Avril 2021, humanrightsfirst.org/sites/default/files/FailuretoProtect.4.20.21.pdf; Gade tou CBS News, “Few migrants processed under Title 42 border policy are screened for U.S. protection”, 15 Oktòb 2021, [cbsnews.com/news/immigration-title-42-border-policy-migrants-screened-us-protection/](https://www.cbsnews.com/news/immigration-title-42-border-policy-migrants-screened-us-protection/)

DETANSYON KI GEN POU WÈ AK IMIGRAN YO

Dapre lwa ak estanda entènasyonal dwa moun, yo ka sèlman redwi dwa libète moun nan sikonstans espesifik ak sikontans ki pi eksepsyonèl yo⁹⁵. Imigran ak moun k ap chèche azil, ak refijye yo, tankou nenpòt lòt moun, dwe benefisye yon sipozisyon legal pou libète yo epi, ki donk, si yo ta oblije redwi libète yo, lalwa dwe di sa aklè, yon objektif lejitim dwe jistifye sa fòmèlman, li dwe nesesè, ekilibre epi li pa dwe diskriminatwa⁹⁶.

Pou montre ke detansyon an nesesè ak pwopòsyonèl, leta peyi yo dwe demontre ke pa gen okenn mezi ki pap atenn libète moun yo pou reyalize menm objektif yo⁹⁷. Nan sèl ka yo pèmèt detansyon pou rezon ki gen rapò ak imigrasyon se nan sikonstans ki pi eksepsyonèl yo epi gen yon sipozisyon kont detansyon sa a⁹⁸. Yo pa ta dwe janm itilize detansyon ki gen rapò ak migrasyon kont kèk gwoup moun, tankou moun yo rekonèt kòm refijye, timoun⁹⁹, fanmi¹⁰⁰, moun ansent¹⁰¹, moun andikape¹⁰² ak sivivan trafik moun¹⁰³.

95. Kontra Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik (ICCPR), At. 9(1); Komite Dwa Moun (HRC), Kòmantè Jeneral 35: Atik 9 (libète ak sekirite moun), 16 Desanm 2014, Nasyonzini Doc. CCPR/C/GC/35; Asanble Jeneral, Kò Prensip pou Pwoteksyon Tout Moun ki ap sibi nenpòt fòm detansyon oswa anprizonman, Prensip 2; Konvansyon ki gen rapò ak Elati Refijye yo, At. 31; Konvansyon sou Pwoteksyon Dwa Travayè Migran ak Manm Fanmi yo, At. 16(1); Deklarasyon sou Dwa Moun Moun ki pa sitwayen peyi kote y ap viv la, At. 5(1)(a); Konvansyon Ameriken sou Dwa Moun, At. 7(1); Deklarasyon Ameriken sou Dwa ak Dewwa Moun, Atik. 1; Gid sou Kritè ak Estanda ki aplikab sou detansyon moun k ap chèche azil yo ak altènativ pou detansyon, 2012, Entwodiksyon.

96. Komisyon Jiris Entènasyonal, Prensip Siracusa sou Dispozisyon Limitasyon ak Derogasyon nan Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik, (Prinsip Siracusa), 1985, Prensip 10-18; ICCPR, Atik 15.

97. Gid pou Detansyon UNHCR, Gid 4.2, para. 34: “Tès nesesite ak pwopòsyonalite yo mande anplis yon evalyasyon si te gen mwens restriksyon oswa mezi pou fòse moun (sa vle, lòt posibilite nan plas detansyon) ki te kapab aplike pou moun ki konsène a epi ki ta efikas nan ka endividyèl la.” Gade tou Komisyon Entènasyonal Jiris, Prensip Siracusa (ki te site deja), I(A)(11).

98. Chaj prèv la dwe repoze sou do otorite ki detni yo pou yo demontre sipozisyon an favè libète ta dwe deplase. Se poutèt sa, detansyon ki gen rapò ak migrasyon pa ta dwe itilize (1) sèlman pou rezon sekirite; (2) sèlman pou objektif pou detèmine eleman yon moun base demann azil la, (3) sèlman kote yo itilize pou rezon souverènte, pou lwa leta a pou kontwòl fwontyè li yo ak/oswa pou lwa prevantif li kont antrè oswa sejou iregilye.

99. Lwa entènasyonal entèdi ak tout fòm detansyon timoun pou rezon migrasyon an paske li pa janm nan enterè yo. Gade Komite Nasyonzini pou Pwoteksyon Dwa Tout Travayè Migran ak Manm Fanmi yo (CMW), Obsèvasyon Konklizyon sou rapò inisyal Nikaragwa, 11 Oktòb 2016, Dok Nasyonzini. CMW/C/NIC/CO/1, para 39-40; CMW, Obsèvasyon konklizyon sou rapò inisyal Latiki, 31Me2016, UN Doc. CMW/C/TUR/CO/1, para 47-48; CMW, Obsèvasyon konklizyon sou rapò inisyal Nijè a, 11 Oktòb 2016, Dok Nasyonzini. CMW/C/NER/CO/1, para. 33. Gade tou Gwoup Travay sou Detansyon Abitè, Deliberasyon Revize No 5 sou privasyon libète migran yo, 7 Fevriye 2018, para. 11; Tribinal Entènasyonal pou Dwa Moun, Opinyon Konsiltatif OC-21-14: Dwa ak Garanti Timoun nan Kontèks Migrasyon ak/oswa nan Bezwen Pwoteksyon Entènasyonal, 19 Dawout 2014, para. 154; Konsèy Dwa Moun Nasyonzini, Rapò Rapòtè Espesyal sou dwa moun imigran yo sou yon ajanda 2035 pou fasilite mobilite moun, 28 Avril 2017, Dok Nasyonzini. A/HRC/35/25, para.61; ak UNHCR, pozisyon UNHCR konsènan detansyon timoun refijye ak migran yo nan kontèks migrasyon an, Janvyè 2017.

100. Komite Dwa Timoun yo (CRC) ak Komite pou Pwoteksyon Dwa Tout Travayè Migran ak Manm Fanmi yo (CMW) te souliye ke “detansyon nenpòt timoun akòz sityasyon migrasyon yo oswa paran yo reprezante yon vyolasyon dwa timoun epi li vyole prensip pi bon enterè timoun nan” epi yo konklir ke “lalwa ta dwe entèdi nenpòt kalite detansyon imigrasyon timoun epi entèdiksyon sa yo ta dwe konplètman aplike nan reyalitye a.” Gade CMW ak CRC, Joint general comment No. 4, (2017) Komite sou Pwoteksyon Dwa Tout Travayè Migran ak Manm Fanmi yo ak No. 23 (2017) Komite sou Dwa Timoun sou Obligasyon Leta konsènan dwa moun timoun nan kontèks migrasyon entènasyonal nan peyi kote yo moun, transpò, destinasyon ak retou, 16 Novanm 2017, Dok. CMW/C/GC/4-CRC/C/GC/23, para. 5. Anplis de sa, dapre Gwoup Travay sou Detansyon Abitè a, “timoun yo pa dwe separe ak paran yo ak/oswa gadyen legal yo. Detansyon timoun ki gen paran yo detni yo pa ta dwe jistifye sou baz kenbe inite fanmi an epi altènativ yo dwe aplike nan tout fanmi an pito. Gade Gwoup Travay sou Detansyon Abitè, Deliberasyon Revize No 5 sou privasyon libète migran yo, 7 Fevriye 2018, para. 40.

101. Nasyonzini, Règ pou Tretman Fanm Prizonye ak Mezi ki pa prive Fanm Delenkan yo de libète yo (Règ Bangkok yo), Dok. A/C.3/65/L.5, 6 Oktòb 2010, Règ 42; UNHCR, *Gid sou kritè ak estanda ki aplikab ki gen rapò ak detansyon moun k ap chèche azil ak altènativ nan plas detansyon*, 2012, Gid 9, UNHCR ak Kowalisasyon pou Detansyon Entènasyonal, *Zouti Deteksyon Vilnerabilite*, 2016.

102. Komite Dwa Andikape yo, Konklizyon Obsèvasyon sou rapò inisyal Inyon Ewopeyen an, 2 Oktòb 2015, Nasyonzini Doc. CRPD/C/EU/CO/1, para. 35. Gade tou Komite sou Dwa Moun Andikape yo, Konsiderasyon Rapò Eta yo soumèt sou baz Atik 35, Obsèvasyon Konklizyon – Slovaki, 13Me2016, Dok Nasyonzini. CRPD/C/SVK/CO/1.

103. Konsèy Ekonomik ak Sosyal, Rapò Premye Komisè Nasyonzini pou Dwa Moun nan Konsèy Ekonomik ak Sosyal: Prensip Rekòmande ak Gid sou Dwa Moun ak Trafik Moun, Jiyè 2002, Dok. E/2002/68/Add.1, Gid 2, para. 6. Gade tou, Asanble Jeneral, Rezolisyon sou Trafik fanm ak tifi, 30 Janvyè 2003, Dok. A/RES/57/176, para. 8; Komite Nasyonzini sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl, Konklizyon Obsèvasyon Komite sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl: Ikrèn, 24Septanm 2001, Nasyonzini Doc. E/C.12/1/Add.65, para. 29; ak Asanble Jeneral, Rapò Komite sou Eliminasyon Diskriminasyon kont Fanm, 18 Mas2004, Dok. A/59/38 (Pati I), para. 160.

Lè yo itilize detansyon nan fason abitud oswa otomatik ki gen rapò ak migrasyon se yon bagay abitud li ye pa definisyon¹⁰⁴. Leta peyi yo dwe fè evalyasyon endividyèl pou chak imigran, ak moun k ap chèche azil oswa refijye, pandan yo pran an konsiderasyon istwa yo ak bezwen espesifik yo chak, san diskriminasyon. Nenpòt desizyon ki gen rapò ak imigrasyon ki mete restriksyon sou dwa libète dwe toujou baze sou yon evalyasyon detaye ka pa ka sou sikonstans pèsonèl moun nan, ki gen ladan faktè tankou istwa pèsonèl li, laj, kondisyon sante ak sitiyasyon fanmi yo.¹⁰⁵ Se pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon pou travay ak siviv chòk oswa trafik ki pou fè evalyasyon sa yo, epi yo dwe espesyalize nan travay ak gwoup moun espesyal k ap chèche azil ak imigran yo konnen ki gen bezwen espesifik, ki gen ladan, *pou site kèk*, timoun, moun ki siviv maspinay oswa tromaize, viktim trafik, moun LGBTI, moun ansent, moun andikape ak moun ki gen anpil laj¹⁰⁶.

Moun k ap chèche pwoteksyon entènasyonal yo dwe enfòmè sou rezon ki fè yo nan prizon¹⁰⁷ ak dwa yo¹⁰⁸. Pou gade si detansyon yo a legal, yo ta dwe moun yo arete yo aksè a reprezantasyon legal endepandan (si sa nesesè gratis)¹⁰⁹ ak konsèy nan yon lang yo konprann¹¹⁰.

Dapre CBP, fanmi yo te trete sou baz Dekrè lwa 42 pase anviwon 3 a 5 jou nan prizon, sa depan de disponiblite vòl ak orè vòl avyon yo¹¹¹. Men, dapre temwayaj Ayisyen yo te kesyon pou fè entèvyou pou rechèch sa a, moun yo te voye tounen sou baz Dekrè lwa 42 antSeptanm 2021 ak Mas2022 te pase anviwon sèt jou nan detansyon imigrasyon Ozetazini, men nan kèk ka jiska 14 jou¹¹².

Amnisti Entènasyonal gen rezon pou l kwè, dapre deskripsyon moun yo te poze kesyon nan entèvyou yo te bay sou kondisyon jan lokal detansyon yo fè frèt epi twò kwense, ak enfòmasyon ki soti nan ONG yo ak rechèch Amnisti Entènasyonal te fè anvan yo ki te dekri kondisyon yo nan tou de lokal ICE ak CBP yo, yo te

104. Atik 9(1) ICCPR di: "Pèsonn pa dwe prive de libète li sof pou rezon sa yo epi selon pwosedi lalwa etabli." Nan lòt mo, dwa libète genyen yon sipozisyon legal kont detansyon. Gwoup Travay sou Detansyon Abitud a te mete aksan sou "Detansyon Abitud a pa janm ka jistifye, pou nenpòt ki rezon ki gen rapò ak ijans nasyonal, pou sekirite piblik oswa gwo mouvman imigran oswa moun k ap chèche azil." Gade Gwoup Travay sou Detansyon Abitud, Deliberasyon Revize No 5 sou privasyon libète migran yo, 7 Fevriye 2018, para. 8. Dapre Komite Dwa Moun Nasyonzini an, "[l]a nosyon 'abitud' pa dwe konpare ak 'kont lalwa', men nou dwe konprann li nan yon fason ki pi laj pou mete ladan eleman ki pa apwopriye, enjistis, mank de previzibilite ak pwosè lalwa dwe bay": Kòmantè Jeneral 35: Atik 9 (libète ak sekirite moun), Dok. CCPR/C/GC/35, 16 Desanm 2014, para. 12; Komite Dwa Moun Nasyonzini, Van Alphan v. Netherlands, Kominikasyon No 305/1988, 23 Jiyè 1990, para. 5.8.

105. Yon jij oswa yon lòt ofisye lalwa otorize pou egzèse pouvwa jidisyèl ta dwe fè plis revizyon sou nesesitye, pwoposyonèl ak legalite detansyon kap kontinye nan entèval regilye oswa sou demann prizonye a. Gade Komite Nasyonzini kont tèt: Konklizyon ak rekòmandasyon Komite kont tèt: Ongri, 6 Fevriye 2007, Dok. CAT/HUN/CO/4, para. 9; Komite Nasyonzini kont tèt, Obsèvasyon Konklizyon sou katriyèm ak senkyèm rapò peryodik Ostrali, 23 Desanm 2014, Dok. CAT/C/AUS/CO/4-5, para. 16; Komite Nasyonzini kont tèt, Konklizyon ak rekòmandasyon Komite a kont tèt: Itali, 16 jiyè 2007, Nasyonzini Doc. CAT/C/ITA/CO/4, para. 9; ak Komite Nasyonzini kont tèt, Obsèvasyon konklizyon sou katriyèm rapò Chip, 16 Jen 2014, Nasyonzini Doc. CAT/C/CYP/CO/4, para. 17. Gade tou, Komite Dwa Moun Nasyonzini, Konklizyon Obsèvasyon sou dezyèm rapò peryodik Malt, 21 Novanm 2014, Dok. CCPR/C/MLT/CO/2, para. 16; Komite Dwa Moun Nasyonzini, Obsèvasyon Konklizyon Komite Dwa Moun, 4Me2004, Dok. CCPR/CO/80/LTU, para. 15; Komite Dwa Moun Nasyonzini, Konklizyon Obsèvasyon sou sizyèm rapò peryodik Fenlann, 22 Out2013, Nasyonzini Doc. CCPR/C/FIN/CO/6, para. 10; Komite Nasyonzini pou Dwa Timoun, Obsèvasyon Konklizyon: Ostrali, 20 Oktòb 2005, Dok. CRC/C/15/Add.268, para. 64; Komite Dwa Timoun yo, Konklizyon Obsèvasyon sou dezyèm rapò peryodik Malt, 18 Jen 2013, Nasyonzini Doc. CRC/C/MLT/CO/2.

106. UNHCR, Gid sou kritè ak estanda ki aplikab nan zafè detansyon moun k ap chèche azil ak altènativ nan plas detansyon, 2012, Gid 9, UNHCR ak Kowalisyon pou Detansyon Entènasyonal, Zouti Deteksyon Vilnerabilite, 2016.

107. ICCPR, 9(2); Konvansyon sou Pwoteksyon Dwa Travayè Migran ak Manm Fanmi yo, At. 16(5).

108. CMW, Obsèvasyon konklizyon sou rapò inisyal Irigwe, 2Me2014, Nasyonzini Doc. CMW/C/URY/CO/1, para. 26; Komite sou Eliminasyon Diskriminasyon Rasyal (CERD), Obsèvasyon Konklizyon Komite sou Eliminasyon Diskriminasyon Rasyal: Malt, 14Septanm 2011, Dok. CERD/C/MLT/CO/15-20, para. 13.

109. Kòm garanti pwosedi yo, imigran prizonye yo, refijye yo ak moun k ap chèche azil yo gen dwa pou yo mennen yon pwosedi devan yon tribinal pou tribinal la ka deside, san pèdi tan, sou legalite detansyon an ak sou nesesitye pou li kontinye ak pwoposyonèl, epi bay lòd pou mwens. mezi fòse, si li jistifye, oswa lage san kondisyon si detansyon an pa legal. Yon revizyon konsa ta dwe baze sou yon evalyasyon ka pa ka nan sikonstans pèsonèl moun nan, ki gen ladan faktè tankou laj, kondisyon sante ak sitiyasyon fanmi an. Fado prèv la dwe repoze sou otorite ki detni yo pou yo demontre ke sipozisyon an favè libète ta dwe deplase.

110. Konvansyon sou Pwoteksyon Dwa Travayè Migran ak Manm Fanmi yo, At. 16(5); Kò Prensip Asanble Jeneral pou Pwoteksyon Tout Moun ki Anba Nenpòt Fòm Detansyon oswa Prizon, Prensip 14; Konsèy Ekonomik ak Sosyal, Rapò Rapòtè Espesyal la, Madanm Gabriela Rodríguez Pizarro, 30 Desanm 2002, Dok. E/CN.4/2003/85, para. 28; Gwoup Travay sou Detansyon Abitud, Opinyon Legal sou sitiyasyon an konsènan imigran ak moun k ap chèche azil, Dok. E/CN.4/1999/63, para. 69; CMW, Konklizyon Obsèvasyon sou rapò inisyal Latiki, 31Me2016, Nasyonzini Doc. CMW/C/TUR/CO/1; CMW, Konklizyon Obsèvasyon Komite sou Pwoteksyon Dwa Tout Travayè Migran ak Manm Fanmi yo, 3Me2011, Dok. CMW/C/MEX/CO/2, para. 42; Komite Dwa Moun Nasyonzini, Obsèvasyon Konklizyon Komite Dwa Moun, 15 Novanm 2010, Dok. CCPR/C/POL/CO/6, para. 18; Komite Nasyonzini kont tèt, Konklizyon ak rekòmandasyon Komite kont tèt: Bèljik, 23 Jen 2003, UN Doc. CAT/C/CR/30/6, para.7(g).

111. Kòm repons, kesyon ekri Amnisti Entènasyonal te voye, nou te resevwa nan dat 22 jiyè 2022, CBP te di òganizasyon an ke "si yon moun pa ka retounen nan dènye peyi li te pase a, CBP travay ak lòt patnè entè-ajans pou asire yon vòl ekspilsyon pou voye moun nan peyi orijin li epi kenbe moun nan nan yon pi piti tan." Nan ka fanmi yo trete sou baz Dekrè lwa 42, CBP te deklare ke "inite fanmi yo trete sou baz Dekrè lwa 42 epi ki manifeste pou vòl ekspilsyon yo pase an mwayèn 3-5 jou nan prizon, ki ka gen divèjans dapre disponiblite vòl yo ak orè vòl peyi etranje pèmèt yo."

112. Dapre 15 temwayaj peryòd mwayèn detansyon an te 6.7 jou, sepandan, omwen de fanmi te fè plis pase 14 jou nan prizon.

kenbe moun yo omwen nan yon premye tan nan lokal tanporè CBP yo. Anpil nan moun ki te patisipe nan entèvyou yo eksplike ke yo te deplase yo nan plizye lokal, e nan ka sa yo, moun ki te nan entèvyou yo te ka anba kontwòl ICE. Pou rezon sa a, nan objektif rapò sa a, yo itilize “detansyon imigrasyon” pou pale an jeneral de detansyon sou kontwòl CBP ak ICE.

Entèvyou Amnisti Entènasyonal te fè yo montre ke otorite Ameriken yo pa t fè okenn distenksyon lè yo te kenbe timoun ak moun ansent, sa se vyolasyon estanda entènasyonal dwa moun. Tout timoun ki t ap vwayaje ak granmoun Ayisyen ki te fè entèvyou yo, ansanm ak senk fanm ansent yo, rapòte yo te arete yo anvan yo te voye yo tounen. Anplis de sa, nan kèk ka, yo te separe fanmi yo.

Michel* te di Amnisti Entènasyonal li te pase sis jou anba pon an nan Del Rio ak madanm li ak timoun twazan yo a lè yo te arete yo epi yo te separe yo anvan yo te mete yo nan yon bis epi voye yo nan yon sant detansyon imigrasyon¹¹³. Menm jan an tou, Djonni (Johnny)* te di Amnisti Entènasyonal li menm, madanm li ki ansent, ak timoun dezan yo a, yo te mete yo nan prizon pou 14 jou anvan yo te voye yo an Ayiti, pandan tan sa a yo te separe pandan nèt jou¹¹⁴.

Pandan tan yo te pase nan detansyon an, Ayisyen yo te pase entèvyou yo te di Amnisti Entènasyonal yo pa t gen dwa fè apèl nan telefòn, yo pa t ba yo okenn aksè a reprezantasyon legal oswa entèprèt, epi yo te resewva ti kras oubyen zero enfòmasyon sou rezon ki fè yo te pran libète yo oswa kisa yo ta ka espere kap fèt aprè sa. An reyalye, anpil depòte Ayisyen te di Amnisti Entènasyonal yo pa konnen yo t ap voye yo tounen an Ayiti jiskaske yo te wè yo nan avyon an oswa pis ayopò a nan Pòtoprens¹¹⁵.

Malgre yo te arete ak voye yo tounen sou baz Dekrè lwa 42 - yon mezi yo te kòmanse aplike sou pretèks pou anpeche Kovid-19 - tout Ayisyen yo te pase entèvyou pou rapò sa a te montre ke otorite Ameriken yo pat janm fè tès Kovid-19 pou yo, ni ofri yo vaksen pandan detansyon yo a oswa anvan yo voye yo tounen, epi pandan pi fò tan an yo pa t ba yo okenn mezi prevansyon ak kontwòl enfeksyon, tankou distans fizik oswa kachnen¹¹⁶. Sa a afèbli san mank deklarasyon ki ta vle fè kwè ekspilsyon sou baz Dekrè lwa 42 yo te fèt pou anpeche Kovid-19, okontrè, rechèch Amnisti Entènasyonal te fè anvan yo ta vle sikjere ke moun k ap chèche azil yo gen plis risk pou yo ta pran Kovid-19 nan lokal detansyon imigrasyon ICE yo¹¹⁷. Sa ta vle di klèman libète moun yo te pran yo te yon zak abitrè¹¹⁸, epi an menm tan yo pa rive respekte prensip nesite oswa pwopòsyonalite ki nesè pou jistifye yon detansyon pou rezon sante piblik dapre lwa entènasyonal dwa moun¹¹⁹.

113. Entèvyou ak Michel* pa apèl vokal, 20 Janvyè 2022.

114. Entèvyou ak Johnny* pa apèl vokal, 8 Fevriye 2022.

115. Anpil sitwayen Ayisyen ki sibi ekspilsyon Dekrè lwa 42 te rapòte menm eksperyans lan. Gade, pa egzanp, Justice Action Center, “Federal Class Action lawsuit alleges racist and abusive treatment of Haitian migrants in Del Rio, Texas”, 20 Desanm 2021, justiceactioncenter.org/federal-class-action-lawsuit-alleges-racist-and-abusive-treatment-of-haitian-migrants-in-del-rio-texas/ (nou te ale sou li 11 Jiyè 2022); Haitian Bridge Alliance, Quixote Center and UndocuBlack Network, Miray Envizib la: Dekrè lwa 42 ak enpak li sou Imigran Ayisyen yo, 2021, quixote.org/wp-content/uploads/2021/03/The-Invisible-Wall.pdf.

116. Yon rapò te jwenn ICE pat respekte obligasyon ke yo genyen pou fè tès COVID-19 pou migran yo anvan yo monte nan avyon sou vòl domestik komèsyal yo. Gade:

Biwo Enspektè Jeneral la, “ICE Pat Swiv Politik, Gid, oubyen Rekòmandasyon pou asire ke yo fè tès Covid-19 pou Migran yo anvan yo mete yo transpòte yo sou vòl domestik komèsyal yo,” 18 Me 2022, oig.dhs.gov/sites/default/files/assets/2022-05/OIG-22-44-May22.pdf.

117. Amnisti Entènasyonal te jwenn oparavan temwanyaj kredib e twouban ke kondisyon nan batiman detansyon imigrasyon ICE yo an reyalye mete moun yo kenbe yo nan pi gwo risk pou yo ta pran Covid-19. Gade Amnisti Entènasyonal, *USA: ‘Nap derive, nou preske koule’: Menas katastwòf COVID-19 la nan enstalasyon detansyon imigrasyon yo Ozetazini*, (AMR 51/2095/2020), 7 Avril 2020, amnesty.org/en/documents/amr51/2095/2020/en/.

118. Daprè Gwoup nan Nasyonizini kap travay sou Detansyon Abitrè, Privasyon libète abitrè lè, pami lòt bagay, pa gen okenn baz legal pou jistifye li, ak lè detansyon an baze sou diskriminasyon. Gade: The Working Group on Arbitrary Detention, Revised Fact Sheet No. 26, ohchr.org/sites/default/files/Documents/Issues/Detention/FactSheet26.pdf.

119. Lwa entènasyonal dwa moun pèmèt restriksyon sou kèk dwa nan sikonstans limite, lè sa nesè ak pwopòsyonèl pou pwoteje sante piblik oswa lòt objektif lejitim ki enpòtan dapre lwa entènasyonal dwa moun. Sepandan, gen limit klè sou ki dwa yo ka redui ak nan ki nivo. Nenpòt limitasyon dwe pou yon objektif lejitim (nan ka sa a, limite enpak la pandemi COVID-19 la), nesè ak pwopòsyonèl ak objektif sa a. Prensip Siracusa sou Limitasyon ak Derogasyon Dispozisyon ki nan Kontra Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik, Dok. E/CN.4/1984/4 (1984), Pak Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik, Atik 12 (3).

4.2 ‘NOU TE FE FAS KARE A TOUT SOT DE SITYASYON: VYOLASYON DWA MOUN ATRAVE TOUT PEYI NAN AMERIK LA

Jan Etazini ap depòte Ayisyen papakèt la te lakòz yon efè negatif nan ogmantasyon depòtasyon yo ak lòt vyolasyon dwa pwoteksyon entènasyonal sitwayen Ayisyen sou kontinan Amerik la¹²⁰.

Nan mwa Septanm 2021, ajans Nasyonzi yo te mete ansanm pou mande leta peyi yo pou yo bay yon “apwòch rejyonal konplè” pou Ayisyen k ap deplase yo, epi pou yo ba yo mezi pwoteksyon ki gen ladann azil ak “oswa lòt aranjman legal pou sejour pou yo jwenn yon aksè pi efikas nan demach migrasyon nòmal yo.”¹²¹ yon apèl ki toujou lwen pou jwenn repons.

Nan mwa Oktòb 2021, Amnisti Entènasyonal ak òganizasyon Alyans Pon ant Ayisyen - Eychenn Bredj Alayens (Haitian Bridge Alliance) te rankontre plis pase 60 Ayisyen nan Tapachula, nan depatman Meksiken ki rele Chiapas, e yo te jwenn leta peyi nan Amerik la, tankou Meksik, Chili ak Brezil, pa t rive pwoteje Ayisyen ki t ap deplase yo kont yon seri vyolasyon dwa moun pami yo nou kapab site detansyon ak repouse moun nan yon fason ilegal, vòlè bagay yo, rasis kont moun Nwa, abi ki gen ladan vyolans seksyèl gwoup ame yo komèt, epi pran sa yo te pote¹²², ki kite yo san sekirite, san pwoteksyon nan peyi nan rejyon an.

Konklizyon rechèch kap fèt la a pa diferan. Nan entèvyou yo, Ayisyen te di Amnisti Entènasyonal youn nan rezon ki fè yo te kite Chili ak Brezil se ke yo te fè fas chak jou ak vyolans moun konsa konsa fè yo, epi menase yo, anjeneral, se diskriminasyon kont moun Nwa ki bay bagay sa fòs, ak lòt fòm diskriminasyon kwaze ki baze sou ras, ak imigrasyon ak sityasyon ekonomik.

Jòj (Georges)* te di Amnisti Entènasyonal nan peyi Chili yon nonm te rale zam sou li, li di: “Sa w fè moun Nwa nan peyi nou an? Nou pa bezwen ou? Retounen kote nou soti a” epi li te menase touye l si li ta janm wè l ankò¹²³. Menm jan an tou, Ti Riko* te di moun k ap fè rechèch yo li te kite peyi Chili apre li te fè fas ak vyolans ki baze sou ras ak menas¹²⁴.

“Lè m te fèk rive, te gen yon apresyasyon pou Ayisyen. Sa chanje. Yon gouvènman ki monte - ki rasis – ki pa vle bay papye. Lè m nan lari moun yo t ap di m ‘retounen nan peyi ou, moun sal, moun nwa.’”

Ti Riko¹²⁵, yon gason Ayisyen ki gen 30 lane, ki te kite Chili ak madanm li epi pitit yon lane yo genyen, apre li te fin viv pandan senkan nan peyi a. Yo te pase senk jou anba pon an nan Del Ryo epi yo te depòte yo tounen ann Ayiti nan mwaSeptanm 2021.

120. Nan yon rapò ke yo te soumèt bay Konsèy Sekirite a nan mwa Jen 2022, Sekretè Jeneral Nasyonzi an estime ke anviwon 40,000 sitwayen Ayisyen ak moun ki gen desandan Ayisyen yo te voye yo tounen soti nan peyi nan rejyon Amerik la sotiSeptanm 2021 rive Mas2022. Gade Biwo entegre Nasyonzi an Ayiti, Rapò Sekretè Jeneral la, 13 Jen 2022, UN Doc. S/2022/481, para. 52. Epitou, dapre OIM, depi Janvye rive Avril 2022, 11,620 Ayisyen te retounen an Ayiti, Etazini te voye 74% nan yo tounen. Bahamas te responsab pou 13% nan moun yo te voye tounen nan peryòd sa a ak pou Kiba se 9%. Gade Òganizasyon Entènasyonal Migrasyon, “Migrant returns and reception assistance in Haiti, Air and Sea, Brief: post-arrival survey,” Fevriye 2022, haiti.iom.int/sites/g/files/tmzbd11091/files/documents/final-brief-post-arrival-survey-with-recent-adult-returnees-in-haiti-sept-dec-2021-iom_0.pdf. Gade tou Amnesty International et al., “Ayiti: Kanpe depòtasyon aka bi kap fèt sou Ayisyen kap deplase yo: Yon etap ijan pou kreye politik ekitab pou Ayisyen” (AMR 36/5101/2021), 15 Desanm 2021, [amnesty.org/en/documents/amr36/5101/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr36/5101/2021/en/).

121. OIM, “Ajans Nasyonzi yo mande Mezi Pwoteksyon ak yon apwòch Rejyonal Konplè pou Ayisyen an depasman yo,” 30Septanm 2021, iom.int/news/un-agencies-call-protection-measures-and-comprehensive-regional-approach-haitians-move

122. Amnisti Entènasyonal ak Haitian Bridge Alliance, *pa gen sekirite okenn kote: Ayisyen ki an depasman yo bezwen pwoteksyon entènasyonal ijan* (AMR 36/4920/2021), 28 Oktòb 2021, [amnesty.org/en/documents/amr36/4920/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr36/4920/2021/en/)

123. Entèvyou ak George* pa apèl vokal, 2 Fevriye 2022.

124. Entèvyou ak Ti Rico* pa apèl vokal, 20 Fevriye 2022.

125. Entèvyou ak Ti Rico* pa apèl vokal, 20 Fevriye 2022.

Nan menm sans ak kèk premye rechèch Amnisti Entènasyonal epi lòt enstitisyon te fè anvan sa¹²⁶, Ayisyen te di tou yo te kite Chili ak Brezil akòz difikilte pou renouvle pèmi rezidans yo, ki te kreye lòt baryè pou jwenn travay ak aksè dwa sosyal ak ekonomik yo.

Prèske tout Ayisyen Amnisti Entènasyonal te pase entèvyou pou rapò sa a t ap bay fanmi yo ann Ayiti sipò lajan pandan yo t ap travay lòt bò dlo. Nan Brezil ak Chili, yo te travay sitou nan konstriksyon, jadinaj, livrezon oswa rekòt. Men, pou anpil nan fanmi yo, pandemi Kovid-19 la – ki te sèlman agrave inegalite yo e ki te lakòz anpil moun pèdi djòb nan Amerik Latin nan¹²⁷ – te fè li pi difisil pou yo satisfè bezwen yo. Anplis de sa, li parèt a klè pandemi an te afekte nan yon fason ki pi grav pou moun Nwa yo, menm jan ak imigran ak moun k ap chèche azil yo¹²⁸.

Diskriminasyon ki baze sou ras ak nasyonalite, enposibilite pou regilarize estati imigrasyon yo, ak reyalite ekonomik piman bouk Kovid-19 la ki vin pi grav, tout sa yo ede nou konprann poukisa depi omwen Janvyè 2021¹²⁹, plizyè lòt dizèn milye Ayisyen kite lavi yo dèyè apre anpil lane ap eseye etabli yo nan lòt peyi.

Tout Ayisyen yo te fè entèvyou avèk yo pou rapò sa a te di Amnisti Entènasyonal yo te travèse zòn *Daryenn nan*. Jan Amnisti Entènasyonal ak Eychenn Bredj Alayens (Haitian Bridge Alliance) te deja dokimante li¹³⁰, wwayaj la fèt sou grantè pou travèse Amerik Santral la, ak zòn *Daryenn* espesyalman – ki se yon forè ant Panama ak Kolonbi kote ou ka pase dis jou ap mache – tout moun konnen se yon pinisyon pou imigran ak moun k ap chèche azil yo. Yo te fè fas ak gwoup ame bèt sovaj, epi kadav moun ki gaye tribòbabo ki pa rive monte ak desann yon gwo mòn, pou anpil moun k ap mande azil zòn *Daryenn* pi bon bagay ki ka rive se kraze li kraze zo w, men pi move bagay la pou sila yo ki pa mouri nan wwayaj la, se yon eksperyans ki twomatize yo anpil.

Menm jan ak lòt moun Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou avèk yo an Oktòb 2021 yo, Ayisyen yo te fè entèvyou ak yo pou rechèch sa a te rapòte yo te wè imigran ak moun k ap chèche azil yo te vòlè zafè yo, vyole yo, e genyen ki menm mouri pandan wwayaj yo. Djonn* te di li te wè jèn fi ak jèn gason yo te vyole sou wout la, epi lapolis ak vòlè te vòlè zafè li ak gwoup li t ap wwayaje a nan Panama. Li te di moun chèche yo “Yo te rale zam sou nou epi yo te fè nou kouche atè (...) epi pran tout sa nou te genyen,”¹³¹.

“Mwen te oblije pran ti bebe a ak galon epi kouri, epi mwen te kite madanm mwen ak rèss moun yo monte mòn nan... pou eseye jwenn dlo. Lè nou rive bò larivyè a nan Kolonbi, nou te jwenn anpil moun ki mouri nan rivyè a, e (mwen te) fòse bwè dlo sa a epi bay pitit mwen an ladann. Fatig la se fini li fini ak nou.

Fred*, yon gason Ayisyen ki nan fen ventèn li, ki te kite Ayiti an 2017 e ki te eseye fè yon vi nan yon premye tan nan peyi Chili epi answit nan Brezil, anvan li te deside fè wwayaj la sou fwontyè Etazini ak Meksik ak madanm li ak pitit yon lane yo a.

126. Amnisti Entènasyonal ak Haitian Bridge Alliance, *pa gen sekirite okenn kote: Ayisyen ki an depasman yo bezwen pwoteksyon entènasyonal ljan* (ki te site deja), Refijye Entènasyonal, *Yo Pouse yo nan lonbray: Akèy Meksik bay Imigran Ayisyen yo*, 28 Avril 2022, refugeesinternational.org/reports/2022/4/25/pushed-into-the-shadows-mexicos-reception-of-haitian-migrants, Priya Morley et al., *Yon travèse Lespwa: Migrasyon fanm ayisyen yo nan Tapachula*, 2021, jumi.org/attachments/2020/A-Journey-of-Hope-Haitian-Womens-Migration-to%20Tapachula.pdf, S. Priya Morley et al., *Genyen yon objektif sou nou - Enpak rasis anti-nwa sou migran Afriken sou fwontyè sid Meksik la*, 2021, jumi.org/attachments/2020/The-Impact-of-Anti-Black-Racism-on-African-Migrants-at-Mexico.pdf

127. Rapò Amnisti Entènasyonal an espanyòl, *Américas: Desigual y Letal: Cinco claves para recuperarse de la crisis de derechos humanos que desató la pandemia en América Latina y el Caribe* (AMR 01/5483/2022), amnesty.org/en/documents/amr01/5483/2022/es/

128. Amnisti Entènasyonal, *America: Desigual ak Letal: Cinco claves para recuperarse de la crisis de derechos humanos que desató la pandemia en América Latina y el Caribe* (AMR 01/5483/2022). Epitou, rechèch Refugees International te jwenn ke Ayisyen nan Brezil, Chili ak Meksik tipikman pa ka jwenn azil oswa estati imigrasyon regilye nan peyi sa yo, pa gen okenn kandida pou jwenn travay ak diyite, epi yo jwenn plizyè anpechman pou yo gen aksè ak swen lasante ak lòt sèvis sosyal. Gade Refugees International, *Pushed into the shadows: Akèy Meksik bay Imigran Ayisyen yo*, 28 Avril 2022, refugeesinternational.org/reports/2022/4/25/pushed-into-the-shadows-mexicos-reception-of-haitian-migrants

129. Dapre OIM, ant mwa Janvyè ak Oktòb 2021, yon estimasyon 100,000 migran te travèse Gap Darien an, 62 pousan nan yo se te Ayisyen (soti nan 23 pousan nan 2020) ak yon mwayèn estime 800 a 1,000 migran ap travèse chak jou, k ap deplase. Gade OIM, Plan Repons Kriz, Gwo Mouvmman imigran ki trè vilnerab nan Amerik yo soti nan Karayib la, Amerik Latin ak lòt rejyon yo, 8 Oktòb 2021, p. 1, reliefweb.int/sites/reliefweb.int/files/resources/Large%20Movements%20of%20Highly%20Vulnerable%20Migrants%20in%20the%20Americas_IOM%20Response%20Plan.pdf

130. Amnisti Entènasyonal ak Haitian Bridge Alliance, *Pa gen sekirite Okenn Kote: Ayisyen An Depasman yo Bezwen Pwoteksyon Entènasyonal ljan* (yo te site deja).

131. Entèvyou ak Johnny* pa apèl vokal, 8 Fevriye 2022.

Lè yo rive Meksik, tankou plizyè milye lòt moun k ap chèche azil, Ayisyen yo te fè entèvyou ak yo pou rapò sa a te oblije rete tann pandan plizyè mwa nan Tapachula pandan y ap aplike pou azil, yo te fè fas ak rasis kont moun Nwa epi yo pa jwenn opòtinite travay fasil¹³². Dapre enfòmasyon Amnisti Entènasyonal te rive rasanble pandan yon wwayaj yo te fè nan Tapachula nan lane 2021 an, apati mwa Dawou 2021, Enstiti Nasyonal Imigrasyon (INM) te kenbe imigran ak moun k ap chèche azil ki te eseye kite Chiapas epi retounen yo Tapachula. Rezilta pratik sa a se ke tout imigran ak moun k ap chèche azil nan Chiapas, ki te pami yo plizyè dizèn milye Ayisyen, te bloke nan Tapachula, se tankou yo fè li tounen yon prizon ki pa kouvri¹³³.

Pou pi piti nan de lane ki sot pase yo, Ayisyen pat vrèman reyisi resevwa pwoteksyon entènasyonal nan peyi Meksik. Pandan ke plis pase 51,000 Ayisyen tap mande azil nan peyi Meksik an 2021, dapre chif ki soti nan COMAR (Komisyon Meksiken an pou Asistans Refijye yo) sèlman 35% nan demann Ayisyen yo te fè pou pwoteksyon entènasyonal yo te jwenn repons pozitif ane sa a, konpare ak 97% siksè pou Venezyelyen yo ak 85% pou moun Ondiras yo. Menm jan an tou, nan mwaMe2022 a, sou plis pase 7,000 Ayisyen ki te aplike pou pwoteksyon entènasyonal nan Meksik an 2022, sèlman 23% nan demann yo te reyisi, konpare ak 96% pou Venezyelyen yo ak 91% pou moun Ondiras yo¹³⁴.

Nan entèvyou yo te bay Amnisti Entènasyonal ak Echenn Bredj Alayens (Haitian Bridge Alliance) nan mwa Oktòb 2021, otorite ofisyèl COMAR te di yo jeneralman pa konsidere Ayisyen yo pou estati refijye dapre Deklarasyon Cartagena a paske yo te deja gen chans jwenn pwoteksyon nan lòt peyi kote yo tap viv, tankou Chili ak Brezil. Depi lè anpil nan moun nou te fè entèvyou avèk yo a te kite Ayiti, sityasyon sekirite a te vin pi mal epi pandan gen kèk moun ki te kite Ayiti pou chèche lavi miyò oswa akòz pa gen swen lasante ak ledikasyon, tout moun ki te pale ak Amnisti Entènasyonal ak Echenn Bredj Alayens (Haitian Bridge Alliance) yo te gen pi gwo laperèz nan vi yo pou yo ta retounen nan yon peyi ki pi mal pase sa yo te kite a¹³⁵.

Kòm Amnisti Entènasyonal te deja soulve li, lè yo pa konsidere prensip “la sou plas” la - ki pèmèt moun yo satisfè definisyon sityasyon refijye ki baze sou enkapasite pou yo retounen nan peyi orijin yo pou kèlkeswa premye rezon yo kite l la - otorite Meksiken yo ap neglije respekte angajman entènasyonal ak rejyonal yo¹³⁶.

Se pou tout rezon sa yo ki fè Ayisyen yo te fè entèvyou avèk yo pou rapò sa a te kontinye wwayaj yo, travèse Meksik pou eseye rive nan peyi Etazini. Fanmi yo rapòte yo pa t ap atann apre wwayaj long epi ki gen anpil danje se arete yo t ap arete, yo te sibi move tretman - gen kèk ka ki te rive nan maspinay - epi Etazini te voye yo tounen otomatikman, san okenn rekou oswa posiblite pou mande azil, jan lalwa Ameriken ak entènasyonal mande sa.

132. Amnisti Entènasyonal ak Haitian Bridge Alliance, *Pa gen sekirite Okenn Kote: Ayisyen An Deplasman yo Bezwen Pwoteksyon Entènasyonal ljan* (yo te site deja).

133. Carlos Mendoza, “Tapachula: siviv nan yon vil prizon, La Silla Rota, 26 Oktòb 2021, lasillarota.com/opinion/columnas/tapachula-sobrevivir-en-una-ciudad-carcel/575274

134. Gouvènman Meksiken an, Done fen mwaMe2022, gob.mx/cms/uploads/attachment/file/729953/Cierre_Mayo-2022_1-Junio_.pdf

135. Amnisti Entènasyonal, *Pa gen sekirite Okenn Kote: Ayisyen An Deplasman yo Bezwen Pwoteksyon Entènasyonal ljan* (yo te site deja), p. 10.

136. Amnisti Entènasyonal, *Pa gen sekirite Okenn Kote: Ayisyen An Deplasman yo Bezwen Pwoteksyon Entènasyonal ljan* (yo te site deja) pp. 5 ak 11.

4.3 M PA KA VIV AN AYITI”: YO VOYE MWEN TOUNEN POU KA VIKTIM ANN AYITI EPI MWEN VLE RETOUNEN KITE LI ANKO

DWA MOUN AK SITIYASYON IMANITÈ ANN AYITI

“VYOLANS AK ZAM RIVE NAN NIVO NOU PA T AP JANM IMAJINE E PAKA TOLERE AN AYITI”

Michel BACHLE (MICHELle Bachelet), Wo Komisè Nasyonzini pou Dwa Moun, Me 2022¹³⁷

Kondisyon yo kontinye vin pi mal an Ayiti depi lè Ayisyen administrasyon Bayden nan te voye tounen yo te kite peyi a premye fwa a. Peyi a ap fè fas a yon kriz imanitè ak dwa moun ki ap vin pi grav chak jou, tankou vyolans gang jeneralize, kriz politik apre asasinay Prezidan Ayiti a Jovenel Moïse¹³⁸, ensekirite alimantè ki gaye toupato, devastasyon apre yon tranblemanntè ki sot pase¹³⁹, yon sistèm sante ki “preske an degraba¹⁴⁰” ak risk pou Kovid-19 nan yon peyi kote to vaksinasyon pi ba pase 1.6%, depi mwa Me 2022¹⁴¹.

Gwo dèt peyi a te gen pou peye pou plizyè dizèn lane bay Lafrans an echanj rekonesans souverènte peyi a, ki ekivalan a 560 milyon dola Ameriken nan lajan jodi a make defi imanitè ak ajitasyon politik Ayiti yo jouk jounen jodia. Dapre yon dènye envestigasyon jounal Nouyòk Tayms (New York Times) te mennen, si lajan sa a te rete an Ayiti, li t ap ajoute pou piti 21 milya dola nan ekonomi an Ayiti pandan de dènye syèk ki sot pase yo¹⁴².

Yon ensekirite k ap monte ak vyolans gang k ap ogmante te afekte 1.5 milyon moun, ki vin bay plis pase 19,000 moun ki deplase ale lòt kote anndan peyi a, 1.1 milyon moun bezwen asistans,¹⁴³ epi sa te kreye tou pi move vag kidnapi nan listwa peyi Ayiti.¹⁴⁴

Nan mwa Avril 2021, yon rapò Obsèvatwa Ayisyen Kont Krim kont Limanite (OHCHH) ak Klinik Entènasyonal Dwa Moun Lekòl Dwa Harvard la ta vle montre konplisite gouvènman Ayisyen an nan twa masak gang te fè ant 2018 ak 2020. Atak sa yo te vize katye pòv yo epi dapre rapò a yo ta ka konsidere yo kòm krim kont limanite.¹⁴⁵

137. OHCHR, “Ayiti: Bachelet vrèman pètibe akòz enpak sitiyaasyon ensekirite nan Pòtoprens genyen sou dwa moun”, 17Me2022, [ohchr.org/en/press-releases/2022/05/haite-bachelet-deeply-disturbed-human-rights-impact-deteriorating-security](https://www.ohchr.org/en/press-releases/2022/05/haite-bachelet-deeply-disturbed-human-rights-impact-deteriorating-security)

138. Amnistî Entènasyonal et al., “Ayiti: Sispann depòtasyon Etazini ak abi kont Ayisyen an depasman yo: Yon etap ijan nan direksyon pou kreye politik ekita pou Ayisyen” (site deja).

139. Nan lane 2021, yon tranblemanntè mayitid 7.2 te frappe Ayiti, epi de jou apre, depresyon twopikal Grace te ajoute plis devastasyon toujou, sa ki te afekte pou piti 800,000 moun ak agrave vilnerabilite ki te deja egziste, ki kite plis pase 38,000 moun ki deplase anndan peyi a, ak 650,000 ki bezwen asistans imanitè. Sitiyaasyon sa enkyetan anpil nan yon peyi kote 4.3 milyon moun (44% nan popilasyon an) deja fè fas ak ensekirite alimantè egi. Gade Amnistî Entènasyonal et al., “Ayiti: Sispann depòtasyon Etazini ak abi kont Ayisyen an depasman yo: Yon etap ijan nan direksyon pou kreye politik ekita pou Ayisyen” (ki te site deja). Gade tou Biwo Nasyonzini pou Kowòdinasyon Afè Imanitè (OCHA), “Haiti: Earthquake Flash Update No. 3”, 18 Dawout 2021, reliefweb.int/sites/reliefweb.int/files/resources/Haiti%20Earthquake%20-%20Flash%20Update%20No.%203%20%2818%20August%202021%29.pdf; Biwo Nasyonzini pou Kowòdinasyon Afè Imanitè (OCHA), “Haiti: Earthquake Situation Report No. 7”, 7 Oktòb 2021, reliefweb.int/report/haite/haite-earthquake-situation-report-no-7-7-october-2021; Biwo Nasyonzini pou Kowòdinasyon Afè Imanitè (OCHA), “Ayiti: Earthquake Flash Update No. 3”, 18 Dawout 2021 (prevans site); Ajans Migrasyon Nasyonzini (IOM), “Tranblemanntè 14 Dawout 2021 – Sitrep 4: Displacement Tracking Matrix – Preliminary results”, 2 Oktòb 2021, reliefweb.int/report/haite/dtm-haiti-earthquake-14-august-2021-sitrep-4; Pwogram Alimantè Mondyal (PAM), “WFP Haiti – Country Brief”, Septanm 2021, docs.wfp.org/api/documents/WFP-0000132981/download/?_ga=2.268875313.1738883596.1637869689-1937873373.1637869689

140. Medsen San Fwontye, “Ayiti: 10 lane apre tranblemanntè a, sistèm sante preske fin kraze”, 10 Janvyè 2020, msf.org.uk/article/haite-10-years-after-earthquake-health-system-brink-collapse

141. Our World in Data, Estatistik ak Rechèch Vaksinasyon Coronavirus (COVID-19), “Moun ki pran vaksen kont Covid-19 ap pataje” ourworldindata.org/covid-vaccinations (nou te ale sou li 24Me2022).

142. Constant Méheut, “Koman (ak Poukisa) Nou te kalkile sa lajan Ayiti te peye Lafrans lan vo”, 25Me2022, New York Times, [nytimes.com/interactive/2022/05/20/world/americas/enslaved-haiti-debt-timeline.html#:~:text=Haiti%20officially%20made%20its%20last,loans%20in%201874%20and%201875.1](https://www.nytimes.com/interactive/2022/05/20/world/americas/enslaved-haiti-debt-timeline.html#:~:text=Haiti%20officially%20made%20its%20last,loans%20in%201874%20and%201875.1)

143. OIM Ayiti, “IDP Èd nan zòn vil yo”, 7 Fevriye 2022, reliefweb.int/report/haite/iom-haiti-idp-assistance-urban-areas-7-february-2022

144. Dapre yon rapò Sekretè Jeneral Nasyonzini an te soumèt bay Konsèy Sekirite Nasyonzini an nan mwa Jen 2022, “malgre yo pa rapòte kidnapi ak omisid entansyonèl yo, Polis Nasyonal peyi Dayiti an te anrejistre 540 kidnapi soti 1 Janvyè rive 31 Me 2022, yon ogmantasyon de 36,4 pousan., konpare ak 396 nan senk dènye mwa yo an 2021, pandan kantite omisid entansyonèl yo ap ogmante pou 17 pousan, soti nan 668 nan senk dènye mwa yo an 2021 a 782 nan senk premye mwa yo nan 2022.” Gade Biwo Entegre Nasyonzini ann Ayiti, Rapò Sekretè Jeneral la, 13 Jen 2022, Dok. S/2022/481, para.9. Gade tou Fon Nasyonzini pou Timoun (UNICEF), “Alarming Spike in abductions of women and children in Haiti”, 21 Oktòb 2021, [unicef.org/press-releases/alarming-spike-abductions-women-and-children-haiti-unicef](https://www.unicef.org/press-releases/alarming-spike-abductions-women-and-children-haiti-unicef)

145. Jan Observatoire Haïtien des Crimes contre l'humanité (OHCHH) ak klinik entènasyonal dwa moun nan Harvard Law School te dokiman li, masak gang yo te fè ak konplisite ofisyèl leta yo ak lapolis ant 2018 ak 2020 te lakòz plizyè santèn moun mouri asasinè. Rapò a detaye ki jan masak yo te fèt ak brutalite, e otè yo te vlope ak tòtre rezidan yo sou baz asosyasyon politik yo. Dapre rapò a, atak yo sanble swiv yon modèl sistematik epi ki gaye toupato se “politik ak òganizasyon leta a pou kontwole ak reprime kominote ki devan bann opozisyon

Depi asasina Prezidan an, tout moun ka wè gang yo vin gen plis pouvwa, sa ki lakoz popilasyon santi ensekirite a ap anvayi chak jou sou li¹⁴⁶. Soti Janvyè rive nan fen mwa Jen 2022, OHCHR te dokiman 934 zak asasinay, 684 blese ak 680 kidnaping nan kapital ayisyen nan. Dapre Biwo Dwa Moun Nasyonzini an, “pifò viktim yo pa t patisipe dirèkteman nan gang, men se manm gang yo ki te siblè yo dirèkteman.”¹⁴⁷ Nan fen mwa Avril 2022, yon diskisyon pou teritwa ant gang te kòmanse nan zòn metwopolitèn Pòtoprens e li te dire pou piti de (2) semèn, kote 188 moun te mouri.¹⁴⁸ Dapre OHCHR, yo te itilize metòd terib nan batay la tankou “dekapite, koupe ak boule kò yo, (ak) touye timoun minè yo akize kòm enfòmasyon pou yon gang anfas la”, epi tou yo te itilize vyolans seksyèl, tankou gang yo vyole timoun ki gen 10 zan pou “teworize ak pini moun k ap viv nan zòn ki kontwole pa gang rival yo”¹⁴⁹.

Anplis de sa, dapre OHCHR, depi Jen 2021, gang yo te kite an mwayèn 75 viktim vyolans seksyèl pa mwa, sitou fanm ak tifi, ki gen ladan timoun ki tou piti jiska 2 zan¹⁵⁰. Dapre ONG Enstiti pou Jistis ak Demokrasi an Ayiti, jwenn aksè lajistis la ki manke a ak enpinite a ki toujou la a, kriz politik nan moun te alimente li tou, Mekanis responsabite yo kraze epi yon sistèm jidisyèl frajil, tout sa yo travay pou mennen nan ensekirite jeneralize sa¹⁵¹.

Depi Septanm 2021 sèlman, Etazini voye plizyè dizèn milye Ayisyen tounen nan yon peyi ki pi mal pase sa yo te kite anpil lane pase. Ensekirite kap grandi ak kondisyon sosyo-ekonomik dènye limit, kreye gwo baryè pou moun yo voye tounen yo reyentegre epi rebati lavi yo.

Fanmi Ayisyen ak sikològ yo te fè entèvyu ak yo te di Amnisti Entènasyonal Ayisyen Etazini te voye tounen yo te rive an Ayiti - yon peyi yo te kite plizyè lane anvan - malad, dezoryante, fatige epi twomatize, yo pa gen okenn resous ditou yo oblije depann de fanmi yo tap sipòte finansyèman oparavan.

Gouvènman Ameriken an byen konsyan de kriz imanitè ak dwa moun k ap vin pi di ann Ayiti a.

Nan mwa Mas 2021, yon rapò DHS ki te pran lari te sijere ke ofisyèl Ameriken yo te konnen moun ki te depòte yo “kapab fè fas ak mal lè yo retounen an Ayiti” akòz enstabilite politik ki gaye nan peyi a ak vyolans.¹⁵² Depatman Deta Ameriken an li menm tou te klase Ayiti plizyè fwa kòm yon zòn Nivo 4 “Pa Vwayaje” - kategori vwayaj ki gen plis risk - akòz gwo pousantaj kidnapin, krim, ak ajitasyon sivil li yo.¹⁵³

Paske yo te rekonèt kriz dwa moun ak imanitè sa a, nan mwaMe2021, otorite Ameriken yo te anonse¹⁵⁴ yo te chwazi Ayiti pou yon lòt 18 mwa pou Eitati Pwoteje Tanporè (TPS) yo te baze sou “kriz politik ki ap vin pi mal, vyolans, ak yon ogmantasyon abi dwa moun san parèy” ki “anpeche sitwayen li yo retounen san danje.”¹⁵⁵

Pandan sa te bay gwo soulajman nan depòtasyon Ayisyen ki te prezan nan peyi Etazini apati 29 Jiyè 2021¹⁵⁶ li pa te bay okenn pwoteksyon pou okenn nan moun ki te fè entèvyu avèk nou pou rapò sa a lè yo te rive Ozetazini apre dat sa a, epi ekspilasyon papakèt Ayisyen ki te rive depi Jiyè yo kontinye.

gouvènman an.” Gade nan Harvard Law School International Human Rights Clinic and Observatoire Haïtien des Crimes Contre l'Humanité, Killing with Impunity: State-Sanctioned Massacres in Haiti, 2021, http://law.harvard.edu/wp-content/uploads/2021/04/Killing_With_Impunity-1.pdf

146. Amnisti Entènasyonal et al., “Ayiti: Sispann depòtasyon Etazini ak abi kont Ayisyen an depasman yo: Yon etap ijan nan direksyon pou kreye politik ekritab pou Ayisyen” (site deja).

147. OHCHR, “Komantè pòtpawòl Biwo Dwa Moun Nasyonzini an, Jeremy Laurence, sou vyolans gang Ayiti ak ogmantasyon abi dwa moun”, 16 jiyè 2022, ohchr.org/en/statements/2022/07/comment-un-human-rights-office-spokesperson-jeremy-laurence-haiti-gang-violence

148. OCHA, “Vyolans nan zòn Metwopolitèn Pòtoprens lan: Rapò Sitiyasyon #3,” 26Me2022, reliefweb.int/report/haiti/haiti-violence-port-au-prince-metropolitan-area-situation-report-3-26-may-2022

149. OHCHR, “Ayiti: Bachelet vrèman pètibe akòz enpak sitiyasyon ensekirite nan Pòtoprens genyen sou dwa moun”, 17Me2022, ohchr.org/en/press-releases/2022/05/haiti-bachelet-deeply-disturbed-human-rights-impact-deteriorating-security

150. Gwoup Pwoteksyon Global, “Ayiti anba kontwòl gang: Ogmantasyon vyolans seksyèl la”, Janvyè 2022, globalprotectioncluster.org/wp-content/uploads/GPC_Article_Haiti-Under-Gang-Control-The-Uprising-of-Sexual-Violence_Final-1.pdf

151. Enstiti pou Jistis ak Demokrasi an Ayiti, “Dwa moun ak eta de dwa an Ayiti - Kle dènye devlopman yo: Desann 2021 jiskaMe2022”, Me2022.

152. BuzzFeed News, “Ofisyèl Ameriken yo ap depòte imigran Ayisyen malgre yo konnen yo ka fè fas a danje”, 2 Mas2021, buzzfeednews.com/article/hamedaleaziz/us-deporting-haitian-immigrants-despite-dangers

153. Depatman Deta Ameriken - Biwo Afè Konsila, Ayiti Konsèy pou Vwayaj, travel.state.gov/content/travel/en/traveladvisories/traveladvisories/haiti-travel-advisory.html (nou te ale sou li 15 Jen 2022)

154. Depatman Sekirite Enteryè Ameriken, “Sekretè Mayorkas deziyen Ayiti pou Eitati Pwoteksyon Tanporè pou 18 Mwa”, 22 Me 2021, dhs.gov/news/2021/05/22/secretary-mayorkas-designates-haiti-temporary-protected-status-18-months

155. Rejis Federal, Deziyen Ayiti pou Eitati Pwoteksyon Tanporè, federalregister.gov/documents/2021/08/03/2021-16481/designation-of-haiti-for-temporary-protected-status (nou te ale sou li 19 Novanm 2021)

156. Sèvis Sitwayèn ak Imigrasyon Etazini, Eitati Pwoteje Tanporè, uscis.gov/humanitarian/temporary-protected-status (nou te ale sou li Premye Desann 2021).

“YO PA PRAN NOU POU MOUN”

MASPINAY KI GEN POU WE AK IMIGRASYON EPI RAS METE AK LOT MOVE TRETMAN SOU AYISYEN KI AP CHECHE SEKIRITE NAN PEYI ETAZINI

Amnisti Entènasyonal

An reyalye, nan mwa Me 2022 a, menm jan vyolans depase limit gang yo t ap vin pi di ann Ayiti, epi jounal degwadyann (*the Guardian*) te fè yon rapò sou “mechanste san parèy” batay gang ki te lakoz lanmò 150 moun mouri nan Pòtoprens¹⁵⁷, òganizasyon Witnès atdebòdè (*Witness at the Borders*) estime ke nan mwa Me a sèlman, Etazini te fè apeprè 36 vòl depòtasyon an Ayiti, kote yo te pote anviwon 3,850 Ayisyen.¹⁵⁸

Nan yon rapò ki te soumèt bay Konsèy Sekirite a nan mwa Jen 2022, Sekretè Jeneral Nasyon zini an te ekspriye enkyetid li konsènan sityasyon vilnerab Ayisyen yo te fèk voye tounen an Ayiti yo retwouve yo. Sekretè Jeneral Nasyon zini an te deklare¹⁵⁹: “Rapatriye yo, kèk ladan yo pat janm abite ann Ayiti, kapab riske deplase ankò anndan peyi a oswa aletranje ak eksplwatasyon ak vyolans akòz jan yo vilnerab nan dènye limit.”

Se pou tout rezon sa yo anpil nan Ayisyen ki te pale ak Amnisti Entènasyonal swa yo kite Ayiti yon ti tan apre yo te voye yo tounen an oswa yo di y ap fè sa depi yo ta gen mwayen.

Yon dènye sondaj OIM te fè te jwenn menm tandans yo apre yo fin fè sondaj sou 383 Ayisyen, yo te voye pifò ladan yo tounen Ayiti soti nan peyi Etazini ant 19 Septanm ak 31 Desanm 2021¹⁶⁰. Dapre sondaj la, anpil moun ki te fèk voye tounen an Ayiti te deja pati lè rechèch la te fèt, 84% te di yo te gen entansyon kite peyi a ankò, epi pou piti 39% te deja angaje nan prepare yo espesyalman pou fè sa, espesyalman Ayisyen ki te deja viv Brezil oswa Chili yo. Anplis, 74% nan moun ki fè sondaj te mansyone vyolans ak ensèkirite kòm youn nan rezon prensipal ki fè yo te gen entansyon kite ankò. Swasant-nèf pousan te rapòte tou yo te santi yo pa an sekirite nan lokalite yo te retounen yo. Tout done sa yo sijere, malgre kondisyon difisil ki te fè Ayisyen yo kite kay yo nan Amerik di Sid okòmansman epi riske lavi yo ak lavi fanmi yo nan yon vwayaj danjere, yo santi yo pi an sekirite nenpòt lòt kote ke Ayiti.

Nan yon entèvyou ak Amnisti Entènasyonal, anplwaye OIM yo te konfime doulè yo te anpil pou anpil Ayisyen yo te voye tounen nan yon peyi ki pi mal pase sa yo te kite a.¹⁶¹

“Mwen te kite Ayiti deja paske lavi mwen te menase... Mwen pa byen viv paske mwen pè anpil... plan nou se retounen kote m te ye a. Travay pou timoun nou gen lavi miyò.”

Emanyèl (Emmanuelle)*¹⁶², nan mitan transtèn li, te kouri kite Ayiti ale Brezil nan lane 2016 e li te fè vwayaj la pou rive peyi Etazini an 2021 ak mari l epi de pitit li, anvan Etazini te voye yo tounen.

“Kounye a ann Ayiti, nou gen yon santiman laperèz. Nou pè mache. Nou oblije veye. Bagay yo pi mal.”

Frank,¹⁶³ nan mitan ventèn li, te kite Ayiti an 2018 ale Brezil paske li pa t santi li an sekirite.

157. Guardian, “Mechanste san limit”: batay gang lakoz 150 moun mouri nan kapital peyi Dayiti”, 13 Me 2022, theguardian.com/global-development/2022/may/13/haiti-gang-battles-dead-wounded-displaced. Gade tou OCHA, “Vyolans nan zòn metwopoliten Pòtoprens lan: rapò sityasyon #3”, 26 Me 2022, reliefweb.int/report/haiti/haiti-violence-port-au-prince-metropolitan-area-situation-report-3-26-may-2022

158. Witness at the Borders, “vòl avyon ICE Air: Me 2022 ak 12 dènye mwa yo”, 5 Jen 2022, OHCHR, “Ayiti: Bachelet vrèman pètibe akonp nan sityasyon ensèkirite nan Pòtoprens genyen sou dwa moun”, 17 Me 2022, <https://static1.squarespace.com/static/5e221cacff87ba2d2833cf54/t/629d66f422e51c5598bb2bd5/1654482677232/ICE+Air+May+2022+vTHCPDF.pdf>

159. Biwo entegre Nasyon zini ann Ayiti, Rapò Sekretè Jeneral la, 13 Jen 2022, Dok. S/2022/481, para. 52.

160. Dapre OIM, “yo te fè sondaj la soti nan fen mwa Janvye jiska kòmansman mwa Fevriye 2022, yo te vize migran granmoun yo te voye tounen ann Ayiti epi ki te jwenn èd OIM ant 19 Septanm - 31 Desanm 2021, yo estime nan yon total 13,351 adilt ki te retounen nan peryòd sa a (76% rapatriye yo soti nan Ozetazini; 24% nan lòt peyi ak teritwa; 71% gason; 29% fi). Yon total 383 sondaj te fèt, ki baze sou yon senp metodoloji echantyon chwazi pa aza “. Gade Òganizasyon Entènasyonal Migrasyon, “Retou ak èd Migran yo resevwa an Ayiti, Anlè ak lanmèa, Brief: post-arrival survey”, Fevriye 2022, haiti.iom.int/sites/g/files/tmzbd11091/files/documents/final-brief-post-arrival-survey-with-recent-adult-returnees-in-haiti-sept-dec-2021-iom_0.pdf

161. Entèvyou ak anplwaye OIM Ayiti pa apèl videyo, 27 Janvye 2022.

162. Entèvyou ak Emmanuelle* pa apèl vokal, 17 Fevriye 2022.

163. Entèvyou ak Frank* pa apèl vokal, 27 Janvye 2022.

4.4 YON ISTWA ARESTASYON, DETANSYON, EKSPILSYON AK DEKOURAJMAN POU AYISYEN KAP CHACHE AZIL YO

“Peyi nou an gen yon long istwa nan move tretman imigran moun Nwa yo, ki parèt aklè nan move tretman istorik Ayisyen yo.”

Lèt 100 manm Kongrè a bay Prezidan Baydenn, 16 Fevriye 2022 ¹⁶⁴

Nan mwa Fevriye 2022, plis pase 100 manm kongrè Ameriken an te voye yon lèt bay Prezidan Baydenn pou yo te mande l pou l rekonèt “move tretman istorik” Etazini sou imigran Ayisyen yo, pou mete fen nan Dekrè lwa 42 a, pou “fè yon revizyon konplè sou tretman diferan imigran Nwa yo nan tout sistèm imigrasyon an,” epi pou “pran mezi pou abòde defi sistèmik imigran Nwa yo fè fas pou yo resewwa tretman egal.”¹⁶⁵

Lè yo tap karakterize move tretman Ayisyen yo te sibi, manm kongrè epi senatè yo te fè referans ak politik entèspeksyon Etazini nan ane 1980 yo, kan detansyon yo te kreye nan *Guantanamo Bay* kote yo te kenbe Ayisyen ki te gen VIH nan ane 1990 yo, ak depòtasyon ki te kontinye menm apre tranblemanntè ak yon epidemi kolera.¹⁶⁶

Nan kad rechèch sa a, e pou kontèkstualize ekspilasyon aktyèl Dekrè lwa 42 yo nan apwòch pi laj ak istorik otorite Ameriken yo nan imigrasyon Ayisyen an, Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou ak ekspè akademik, defansè, epi revize pwòp achiv li yo sou imigrasyon ayisyen nan.

Nan yon entèvyou ak Amnisti Entènasyonal, Kal Lennskoug (Carl Lindskoog), yon istòryen ki gen travay li ki konsantre sou imigrasyon Ayisyen pou Ozetazini apati ane 1970 yo, te di ke gouvènman Ameriken yo youn apre lòt te konstwi yon sistèm anprizònman papakèt sou baz ras¹⁶⁷ ki fèt sitou nan dezi pou kontwòl, limite, epi retire Ayisyen. Li afime ke modèl pinisyon piman bouk detansyon imigrasyon sa a te vin tounen yon plan yo itilize nan lòt pati nan mond lan.

Nan travay akademik li, Lennskoug (Lindskoog) dekri kijan depi ane 1970 yo, sou baz “Pwogram Ayiti” Ayisyen k ap chèche azil nan peyi Etazini te fè fas ak odyans imigrasyon rapid, restriksyon reprezantasyon legal, prèske pa gen tradiksyon, ak detansyon nan kondisyon ki pa bon menm.¹⁶⁸ Lennskoug (Lindskoog) te etidye detansyon imigran Ayisyen yo ak moun k ap chèche azil yo tou nan sant detansyon VIH Ameriken yo nan Guantanamo Bay nan ane 1990 yo - yon pratik ki mal gide epi abizif ki te pèmèt detansyon Ayisyen papakèt k ap chèche azil k ap viv ak VIH swadizan pou rezon sante piblik. Amnisti Entènasyonal tou te souleve enkyetid sou sa nan moun an.¹⁶⁹

164. Cori Bush, “Cori Bush, Cory Booker dirije 100 kòlèg li pou mande Biden anile Dekrè lwa 42 an ak politik imigrasyon “anti-Nwa”, 16 Fevriye 2022, bush.house.gov/media/press-releases/cori-bush-cory-booker-lead-100-colleagues-calling-biden-reverse-title-42-order

165. Cori Bush, “Cori Bush, Cory Booker dirije 100 kòlèg li pou mande Biden anile Dekrè lwa 42 an ak politik imigrasyon “anti-Nwa” (ki te site deja).

166. Cori Bush, “Cori Bush, Cory Booker dirije 100 kòlèg li pou mande Biden anile Dekrè lwa 42 an ak politik imigrasyon “anti-Nwa”

167. Rasyalizasyon se pwosesis konstriksyon sosyal idantite etnik ak/oswa relijiye yo pwojete sou moun ki baze sou estrikti sosyal ak relasyon pouvwa. Moun nan pa idantifye tèt li kòm rasyalize men li defini deyò. Pwosesis sa a deklannche pratik diskriminatwa sistèmik bò kote enstitisyon Leta yo, antite prive ak moun.

168. Carl Lindskoog, *Kenbe epi Pinih: Refijye Ayisyen yo ak monte pi gwo sistèm detansyon pou imigrasyon nan* 2018, p. 27

169. Amnisti Entènasyonal, Aksyon pou ekri lèt medikal: Ayisyen k ap chèche azil Ozetazini (Guantanamo), (AMR 51/005/1993), 2 Fevriye 1993, [amnesty.org/en/documents/amr51/005/1993/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/005/1993/en/)

Nan yon entèvyou ak Amnisti Entènasyonal, Lenskoug (Lindskoog) te mete aksan sou resanblans istorik ki genyen ant detansyon ak eskizyon Ayisyen ki gen VIH ki pozitif nan ane 1990 yo ak fason yo te ekspilse Ayisyen yo sou baz Dekrè lwa 42, yon lòt zouti ki te itilize pou fè ekspilasyon papkèt pou rezon sante piblik, epi se yon vyolasyon lwa entènasyonal sou dwa moun. Dapre istòryen an:

“Li pa ta dwe etone kras moun jan Ayisyen yo pami moun - pa sèlman yo menm – ki espesyalman vize pou sa paske yo te toujou vize selon sa listwa montre... Se jis yon lòt chapit lè yo sèvi ak enkyetid sou sante piblik pou fè sa Etazini ap fè a nan plizyè fason sou yon peryòd tan ki long, ki ap eseye eskli Ayisyen yo... mete yo nan prizon epi mete yo deyò... Li ta parèt nòmal nan dènye chapit la lè yo sèvi ak sante piblik kòm pretèks pou reyalize pi gwo ajanda yo a, ki se eseye elimine yo nan sosyete Ameriken an.”

Kal Lennskoug (Carl Lindskoog), istòryen epi pwofesè, entèvyou li a te fèt nan apèl videyo, 5 Me 2022

Jefre Kàn (Jeffrey Kahn), yon antwopològ ak gwo savan lalwa ki te etidye imigrasyon ayisyen nan Ozetazini tou te di Amnisti Entènasyonal jan tandans administrasyon Ameriken yo youn apre lòt se te nan redwi pwosedi pwoteksyon pou Ayisyen k ap chèche azil yo.

“Tout koub istwa politik imigrasyon Ameriken anvè Ayiti te vire sou restriksyon pwosedi pwoteksyon yo.” Li ajoute, **“Se pa kòmsi Ayisyen yo pandan plizyè deseni nan tantativ yo pou mande azil Ozetazini pa t janm resevwa yon pwosedi yo dwe ba yo... men sètènman refi sa yo se yon karakteristik yo ap toujou jwenn...Objektif anpil administrasyon pou pi piti se te pou kenbe sou baz legal posiblite pou refize pwosedi pwoteksyon si yo vle fè sa.**

Kàn (Kahn) te di Amnisti Entènasyonal tou li wè restriksyon kounya yo nan trete demann azil sou fwontyè Etazini ak Meksik la kòm yon tantativ otorite Ameriken yo pou retounen nan politik ak pratik nan tan lontan an, sitou nan kòmansman ane 1970 yo, anvan Etazini te gen yon sistèm azil an plas. Kàn (Kahn) di yon lòt moman kle nan efò Etazini pou anpeche imigrasyon ayisyen nan se te nan lane 1981, lè Operasyon Entèdiksyon Imigran Ayisyen (HMIO) - yon pwogram entèdiksyon imigran sou lanmè yo - te antre an aplikasyon. Kàn te di Amnisti Entènasyonal HMIO te “ekstrèmman efikas” epi li “te fè egzakteman sa gouvènman Ameriken an te vle li fè a, ki se te bloke Ayisyen yo anvan yo te rive sou sòl Ameriken an pou evite tout konplikasyon nan tribinal Ameriken yo, nan pwèn sa yo pa t ap deside an favè gouvènman Ameriken an nan limit ofisyèl yo ta vle l la. Li ajoute:

“Si ou gade yon ti detay anplis... gen yon sòt de ale vini kap fèt. Souvan gen yon reyaksyon depase limit: refi demann pou pwoteksyon an jeneral... Ka Ayisyen an inik paske li te inogire nouvo paradig ak pratik litij dwa imigran nou wè ki devlope nan ane 1980 yo ak jounen jodia. Men sa yo te reyèlman kèk nan premye ka yo kote ou te gen litij konplike sa yo ak òganizasyon kominotè ak rezo militan t ap mete... yon kantite presyon enpòtan sou gouvènman an pou bay yon pwosedi nòmal pou moun k ap chèche azil yo, nan ka sa a Ayisyen k ap chèche azil. Kidonk, ou wè reyaksyon depase limit sa a bò kote gouvènman an epi apresya yo fè yon ti retounen nan reyaksyon depase limit sa a, epi ansuit yo... tounen nan pozisyon depase limit la ankò.”

Menm jan ak anpil lòt moun ki te fè entèvyou pou rechèch sa a, Kàn wè Dekrè lwa 42 kòm yon tantativ otorite Ameriken yo pou retounen nan pozisyon dènye limit sa yo nan tan lontan an. “Se sa Dekrè lwa 42 a ye”, li di, “pa bay okenn pwosedi pwoteksyon, voye moun tounen, kontounne sistèm azil la nèt ak yon teknik legal ...”¹⁷⁰

170. Jeffrey S. Kahn, “Lòt Istwa Guantanamo”, Boston review, 15 Oktòb 2021, bostonreview.net/articles/guantanamos-other-history/

Kàn te di Amnisti Entènasyon tou paralèl ki genyen ant eksklizyon aktyèl Ayisyen yo sou baz Dekrè lwa 42 a ak fason Ayisyen k ap chèche azil k ap viv ak VIH yo te mete an karantèn nan ane 1990 yo se “se yon bagay san fot.” Li te di òganizasyon an menm jan ekspè sante piblik te dakò nan ane 1990 yo pa te gen okenn baz solid pou kenbe imigran Ayisyen k ap viv ak VIH, se konsa tou ekspè sante piblik te dakò jodi a Dekrè lwa 42 a pa nesèsè. Malgre sa, li di, “yo te sèvi ak laperèz pou maladi sa a ki soti yon lòt kote kòm zam pou refize moun bay moun k ap chèche azil yo pwoteksyon yo ta dwe resevwa sou baz lwa Etazini ak lwa entènasyon.”¹⁷¹

4.5 DISKRIMINASYON RASYAL NAN SISTÈM AZIL AK IMIGRASYON YO

Akademisyen ak defansè ki te bay entèvyou pandan rechèch sa a te toujou di Amnisti Entènasyon yo wè diskriminasyon rasyal sistèmik, e sitou rasis kont moun Nwa, kòm yon faktè kle nan fason otorite Ameriken yo te konstwi politik imigrasyon pou Ayisyen pandan plizyè dizèn ane yo.

Jefre Kàn ki se yon antwopològ di jan dosye ras ak zafè fè Ayisyen pase tankou “lòt moun ki pa enkli” nan ane 1970 yo, ane 1980 yo ak ane 1990 yo te mennen nan ijans dèyè politik imigrasyon yo te kreye nan epòk la. Kàn te di Amnisti Entènasyon nan deseni anvan yo Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon Ameriken an - ajans nan epòk sa a ki responsab pou imigrasyon ak natiralizasyon - te pale aklè sou “Jan Ayisyèn reprezante yon menas” ki te tradwi nan enkyetid ki te gen sou Ayisyen ki tap rive nan bato. Kàn afime ke sa te ede enspire yon istwa estigmatizan nan estereyotip sou imigran Ayisyen yo nan imajinasyon piblik Ameriken an nan ane 1980 yo ak ane 1990 yo.

“Yo pat konsidere Ayisyen yo sèlman kòm moun Nwa... Ayiti nan imajinasyon piblik Ameriken an nan epòk la (nan ane 1970 yo ak ane 1990 yo) te konsidere kòm yon moso nan Lafrik ki yo te abandone nan Karayib la. Pèsepsyon sa a sou Ayisyen pa t sèlman sou koulè nwa a. Se te yon koulè nwa yo te wè sou baz etno-rasyal. Se koulè nwa Ayisyen an, ki se yon bagay yo konsidere kòm pi Nwa toujou, nan sans tout pèsepsyon negatif ki asosye ak Nwa Afriken yo...”¹⁷²

Nan mwa Oktòb 2021, pandan plizyè milye Ayisyen te sou fwontyè Del Ryo ap tann pwoteksyon entènasyon, nan yon entèvyou ak jounal Fòks Nyouz (Fox News), ansyen Prezidan Twonp te deklare ke Ayisyen yo “ka gen SIDA” epi li te deklare rive yo Ozetazini tankou yon “malèpandye lanmò pou peyi an”.¹⁷³ Jefre Kàn di remake sa yo te sèlman fè reparèt move estereyotip te nan imajinasyon piblik la depi ane 1980 yo ak anpil fòs.

Pou ONG k ap travay kounye a ak Ayisyen k ap chèche azil Ozetazini yo, Dekrè lwa 42 a te sèlman agrave diskriminasyon rasyal sistèmik sa a, akademisyen¹⁷⁴ yo te deklare bay Amnisti Entènasyon. Nan entèvyou, avoka Brin Palmè (Breanne Palmer) di menm si Dekrè lwa 42 a ta parèt net sou plan rasyal, nan pratik, li te afekte nan yon fason ki pa egal imigran Nwa ak Ayisyen yo.

“Jan ekspilsyon Dekrè lwa 42 yo fèt la vrèman degoutan. Li ranfòse pèsepsyon rasis kòm kwa imigran yo pote maladi. Anplis de sa, w ap voye moun tounen nan peyi yo, ann Ayiti, pou fè fas ak divès kalite traka, oswa nan kominote sou fwontyè Meksik kote ki rive paske yo se moun Nwa. Yo se sib fasil pou diskriminasyon... Mwen pa konnen si jan Dekrè lwa 42 a te fòmile a te fèt nan entansyon espesyal pou fè imigran Nwa yo mal, men se sa nou wè k ap fèt.”

Brin Palmè (Breanne J. Palmer), Premye Avoka-Konsèy Politik Imigrasyon nan Konferans Lidèchip sou Dwa Sivil ak Dwa Moun Avoka

171. Gade tou: Jeffrey S. Kahn, “Biden ap Repete yon Istwa Atwosite nou fin bliye Kont Refijye Ayisyen”, Slate, 2 Novanm 2021, slate.com/news-and-politics/2021/11/biden-atrocity-against-haitian-refugees-gitmo.html

172. Entèvyou ak Dr Jeffrey Kahn nan apèl videyo, Pwofèsè Asosye nan Depatman Antwopoloji nan University of California, Davis, 13 Jen 2022.

173. Matthew Loh, “Trump deklare sou okenn baz ke imigran Ayisyen k ap antre Ozetazini yo ‘pwobableman gen SIDA’ epi kite yo antre ‘se tankou nou swete lanmò nou’”, 8 Oktòb 2021, businessinsider.com/trump-haitian-immigrants-entering-us-probably-have-aids-death-wish-2021-10

174. Entèvyou ak Jeffrey Kahn pa apèl videyo, 13 Jen 2022 ak Entèvyou ak Carl Lindskoog pa apèl videyo, 5 Me 2022.

Defansè yo te di Amnisti Entènasyonal tou jan diskriminasyon rasyal sistemik kont moun Nwa yo eksplike rezon kifè piblik la rete bèbè fas ak ekspilsyon papakèt Ayisyen yo sou baz Dekrè lwa 42, ki diferan a jan moun te fache lè separasyon fanmi yo te fèt sou administrasyon Twonp lan. Adi Gasana (Haddy Gassama), Direktè Politik ak Defans nan òganizasyon Onndokyoublak Nètwok (UndocuBlack Network), te di Amnisti Entènasyonal:

“Nou te okouran de timoun piti ak ti bebe ki pi piti pase yon lane yo te mete nan avyon sa yo... Pa t gen reyaksyon rapid ki soti nan kè moun yo lè sa a... Mwen panse sa gen pou wè ak jan yo pa pran ti bebe Nwa sa pou moun, yo jis pa wè timoun sa yo kòm moun menm jan yo wè lòt timoun oswa imigran ki pa Nwa.”

Adi Gasana (Haddy Gassama), Direktè Politik ak Defans, Rezo Oundokyoublak (UndocuBlack), te bay entèvyou nan apèl telefòn 23 Mas 2022

Se pa tout moun k ap chèche azil ki rive Ozetazini ki ta pase anba Dekrè lwa 42, epi otorite gouvènman Ameriken yo deside jan yo vle sou fason yo aplike li. Kòm repons a kesyon ki te ekri sou fason desizyon sa a fonksyone nan reyalitye a, CBP te konfime desizyon Dekrè lwa 42 a “pa aplike pou moun sa yo ofisye yo te detèmine yo, ak apwobasyon yon sipèvizè, desizyon sa ta dwe fè eksepsyon dapre tout sikonstans yo, li gen ladann konsiderasyon enpòtan ki fè respekte lalwa, ofisye ak sekirite piblik, rezon imanite, ak enterè sante piblik.” CBP te ajoute tou “pa gen okenn eksepsyon pou okenn nasyonalite an patikilye.”

Men poutan, nan mwa Mas 2022, dapre yon memo CBP¹⁷⁵ ki te flite nan laprès¹⁷⁶, otorite yo nan fwontyè Etazini ak Meksik yo te resevwa enstriksyon pou yo konsidere Ikrenyen yo kòm eksepsyon Dekrè lwa 42 a, sa te pwovoke akizasyon sou diskriminasyon rasyal ak estanda de pwa de mezi, yon bagay administrasyon Baydenn nan te demanti¹⁷⁷. An reyalitye, òganizasyon k ap travay ak moun Nwa k ap chèche azil yo di aplikasyon diskresyonè Dekrè lwa 42 a se jis yon lòt endikatè klè sou fason diskriminasyon rasyal kont moun Nwa yo entegre nan sistèm azil Ameriken an.

Defansè yo di tretman diskresyonè sa a ranfòse tou nan imaj diferan ki parèt nan tretman otorite Ameriken yo bay moun Nwa k ap chèche azil yo konpare ak Ikrenyen blan yo.

“Lè w mete kòtakòt imaj Baydenn ki kenbe yon timoun Ikrenyen (blan) nan bra l ak imaj ajan patwouy fwontyè yo sou chwal kap fwete imigran Ayisyen (Nwa) nan Del Ryo, imaj la di tout bagay aklè. Eksperyans sa a se esansyèlman jan yo te trete imigran Nwa yo Ozetazini epi franchman se jan yo te trete yo pandan tout wwayaj yo.”

Ronal Setout (Ronald Claude), Direktè Politik & Defans, Blak alayans fò djòs imigrechonn (Black Alliance for Just Immigration) (BAJI)

Pandan ke otorite Ameriken yo pa kolekte done sou segmantasyon selon ras nan sistèm imigrasyon Ameriken an, nan fè rechèch sa a Amnisti Entènasyonal te revize anpil prèv, lè yo mete ansanm, ki sijere ke Ayisyen fè fas a diskriminasyon pa woutin nan sistèm azil Ameriken an.

175. Matthew S. Davies, Direktè Egzekitif Pwogram Admisibilite ak Pasajè yo, “Title 42 Exceptions for Ukrainian Nationals”, 11 Mas 2022, drive.google.com/file/d/1glEe8MnsNWR15BsfQiaSR75yKBrCuqe/view

176. CBS News, “Chef Sekirite Nasyonal la demanti doub estanda sou fwontyè sid la apre li te di prèske 3,000 Ikrenyen te otorize pou antre Ozetazini”, 6 Avril 2022, [cbsnews.com/news/ukraine-refugees-mayorkas-us-mexico-border-title-42/](https://www.cbsnews.com/news/ukraine-refugees-mayorkas-us-mexico-border-title-42/)


177. CBS News, “Chef Sekirite Nasyonal la demanti doub estanda sou fwontyè sid la apre li te di prèske 3,000 Ikrenyen te otorize pou antre Ozetazini.” (site deja).

Pandan 20 dènye lane ki sot pase yo, Ayisyen te gen youn nan pousantaj reyisit azil ki pi ba Tribinal Imigrasyon Ameriken yo – yon mwayèn 18%.¹⁷⁸ Sou administrasyon Twonp lan, pousantaj sa yo te desann nan yon mwayèn 9%, pousantaj ki pi ba nan 20 lane¹⁷⁹.

Menm jan an tou, an 2021, apre uit premye mwa administrasyon Baydenn nan,¹⁸⁰ alòske to jeneral azil yo bay yo te monte pou majorite nasyonalite yo,¹⁸¹ to siksè Ayisyen yo te monte pou 2.5% sèlman konpare ak lane anvan an e Ayisyen te gen youn nan pousantaj azil yo bay ki pi ba yo pami tout nasyonalite yo - 14% kòm mwayèn.¹⁸²

Menmsi Amnisti Entènasyonal rekonèt gen plizyè faktè yo konsidere lè yo ap detèmine si yo ap apwouve oswa refize yon demann azil, tankou kontèks peyi orijin yo ansanm ak sikonstans espesifik moun k ap fè demann nan, temwayaj avoka imigrasyon ak defansè azil Amnisti Entènasyonal te kolekte pou rechèch sa a, ak rechèch òganizasyon defans yo, montre jan konsyan ak enkonsyan, menm jan an tou patipri dirèk ak endirèk sou baz rasyal ak diskriminasyon kont moun Nwa anvayi tout fonksyonman sistèm imigrasyon ak azil Ameriken an.

Pa egzanp, menm anvan yo konsidere demann azil yo, moun k ap chèche azil nan Etazini yo dwe pase yon entèvyou ak yon ofisye azil kote yo bezwen pwouve yo gen yon “laperèz kredib” pou pèsekisyon oswa maspinay si yo retounen nan peyi kote yo te fèt. Dapre done Youmenn Rayts Fès (Human Rights First) jwenn, pousantaj verifikasyon laperèz kredib pou Ayisyen k ap chèche azil yo te bese anpil pandan administrasyon Twonp lan epi tou li te sibi yon gwo bès nan senk premye mwa administrasyon Baydenn yo (soti Janvyè pou rive Me 2021)¹⁸³. Enfòmasyon ofisyèl òganizasyon an te rasanble montre tou jan Ayisyen te gen anpil chans pou yo pa konsidere kòm kredib lè yo di yo gen laperèz konpare ak lòt nasyonalite depi 2016, malgre abi dwa moun an Ayiti kontinye ap ogmante.



Sous: Dosye laperèz kredib USCIS yo Human Rights First resewva atravè FOIA

178. Done Transactional Records Access Clearinghouse (TRAC) jwenn nan Syracuse University Ts a atravè yon seri demann Lwa sou Libète Enfòmasyon (FOIA), ki kouvri peryòd Oktòb 2000 -Septanm 2021 (Ane Fiskal Etazini 2001 - Ane Fiskal Etazini 2021). Gade TRAC Imigrasyon, Enpak Nasyonalite, Lang, Sèks ak Laj sou Reyisit Demann Azil, 7 Desanm 2021, trac.syr.edu/immigration/reports/668/

179. Pousantaj mwayèn azil Tribinal Imigrasyon Ameriken yo bay Ayisyen yo pa pandan Administrasyon Trump (Ane Fiskal 2017-2020 yo) reprezante 60% diminisyon konpare ak 2016, dènye Ane Fiskal administrasyon Obama a. Dapre enfòmasyon Human Rights First jwenn dapre demann FOIA bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS), yo te wè yon pi gwo bès nan ka ofisye azil yo te deside (anvan yo te refere yo bay tribinal imigrasyon): pou Ane Fiskal 2020 an pousantaj azil yo te bay Ayisyen yo te bese pou 70% konpare ak Ane Fiskal 2016 (soti 43% to yo bay a 13% to yo bay). Gade Human Rights First, Dosye USCIS Revele Disparite Sistemik nan Desizyon Azil yo, Me2022, humanrightsfirst.org/resource/uscis-records-reveal-systemic-disparities-asylum-decisions

180. Ki koresponn ak ane fiskal 2021. Gade TRAC Imigrasyon, Enpak Nasyonalite, Lang, Sèks ak Laj sou Reyisit Demann Azil, (ki te site deja).

181. Ki koresponn ak ane fiskal 2021. Gade TRAC Imigrasyon, Enpak Nasyonalite, Lang, Sèks ak Laj sou sou Reyisit Demann Azil, (ki te site deja). Pandan peryòd sa a, demann azil ki reyisi yo soti Venezyela ak Kiba te ogmante de 15%.

182. Gade TRAC Imigrasyon, Enpak Nasyonalite, Lang, Sèks ak Laj sou Reyisit Demann Azil, (ki te site deja).

183. Human Rights First, rechèch ki pa pibliye ki baze sou dosye laperèz kredib USCIS yo te resewva atravè FOIA, 2022.

Avoka Brin Palmè (Breanne Palmer) te di Amnisti Entènasyon¹⁸⁴ jan gen yon melanj santiman anti-imigran ak anti-moun Nwa, ansanm ak fo estereyotip yo andire san konesans ki dekri moun Nwa sou yon bò kòm “danjere”, epi sou lòt bò a kòm “enkapab pou santi doulè” se yon gwo pati nan pwoblèm nan, ak yon pati nan rezon ki fè migran Nwa yo pa konsidere kòm kredib. Li te di ¹⁸⁵yo (ofisye imigrasyon ak jij yo) pa kwè sa imigran Nwa a ap di”.

Pou Palmè, (Palmer)¹⁸⁶ ansanm ak Adi Gasana (Haddy Gassama)¹⁸⁷, Direktè Politik ak Defans nan Rezo Oundokyoublak (UndocuBlack), yon lòt defi se jan ofisye azil yo ak jij imigrasyon yo souvan manke yon bon konpreyansyon de kontèks Ayisyen yo ap sove kite a, sa ki fè yo pa kapab pran yon desizyon ki jis.

Palmè (Palmer) te di Amnisti Entènasyon tou jan ofisye imigrasyon yo souvan kreye fado bay prèv la pi lou pou moun Nwa k ap chèche azil ke lòt nasyonalite yo ki nan ras pipre kòm blan. Li te di Amnisti Entènasyon “nan pwosedi azil, temwayaj ou a poukont li sifi si yon jij imigrasyon estime w kredib... menm si ou gen yon ti kras prèv ki dokimante... Men, pou anpil imigran Nwa, jij imigrasyon oswa ofisye azil yo, yo mande plis prèv ak dokiman yo pa mande lòt moun k ap chèche azil.” “Gen anpil opòtinite pou konklizyon ak entèpretasyon sou ki moun ki devan yo... epi rezilta lwa a pou kont li pa nesèman nan bon desizyon an,”. Li te di Amnisti Entènasyon:

“Imigran nwa yo... fè fas ak kèk nan pi move aspè nan sistèm imigrasyon an... Imigran nwa yo gen plis chans pou ICE arete yo..., pou yo rete nan detansyon ICE pou plis tan... lajan kosyon pa yo a ka pi wo... Si w kapab elijib pou kosyon, yon jij imigrasyon dwe... detèmine... si w ka riske sove (èske w ap prezante nan odyans imigrasyon w lan) epi èske w se yon danje pou kominote a... De analiz sa yo trè baze sou ki moun ou ye, e yo trè vilnerab anba patipri rasyal ak prejije rasyal... Gen anpil ide ki gentan nan tèt moun yo sou kiyès imigran Nwa yo ye, ki kalite demann yo pote ak kisa demann sa yo merite.”

Brin Palmè (Breanne J. Palmer), Premye Avoka-Konsèy Politik Imigrasyon nan Konferans Lidèchip sou Dwa Sivil ak Dwa Moun Avoka

Ronal Klod (Ronald Claude), Direktè Politik ak Defans nan Alyans Moun Nwa pou Imigrasyon Jis - Blak Alayens Fò Djòs Imigrechonn (Black Alliance for Just Immigration), dakò imigran Nwa yo sibi pi move pati nan sistèm imigrasyon Ameriken an plis. Li te di Amnisti Entènasyon:

“Kriminalizasyon egzajere, peryòd detansyon pwolonje, ogmantasyon pousantaj depòtasyon yo, tout sa yo plis lòt toujou. Nenpòt kote ki gen negativite nan sistèm imigrasyon nou an – e nou konnen pa manke - imigran nwa yo fè fas ak pi gwo konsekans yo sistèm nou an... soti nan detansyon, pase nan demann azil, rive TPS...”

Ronal Klod (Ronald Claude), Direktè Politik & Defans, Alyans moun Nwa pou yon imigrasyon pi Jis (Black Alliance for Just Immigration) (BAJI)

Done sou fason kosyon yo (youn nan kèk fason yo ka libere w nan detansyon imigrasyon pandan yon ka annatant) tabli pou Ayisyen yo montre tout bon Ayisyen gen mwens chans pou yo akòde kosyon an premye

184. Entèvyou pa apèl videyo ak Breanne Palmer, 6 Avril 2022.

185. Entèvyou pa apèl videyo ak Breanne Palmer, 6 Avril 2022.

186. Entèvyou pa apèl videyo ak Breanne Palmer, 6 Avril 2022.

187. Entèvyou pa apèl videyo ak Haddy Gassama, 23 Mas 2022

- epi lè yo akòde yo - yo oblije peye pi gwo lajan. Enfòmasyon òganizasyon Dwa Moun an Premye (Youmann Rayts Fès - Human Rights First) rasanble montre ke nan prèske 80% nan desizyon kosyon pou Ayisyen k ap chèche azil yo, jij imigrasyon swa refize kosyon an, ogmante kosyon an, oswa refize diminye kantite kosyon ICE fikse a. Lè yo konpare ak lòt nasyonalite yo, Ayisyen k ap chèche azil yo te gen 27% plis chans pou yo refize kosyon epi prèske de fwa plis chans pou yo te ogmante kosyon yo plis pase kantite lajan ICE te fikse a¹⁸⁸.

Dapre menm etid sa a, an 2021, kosyon mwayèn yo te fikse pou Ayisyen k ap chèche azil yo te prèske doub kosyon an mwayèn pou lòt moun k ap chèche azil yo, sa ki fè li gen plis chans pou yo kenbe yo pou pi lontan, epi mwens chans pou yo evite rete nan detansyon imigrasyon yo. An reyalyte, dapre òganizasyon Dwa Moun an Premye (Human Rights First), Ayisyen k ap chèche azil yo te reprezante tou yon pwopòsyon diferan nan moun k ap chèche azil yo ak kosyon ki tabli nan 20,000 dola Ameriken oswa plis, alòske Ayisyen k ap chèche azil yo te sèlman reprezante 3% de total desizyon kosyon pou moun ki gen demann azil annatan, plis pase 14% nan kosyon ki te fikse yo te pou USD 20,000 ou plis, se Ayisyen yo yo te enpoze kosyon sa yo.¹⁸⁹

ONG ki baze Ozetazini ak avoka yo ki reponn entèvyou pou rapò sa a di tretman Ayisyen yo resewva anba kontwòl imigrasyon Ameriken an gen yon koneksyon ki soti lwen ak fason yo te trete moun Nwa Ozetazini istorikman, nan sistèm jistis kriminel la ladann tou, kote prèv yo montre se moun Nwa ou jwenn pi plis.¹⁹⁰

Dapre yon etid sant rechèch dwa imigran nan inivèsite dwa NYU (School of Law Immigrant Rights Clinic) ak Alyans Moun Nwa pou imigrasyon pi jis (Black Alliance for Just Immigration), pandan ke imigran Nwa yo reprezante sèlman 7.2% popilasyon ki pa sitwayen Ameriken, plis pase youn sou chak senk moun (20.3%) ap fè fas ak depòtasyon pou rezon kriminel se moun Nwa yo ye.¹⁹¹

Nan atik akademisyen Tendayi Achiume ekri ki se “Fwontyè Rasyal” li dekri sistèm imigrasyon aktyèl yo non sèlman kòm “teknoloji rasyal” ki bati sou kolonyalis ak fondasyon rasis, men li di “koulè nwa a” li menm se yon fwontyè, kote moun yo di ki gen ras blan yo gen privilèj lè yo imigre, epi moun ki gen ras yo di ki Nwa yo sibi pi gwo eskizyon. Menm jan an tou, pou anpil defansè Ameriken ki te pale ak Amnisti Entènasyonal pou rapò sa a, rasis sistèmik ak sipremasi blan an antre byen fon nan listwa sistèm imigrasyon Ameriken yo.¹⁹²

188. Done tribinal imigrasyon yo te jwenn pa Human Rights First jiska FOIA ki koresponn ak ane fiskal 2021 Etazini (soti Oktòb 2020 jiska mitan mwa Out2021, limit pou done yo bay yo). Dwa Moun Premye, “Mwen se yon prizonye isit la”: Règleman Administrasyon Biden fèmen Moun k ap chèche Azil, Avril 2022, humanrightsfirst.org/sites/default/files/1%27maPrisonerHere.pdf, p. 29.

189. Human Rights First, “Mwen se yon prizonye isit la”: Politik Administrasyon Biden nan fèmen moun k ap chèche azil yo (ki te site anvan) p. 19.

190. Gade pa egzanp: Rapòtè Espesyal Nasyonziini sou povrete ekstrèm ak dwa moun, *Rapòtè espesyal la sou povrete ekstrèm ak dwa moun sou misyon li Ozetazini damerik*, 4Me2018, A/HRC/38/33/Add.1, para: 54. Anplis de sa, yon etid NYU School of Law Immigrant Rights Clinic ak Black Alliance for Just Immigration te fè remake ke ranfòsman imigrasyon administrasyon Obama a konsantrè sou moun ki gen dosye kriminel te afekte imigran Nwa yo “ki gen plis chans pase imigran ki soti nan lòt rejyon yo gen kondanasyon kriminel, oswa omwen yo dwe idantifye nan entèraksyon ak lapolis lokal yo, akòz pwofil rasyal la kap kontinye.” Gade NY Morgan-Trostle, M., Zheng, K. & Lipscombe, C., The State of Black Immigrants. Black Alliance for Just Immigration and NYU School of Law Immigrant Rights Clinic, 2016, [oir.sccgov.org/sites/g/files/exjcpb1026/files/sobi-deprt-blk-immig-crim-sys.pdf](https://oig.sccgov.org/sites/g/files/exjcpb1026/files/sobi-deprt-blk-immig-crim-sys.pdf)

191. NY Morgan-Trostle, M., Zheng, K. & Lipscombe, C., Eta Imigran Nwa yo. Black Alliance for Just Immigration and NYU School of Law Immigrant Rights Clinic, (ki te site deja), p. 20. Nan menm etid la, otè yo ajoute ke “yon moun yo mete nan pwosedi depòtasyon imigrasyon pa gen dwa gen reprezantasyon legal gratis. Kòm rezilta, imigran yo souvan pa gen lòt chwa ke reprezante tèt yo nan tribinal, epi yo kite yo navige nan yon sistèm notwa konplèks ak biwokratik poukont yo. Imigran yo jwenn kèk pwosedi pwoteksyon, epi yo souvan arete yo pandan pwosedi sa yo.”

192. Tendayi Achiume, “Fwontyè Rasyal”, 110 Georgetown Law Journal 445 (2022), UCLA School of Law, Dokiman Rechèch Dwa Piblik No 21-33, Me2022, papers.ssrn.com/sol3/papers.cfm?abstract_id=3962563

“Pou imigran Nwa yo an patikilye - ak pou yon òganizasyon tankou Moun Nwa ki pa gen papye (Oundokyoublak - UndocuBlack) - nan pwen avantaj nou an, Depatman Sekirite Enteryè, ICE, CBP tout se sistèm polis. Epi nan peyi Etazini, nou konprann... tout sistèm lapolis soti nan patwouy esklav yo, ki te premye fòm polis Ozetazini, ki te bay blan dwa chèf, pou yo te chase moun Nwa ki t ap chape anba esklavaj kote yo te konn sèvi ak yo tankou byen mèb... Nou konkli ke sipremasi blan an te toujou egziste nan sistèm sa yo... Nan yon peyi kote sipremasi blan tèlman nan fondamantal li... Nou konprann jan imigran Nwa yo ap toujou fè fas ak rejim boutdi epi ki pi lou nan sistèm sa yo.”


Adi Gasana (Haddy Gassama), avoka epi Direktè Politik ak Defans, Rezo (Oundokyoublak) UndocuBlack, 23 Mas 2022

Kòm repons kesyon ekri yo sou fason otorite Ameriken yo t ap abòde diskriminasyon rasyal nan sistèm imigrasyon Ameriken an, CRCL te di Amnisti Entènasyonal li t ap “travay di pou aplike ajanda ekite rasyal Administrasyon an epi adrese rasis sistemik ak laperèz pou moun ki pa sitwayen peyi a andedan ak deyò gouvènman federal la.” Li te endike ke CRCL ap travay pou genyen yon kowòdinasyon nan DHS sou baz Dekrè Egzekitif 13985¹⁹³ epi fè: “Yon revizyon atantif ak apwofondi sou patchwòk politik ki kontwòle jan Depatman an (DHS) itilize ras, etnisite, orijin nasyonal, relijyon, sèks, ak lòt karakteristik endividyèl...” CRCL te di Amnisti Entènasyonal tou nan kad travay sa a, li ap abòde pwoblèm tankou pwofil rasyal epi nouvo Gid sa entèdi konsidere “ras, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl, orijin nasyonal, asosyasyon politik, yon moun ki pa sitwayen peyi a oswa egzèsis dwa Premye Amannman an” kòm “faktè pou deside pou fè aplikasyon.”¹⁹⁴

193. Prezidan Biden te siyen Dekrè Egzekitif 13985 sou “Avansman Ekite Rasyal ak Sipò pou Kominote ki Defann Atravè Gouvènman Federal la” nan premye jou li nan biwo an Janvye 2021. Politik la gen objektif pou “swiv yon apwòch konplè pou avanse ekite pou tout moun. , ki gen ladan moun ki gen koulè pal ak lòt moun ki istorikman te mal sèvi, majinalize, ak yon move efè sou povrete ki pèsistan ak inegalite.”

194. Mayòkas ki se Sekretè DHS, “te anonse priorite ki gen sou nouvo mezi sou imigrasyon nan dat 30 Septanm 2021. [dhs.gov/news/2021/09/30/secretary-mayorkas-announces-new-immigration-enforcement-priorities](https://www.dhs.gov/news/2021/09/30/secretary-mayorkas-announces-new-immigration-enforcement-priorities)

5. MASPINAY AK LÒT MOVE TRETMAN OTORITE AMERIKEN YO FÈ AYISYEN K AP CHÈCHE AZIL YO SIBI



MOVE TRETMAN YOLANN (YOLANDE) KI ANSENT PRÈT AKOUCHE SIBI NAN DETANSYON IMIGRASYON ETAZINI

Yolann (Yolande)¹⁹⁸ te nan mitan ventèn (20) li te ansent lè li te rive sou fwontye Etazini an Janvyè 2022.

Li di Amnisti Entènasyonal ke yo te fèl pase de yon premye prizon a yon lòt nan yon peryòd de sèt jou nan eta Tekzas (Texas). Menm jan ak anpil nan moun Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou ak yo pou rapò sa a, li dekri mankman ijyèn, epi pat gen aksè pou pase apèl telefòn oswa avoka. Li dekri tou jan li te santi yo diskrimine li plis konpare ak lòt imigran yo.

“Le m fin janbe fwontye a, yo pran nou epi yo metet nou nan prizon an...Mwen te ansent e mwen te bezwen vom... Mwen pa t ka manje, kò mwen te sèlman ka kenbe yon ti dlo a yon ti kras nan ji yo te bay la... Menm sant manje m pa t ka pran. Mwen pa konnen si se paske mwen te ansent men mwen te vrèman fèb e mwen te fini pa pèdi konesans.”

“Nan dezyèm prizon an, yo te separe nou. Mwen pa t menm kote a mari m. Nan prizon sa a, te gen yon doktè ki la pou si ta gen yon pwoblèm, men yo pa t byen trete nou. Si ou ta gen yon pwoblèm, ou t ap oblije tann omwen inèdtan oswa dezèdtan anvan yo resi wè ou. “

“Pandan nou te nan prizon an, yo pa t kite nou benyen. Sèt jou te pase men mwen pa janm gen chans ni benyen ni ale nan twalèt oswa bwose dan mwen menm on fwa. Yo te vinn transfere nou nan yon lòt prizon nan Tekzas (Texas) kote mwen te pèdi konesans ankò. Mwen te fèb epi mwen patko janm ka manje.”

“Nan prizon an, yo te mete tout Ayisyen yo yon sèl kote, separe de lòt imigran yo. Te gen yon fi ki te nan menm selil avèk mwen ki genyen nèf mwa ansent, ki preske sou lè yo. Yo depote l ansanm avèm. Lè li pa t kapab monte nan avyon an, sa se bagay ki pase an prezans mwen...yo te menote l pou monte avyon an. Yon fanm ansent, yo pote l pou li monte.”

“Nou pa t gen aksè pou nou fè apèl. Sa te make m lè mwen wè tout lòt imigran yo te ka fè apèl sof nou menm Ayisyen. Nou pa t gen aksè pou nou pale ak yon avoka. Fanmi nou Ozetazini pa t gen nouvèl nou, epi lè nou mande pou nou fè apèl, yo pa t vle. Lè [fanmi nou yo] te eseye rele nou pou yo mande pou nou, yo reponn yo pa t gen moun konsa isit la.”

“Mwen te pèdi konesans ankò nan ayewopò an (lè mwen rive ann Ayiti) apre sa mwen te vin jwenn ak sikològ la. Mwen te di yo mwen pat byen manje pandan 7 dènye jou yo. Yo te di se petèt pou sa ou te pèdi konesans.”

195. Entèvyou a travè apèl telefòn ak Yolann (Yolande), 2 Fevriye 2022.

ENTÈDIKSYON MASPINAY AK LÒT MOVE TRETMAN NAN LWA ENTÈNASYONAL

Dapre lwa entènasyonal sou dwa moun, yo rekonèt kòm zak maspinay yon gwo doulè oswa soufrans pou nenpòt rezon ki baze sou nenpòt kalite diskriminasyon yon otorite leta fè yon moun sibi. Zak maspinay entèdi san okenn eksepsyon dapre Konvansyon kont maspinay, ak Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik (ICCPR), peyi Etazini ratifye toulede, ansanm ak Konvansyon Ameriken sou Dwa Moun (ACHR). Yo konsidere entèdiksyon kont maspinay kòm yon règ obligatwa, ki pa pèmèt okenn konsiderasyon¹⁹⁶.

Lèzetazini te ratifye Konvansyon kont maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon ki malouk oswa ki pa fèt pou moun sibi oswa degradan an 1994, men avèk plizyè rezèv¹⁹⁷, e li pa ratifye Pwotokòl Opsyonèl pou Konvansyon kont maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon malouk, ki pa fèt pou moun sibi oswa degradan. Dapre Pwotokòl Istanboul¹⁹⁸ (Istanbul) la, “Objektif Pwotokòl Opsyonèl la se anpeche maspinay ak move tretman atravè mwayen vizit regilye òganizasyon entènasyonal ak nasyonal endepandan yo nan tout kote moun yo ta ka rache libète yo, ki gen ladan komisarya polis, prizon, sant detansyon prevantif, sant detansyon imigrasyon, etablisman jistis pou jèn, enstalasyon militè, ak enstitisyon sante mantal ak swen sosyal.”

Pou zak defini kòm maspinay, li dwe: (1) entansyonèl (2) fèt oswa aksepte atravè yon otorite leta (3) bay gwo doulè, ki gen ladan soufrans fizik oswa sikolojik ak (4) fèt pou youn nan yon seri rezon¹⁹⁹ konplè, ki gen ladan nenpòt rezon ki baze sou nenpòt kalite diskriminasyon – ki gen ladan entolerans pou moun ki etranje nan yon peyi oswa estati migrasyon ak diskriminasyon rasyal. Pou byen defini tèm nan, motif ki enpòtan an pa bezwen gen pou “objektif” diskrimine men sèlman yon “lyen” ak diskriminasyon²⁰⁰.

Sa ki konstitye maspinay, ki gen ladan maspinay sikolojik tou, varye selon ki moun. Faktè tankou “laj, sèks, sante ak vilnerabilite” ansanm ak “sikonstans, kontèks²⁰¹, “yo tout jwe yon wòl nan detèmine si yon tretman espesifik se maspinay, epi moun yo ka reyaji yon fason diferan selon metòd maspinay a ki depann de vilnerabilite patikilye yo tankou sityasyon migrasyon, oswa ras²⁰². Lwa entènasyonal mande leta peyi yo asire pwoteksyon gwoup vilnerab sa yo epi pini vyolans ki fèt kont yo²⁰³.

Kontrèman ak maspinay, tretman oswa pinisyon kriyèl, ki pa fèt pou moun sibi oswa degradan (move tretman) pa defini anba lwa entènasyonal yo. Dapre pozisyon anpil òganizasyon entènasyonal ak rejyonal siveyans dwa moun, Amnisti Entènasyonal konsidere tretman inimen oswa pinisyon kriyèl, ki pa fèt pou moun sibi oswa degradan yo ka defini yon fason negatif anrapò ak maspinay paske li manke youn oswa plizyè nan eleman yo mansyone anwo a nan definisyon yo te bay sou maspinay la.²⁰⁴

196. Tribunal Jistis Entènasyonal, Kesyon ki gen rapò ak Obligasyon pou Pwosekite oswa Ekstrade (Bèljik v Senegal), Jijman 20 Jiyè 2012, seksyon 99, rezolisyon Asanble Jeneral Nasyonzi 66/150, twazyèm paragraf preanbilè; Pwokirè kont Furundzija (IT-95-17/1), ICTY, (1998) seksyon 153-157 ACHR, Afriken Ameriken, itilizasyon fòs lapolis, ak dwa moun nan Etazini, OEA/Ser.L/V/II. Doc. 156, 26 Novanm 2018, para. 225, [oas.org/en/iachr/reports/pdfs/PoliceUseOfForceAfrosUSA.pdf](https://www.oas.org/en/iachr/reports/pdfs/PoliceUseOfForceAfrosUSA.pdf)

197. Amnisti Entènasyonal, Etazini: Dosye ki soumèt bay Komite Nasyonzi kont maspinay, 53yèm Sesyon Komite a, Novanm 2014, [amnestyusa.org/files/amr_510492014.pdf](https://www.amnestyusa.org/files/amr_510492014.pdf), pp.4-5.

198. Pwotokòl Istanboul, Manyèl sou Envestigasyon efikas ak Dokimantasyon sou maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, inimen oswa degradan, 2022, [ohchr.org/sites/default/files/documents/publications/2022-06-29/Istanbul-Protocol_Rev2_EN.pdf](https://www.ohchr.org/sites/default/files/documents/publications/2022-06-29/Istanbul-Protocol_Rev2_EN.pdf)

199. Ansanm konplè rezon ki bay nan Atik 1 nan Konvansyon Nasyonzi kont maspinay a se enfliksyon gwo doulè oswa soufrans “pou rezon tankou jwenn nan men li oswa yon twazyèm moun enfòmasyon oswa yon konfesyon, pini li pou yon zak li oswa yon twazyèm moun. te komèt oswa yo sispèk li te komèt, oswa entimidasyon oswa fòse li oswa yon twazyèm moun, oswa pou nenpòt rezon ki baze sou diskriminasyon nenpòt kalite.”

200. Dapre Rapòtè Espesyal Nasyonzi an sou maspinay, “Pou mezi diskriminatwa yo rive nan maspinay, li sifi ke yo entansyonèlman enflije gwo doulè oswa soufrans “pou rezon ki gen rapò ak diskriminasyon nenpòt kalite.” Se poutèt sa, li pa obligatwa pou konduit ki enpòtan an gen yon “objektif” diskriminatwa, men se sèlman yon “lyen” diskriminatwa. (A/63/175, para. 48). Gade: Rapòtè Espesyal Nasyonzi sou maspinay, maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, inimen oswa degradan, 20 Mas2020, A/HRC/43/49; para. 36.

201. Rapòtè Espesyal Nasyonzi sou maspinay, maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, ki pa fèt pou moun sibi, oswa degradan, 20 Mas2020, A/HRC/43/49; para. 30.

202. Dapre Rapòtè Espesyal Nasyonzi an sou maspinay: “Chak moun ka reyaji yon fason diferan devan yon metòd patikilye nan maspinay. Nan pratik, se poutèt sa, teknik maspinay yo dwe toujou evalye pa referans a frajilite endividyèl viktim yo vize a (A/73/152), kit yo ka atribiye a andikap (A/63/175), sityasyon migrasyon (A/HRC/37/50) oswa nenpòt lòt rezon.” Gade: Rapòtè Espesyal Nasyonzi sou maspinay, maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, inimen oswa degradan, 20 Mas2020, Dok. A/HRC/43/49, para. 69.

203. Komite Nasyonzi kont maspinay, Kòmantè Jeneral 2, Aplikasyon atik 2 pa Etazini yo, 24 Janvye 2008, Nasyonzi Doc. CAT/C/GC/2, para. 21, Manfred Nowak, et al, Konvansyon Nasyonzi kont maspinay ak pwotokòl opsyonèl li yo: Yon Kòmantè, Dezèm Edisyon, 2019, p. 456.

204. Gade Konvansyon kont maspinay, Atik 16. Gade tou Komite kont maspinay, Kòmantè Jeneral 2, Aplikasyon Atik 2 pa Eta Pati yo, 24 Janvye 2008, Dok. CAT/C/GC/2, para. 10. Pa egzanp, yon zak move tretman ta konstitye tretman oswa pinisyon mekan, inimen oswa degradan olye de maspinay si li pa gen entansyon oswa objektif obligatwa a, oswa si doulè oswa soufrans li lakòz pa “grav”.

Diskriminasyon ka lakòz maspinay e sèten gwoup gen plis risk pou yo maspinen yo ke yo sibi lòt move tretman. Tout maspinay enplike dezimanizasyon viktim nan, e sa ka pi fasil si viktim yo soti nan yon gwoup sosyal, politik oswa etnik ki defavorize. Diskriminasyon ouvri wout la pou maspinay lè li pèmèt viktim nan konsidere kòm moun anmwens oswa menm kòm yon bagay ki ka resevwa tretman ki pa fèt pou moun. Jan Asosyasyon pou Prevansyon maspinay fè remake a nan yon soumisyon bay Komisyonè Nasyonzi pou Dwa Moun (OHCHR)sou rasis sistèmik nan fè respekte lalwa, maspinay pi fasil lè yo idantifye gwoup espesifik yo kòm “yo”, epi dezimanize. . Tankou nan fòs polis ki sistematikman rasis yo, kèk polisye gen plis chans pou yo adopte politik ak pratik rasis, kèlkeswa pwòp kwayans²⁰⁵ pa yo. Komite kont maspinay te deklare “kèlkeswa kalite diskriminasyon an, li ka kreye yon klima kote maspinay ak lòt move tretman pou lòt gwoup ki sibi entolerans ak tretman ki diskrimine yo kap vin akseptab.”²⁰⁶

205. Asosyasyon pou Prevansyon maspinay, pwen APT – Rasis Sistèmik nan aplikasyon lalwa, para. 8-9, [apt.ch/en/resources/publications/apt-input-systemic-racism-law-enforcement](https://www.apt.ch/en/resources/publications/apt-input-systemic-racism-law-enforcement)

206. Kontribisyon Komite kont maspinay a nan pwosesis preparasyon pou Konferans Mondyal kont rasis, diskriminasyon rasyal, ksenofobi ak entolerans ki gen rapò, 26 Fevriye 2001, Dok. A/CONF.189/PC.2/17, p. 2.

MASPINAY KI GEN POU WE AK RAS EPI IMIGRASYON

Moun ki desandan Afriken yo fè eksperyans diskriminasyon sistematik toupatou ²⁰⁷. Dapre OHCHR, sa anrasinen nan kontèks istorik esklavaj ak kolonyalis la.²⁰⁸

Plizyè gwoup pwoteksyon dwa moun te dekouvri jan moun ki desandan Afriken yo fè fas a yon gwo risk pou yo soufri anba men lapolis. Pa egzanp, Komite Kont maspinay te ekspriye enkyetid li konsènan twòp itilizasyon fòs ki depase sa ki nesesè lapolis Ameriken itilize espesyalman kont sèten gwoup rasyal ak gwoup etnik ansanm ak pwofil rasyal lapolis ak otorite ki nan imigrasyon yo, e li te mande Etazini pou pran mezi konsènan sa.²⁰⁹ Menm jan an tou, Komite pou Eliminasyon Diskriminasyon Rasyal la te mande leta peyi yo pou yo pran mezi pou anpeche twòp itilizasyon fòs, maspinay, move tretman ak diskriminasyon kont moun desandan Afriken yo nan kontèks detansyon ak arestasyon, epi pou anpeche pratik itilizasyon fòs ki baze sou diskriminasyon.²¹⁰ rasyal.

Komisyon Entè-Ameriken sou Dwa Moun nan ansanm de desizyon li konn pran, te jwenn tou jan tretman lapolis bay ki diskrimine ras yo ka vyole entèdiksyon ki gen rapò ak tretman²¹¹ kriyèl, ki pa fèt pou moun sibi ak degradan, anplis toutsa tretman an ka plis fè yon moun wont lè yo imilye li devan lòt moun.²¹² Komisyon an te rekonèt tou lòt faktè tankou dire tretman an ak karakteristik patikilye viktim nan, tankou ras, koulè ak nasyonalite li, pral gen enpak sou si tretman an rive nan limit move tretman.²¹³

Plizyè Rapòtè Espesyal sou maspinay te idantifye tou jan imigran ak moun k ap chèche azil yo gen plis risk pou yo viktim maspinay. Rapòtè Espesyal sou maspinay a te deklare seri vyolans imigran yo ap sibi yo, tankou maspinay, se yon rezilta “tandans k ap grandi nan kèk peyi pou anrasinen politik ak pratik migrasyon ofisyèl yo sou prevansyon, zak kriminel ak diskriminasyon olye de pwoteksyon, dwa moun san diskriminasyon.”²¹⁴

Konsènan maspinay ak move tretman ki gen rapò ak migrasyon, Rapòtè Espesyal la te deklare tou lwa espesifik, politik, ak pratik ki ekspozè imigran yo a maspinay oswa lòt move tretman yo ilegal, kèlkeswa moun ki te responsab dirèkteman de zak sa yo e menm si vyolasyon yo te fèt pa aktè prive epi leta peyi a pa ta rive pwoteje imigran yo.²¹⁵

207. Wo Komisyonè Nasyonzi pou Dwa Moun, Pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun ak libète fondamantal Afriken yo ak moun ki desandan Afriken yo kont itilizasyon twòp fòs ak lòt vyolasyon dwa moun pa ofisye lapolis yo, 1 Jen 2021, Un Doc. A/HRC/47/53; para. 15, Konsèy Dwa Moun, Rapò Gwoup Travay Ekspè sou Moun Desandan Afriken sou venntwazyèm ak vennkatyèm sesyon li yo, 15 Out2019, Un Doc. A/HRC/42/59, Konklizyon, Komite pou Eliminasyon Diskriminasyon Rasyal, Rekòmandasyon jeneral No 34 adopte pa Komite a, Diskriminasyon rasyal kont moun ki gen desandan Afriken, 3 Oktòb 2011, Un Doc. CERD/C/GC/34, para. 6.

208. Wo Komisyonè Nasyonzi pou Dwa Moun, Pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun ak libète fondamantal Afriken yo ak moun ki desandan Afriken yo kont itilizasyon twòp fòs ak lòt vyolasyon dwa moun pa ofisye lapolis yo, 1 Jen 2021, Un Doc. A/HRC/47/53, Konsèy Dwa Moun, Rapò Gwoup Travay Ekspè sou Moun Desandan Afriken sou venntwazyèm ak vennkatyèm sesyon li yo, 15 Out2019, Un Doc. A/HRC/42/59, para. 82: “Gwoup Travay la mande Eta Manb yo pou yo konprann kijan rasis enstitisyonèl sitiye nan yon kontèks istorik patikilye ki lye esklavaj, kolonyalis ak ekonomi global modèn ak fo kwayans ak estereyotip yo itilize pou jistifye eksplwatasyon ak abi moun ki desandan Afriken yo. istorikman e ki kenbe gwo fòs menm jodi a.”

209. Komite kont maspinay, Konklizyon Obsèvasyon sou twazyèm ak senkyèm rapò peryodik yo nan Etazini nan Amerik, 19 Desanm 2014, Un Doc. CAT/C/USA/CO/3-5, para. 26.

210. Komite Nasyonzi pou Eliminasyon Diskriminasyon Rasyal, Rekòmandasyon jeneral No 34 Komite a te adopte, Diskriminasyon rasyal kont moun ki gen desandan Afriken, 3 Oktòb 2011, Dok. CERD/C/GC/34, para. 39.

211. IACHR, Merits, Benito Tide Méndez et al. (Repiblik Dominikèn), Rapò No 64/12, Ka 12.271, 29 Mas2012, para. 209.

212. IACHR, Merits, Benito Tide Méndez et al. (Repiblik Dominikèn), Rapò No 64/12, Ka 12.271, 29 Mas2012, para 194.

213. IACHR, Afriken Ameriken, Itilizasyon Fòs Lapolis, ak Dwa Moun Ozetazini, 2018, para. 234.

214. Rapòtè Espesyal sou maspinay, Rapò Rapòtè espesyal sou maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, inimen oswa degradan, 23 Novanm 2018, Un Doc. A/HRC/37/50, para. 66.

215. Rapòtè Espesyal Nasyonzi pou maspinay, Rapò Rapòtè Espesyal la sou maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, inimen oswa degradan, 23 Novanm 2018, Dok. A/HRC/37/50, para. 67. “Lwa, politik ak pratik migrasyon ki fè espre oswa fè espre soumèt oswa ekspozè imigran yo nan zak previzib oswa risk pou yo maspinay oswa move tretman, oswa ki espre oswa fè espre anpeche yo egzèse dwa oksilyè ki fèt pou pwoteje yo kont abi sa yo, se yon fason konklizyon. ilegal epi bay responsablite Leta pou domaj ki vin apre a, kèlkeswa zak maspinay oswa move tretman ki konsène yo ka afekte dirèkteman. Anplis, chak fwa eta yo pa egzèse dilijans pou pwoteje migran yo kont vyolasyon aktè prive yo, pou pini moun ki komèt krim yo oswa pou yo bay rekou, yo aksepte oswa konplis nan maspinay oswa move tretman.”

Nan kote ki gen detansyon pou migrasyon, kondisyon detansyon ki pa byen reponn kapab debouche tou sou maspinay oswa lòt move tretman, sitou si yo fèt pou dekouraje, kraponnen, oswa pini migran yo ak fanmi yo.²¹⁶ Limite aksè ak enfòmasyon ak atik pèsònèl, tankou bagay pou dòmi, rad, manje oswa dlo, oswa bon chofaj oswa vantilasyon kapab tou vin tounen yon fòm maspinay sikolojik oswa lòt move tretman, paske li retire pouvwa ak kontwòl sou kèk aspè nan lavi²¹⁷ yon viktim.

Menm jan ak nenpòt lòt gwoup ki sibi diskriminasyon, imigran yo ka genyen vilnerabilite patikilye an rapò ak maspinay epi lòt move tretman. Pa egzanp, dapre yon etid Rapòtè Espesyal sou maspinay a refere nan yon rapò tematik, kantite an mwayèn viktim maspinay ki pi sansib pami imigran iregilye yo se 27%.²¹⁸

Rapòtè Espesyal sou maspinay la te mete aksan anplis sou jan plis yo kenbe imigran yo nan move kondisyon, epi lè gen mwens kontwòl sou sityasyon yo, se plis chans ki genyen pou yo sibi plis soufrans mantal ak emosyonèl. Rapòtè a te mete aksan sou sityasyon kote gen gwoup espesifik, ki gen ladan manm ras ki nan minorite yo ak moun LGBTI, ki gen plis vilnerabilite tankou kondisyon medikal oswa chòk maspinay, “limit move tretman an ka rive trè vit sou yo, si se pa imedyatman.”²¹⁹ Menm jan an tou, lwa entènasyonal te rekonèt etid ki montre “estrès kwonik rasyal” ka rive ogmante “enpak twoub estrès pòs-twomatik, ak lòt maladi”²²⁰ byolojik ak sikolojik.” Donk moun ki desandan Afriken ki fè eksperyans diskriminasyon rasyal tout tan ka gen plis risk pou yo viktim maspinay ak lòt move tretman.

Rechèch Amnisti Entènasyonal fè sou maspinay ki soti nan ane 2000 yo ki kouvri on latrye peyi²²¹ te dokimante jan imigran, moun k ap chèche azil yo, ak moun Nwa nan yon kontèks kote lapolis itilize twòp fòs sou yo, toujou riske maspinay ak lòt move tretman.²²² Lwa entènasyonal mande leta peyi yo pwoteje gwoup sa yo epi pini vyolasyon ki fèt sou yo.²²³

Fòm rasis ki egziste nan listwa avèk kounya yo pèmèt yon seri kritik fèt sou rezilta Amnisti Entènasyonal yo nan seksyon sa a, menm jan ak istwa rezistans an Ayiti kont kolonizasyon, esklavaj ak dominasyon blan, jan sa te dekri nan chapit anvan yo.

Tout Ayisyen ki te pale nan entèvyou pou rapò sa a, yo te kenbe yo nan detansyon imigrasyon Etazini pou omwen 7 jou anvan yo te mete yo deyò, men nan kèk ka li rive jiska 14 jou. Prè yo te rasanble pou rapò sa a, pwouve tretman yo dekri yo - sikològ yo konfime sa tou - tretman yo atenn limit move tretman ak nan kèk ka yo rive nan nivo maspinay.

Malerezman, konklizyon yo nan chapit sa a sèlman bati sou prèv ki te prezante nan plizyè rapò anvan Amnisti Entènasyonal ki te detaye kijan otorite Ameriken yo kenbe imigran ak moun k ap chèche azil yo tout tan nan fason ki ka rive nan move tretman ak nan kèk ka maspinay, swa pou fòse yo abandone reklamasyon yo oswa pou dekouraje lòt moun k ap chèche azil. Amnisti Entènasyonal te deja dokimante enpak sa a sou timoun, ak moun Nwa ak LGBTI k ap chèche azil yo.²²⁴

216. Rapòtè Espesyal Nasyonzini sou maspinay, Rapò Rapòtè Espesyal la sou maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, inimen oswa degradan, 23 Novanm 2018, A/HRC/37/50, Para: 19: “Anplis de sa, move tretman oswa detansyon ki pa apwopriye. kondisyon yo ka menm rive maspinay si yo entansyonèlman enpoze, ankouraje oswa tolere pa Eta a pou rezon ki baze sou diskriminasyon nenpòt kalite, ki gen ladan ki baze sou sityasyon imigrasyon, oswa nan bi pou dekouraje, entimidasyon oswa pini imigran oswa fanmi yo, fòse yo antre. retire demann yo pou azil, pwoteksyon oksilyè oswa lòt rete, dakò pou yo retounen “volontè”, bay enfòmasyon oswa anprent dwèt, oswa nan lide pou ekstòde lajan oswa zak seksyèl nan men yo.”

217. Rapòtè Espesyal Nasyonzini sou maspinay, maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, inimen oswa degradan, 20 Mas2020, Dok. A/HRC/43/49, para. 49 ak 49 (a): “Retire pouvwa oswa ajans ak kontwòl sou anpil aspè nan lavi yon viktim, se yon metòd souvan aplike nan maspinay sikolojik.” Dapre Rapòtè Espesyal la, teknik yo itilize pou reyalize sa a ka enkli: “Abitrèman bay, anpeche oswa retire aksè a enfòmasyon, materyèl lekti, atik pèsònèl, rad, kabann, lè fre, limyè, manje, dlo, chofaj oswa vantilasyon.”

218. Special Rapporteur on Torture, *Report of the Special Rapporteur on torture and other cruel, inhuman or degrading treatment or punishment*, 23 November 2018, UN Doc. A/HRC/37/50, para. 8.

Rapòtè Espesyal sou maspinay, Rapò Rapòtè espesyal sou maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, inimen oswa degradan, 23 Novanm 2018, Dok. A/HRC/37/50, para. 8.

219. Rapòtè Espesyal Nasyonzini sou maspinay, Rapò Rapòtè espesyal la sou maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, inimen oswa degradan, 23 Novanm 2018, Un Doc. A/HRC/37/50, para. 27.

220. Konsèy Dwa Moun, Rapò Gwoup Travay Ekspè sou Moun Desandan Afriken sou venntwazyèm ak vennkatriyèm sesyon li yo, 15 Out2019, Un Doc. A/HRC/42/59, para. 55.

221. Amnisti Entènasyonal, Kanpe lwen maspinay ((ACT 40/013/2000)), 17 Oktòb 2020, [amnesty.org/en/documents/act40/013/2000/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/act40/013/2000/en/)

222. Amnisti Entènasyonal, Kanpe lwen maspinay, (ki te site deja), pp. 25-26.

223. Komite Nasyonzini kont maspinay, Kòmantè Jeneral 2, Aplikasyon atik 2 pa Etazini yo, 24 Janvye 2008, Nasyonzini Doc. CAT/C/GC/2, para. 21, Manfred Nowak, et al, Konvansyon Nasyonzini kont maspinay ak pwotokòl opsyonèl li yo:

Yon Kòmantè, Dezyèm Edisyon, 2019, p. 456.

224. Amnisti Entènasyonal, Etazini: Ou pa gen okenn dwa isit la : Repouse ilegal, detansyon abitè ak move tretman moun k ap chèche azil Ozetazini (ki te site deja), pp. 31 ak 67, Amnisti Entènasyonal, Amerik: Amnisti. Soumèt entènasyonal bay Rapòtè espesyal Nasyonzini (ONU) sou dwa moun migran yo (AMR 01/3658/2021), 8 Fevriye 2021, [amnesty.org/en/documents/amr01/3658/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr01/3658/2021/en/), Amnesty International, Pouse nan Harm s Way: USA ak Meksik retounen fòse timoun migran ki pa akonpaye yo an danje (AMR 51/4200/2021), 11 Jen 2021, [amnesty.org/en/documents/amr51/4200/2021/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/4200/2021/en/)

Vrèmanvre, nan yon rapò 2018, Amnisti Entènasyonal te detaye kijan politik pinisyon ak fòse lebra gouvènman Ameriken an nan separasyon fanmi yo – ki ansuit kenbe paran yo separe de pitit yo – vyole plizyè dwa dapre lwa entènasyonal dwa moun ki gen ladan dwa a inite fanmi, dwa a libète, ak dwa pou libète anba maspinay ak lòt move tretman.²²⁵ Anplis, rapò a te dokiman te tou twa (3) ka kote Afriken k ap chèche azil te bay reklamasyon moun ka fè konfyans sou tretman ak diskriminasyon yo te di yo te fè fas sou baz ras ak nasyonalite yo pandan peryòd yo te kenbe yo nan sant detansyon ICE²²⁶ yo. Menm jan an tou, ni Amnisti Entènasyonal ni Gade Dwa Moun (Youmann Rayts Watch -Human Rights Watch) te jwenn fanm ki chanje sèks ki fè fas ak move tretman patikilye, lè yo te arete yo nan lokal detansyon imigrasyon Etazini, tankou agresyon seksyèl ak asèlman.²²⁷

Rechèch ak temwayaj ki te rasanble pou rapò sa ansanm ak rapò Amnisti Entènasyonal yo ak aksyon ijan ki te poze nan ane 1990 yo te mete aksan sou plizyè ka move tretman ak diskriminasyon Ayisyen yo te fè fas nan detansyon Ozetazini, ansanm ak politik ki fèt pou dekouraje Ayisyen, ki gen ladan detansyon papakèt, pouse yo fè bak sou lanmè, ak depòtasyon rapid akòz move rezilta nan verifikasyon chak grenn moun yo.²²⁸

5.1 MOVE TRETMAN: “TRETMAN AN PAT PRAN NOU POU MOUN”

Anplis Ayisyen yo te fè entèvyou pou rapò sa, Amnisti Entènasyonal te fè yon entèvyou tou ak kat (4) sikològ, twa (3) ladan yo te bay sipò pou plizyè santèn (100) Ayisyen yo te voye tounen ant Oktòb 2021 a Mas2022. Tout te bay prèv ki solid ki montre nan peryòd sa, otorite imigrasyon Ameriken yo te kenbe Ayisyen yo nan kondisyon ki pa nòmal, san yo pa gen aksè ak enfòmasyon yo dwe konnen sou pwosesis imigrasyon pa yo ak dwa pou gen entèprèt oswa reprezantasyon legal, epi - nan yon de semèn anviron - depòte yo nan avyon tounen ann Ayiti tou nan chenn ak minòt.

*Estanda Nasyonal CBP sou Transpò, Eskòt, Detansyon, ak Rechèch*²²⁹ Estanda Nasyonal Detansyon “ICE” yo toulède bay konsèy sou fason yo ta dwe trete moun k ap chèche azil ki anba men Etazini. Dapre estanda CBP yo, imigran yo, ak moun k ap chèche azil yo “anjeneral pa ta dwe rete pou plis pase 72 èdtan kote CBP kenbe yo a oswa nan lokal yo.”²³⁰ Dapre repons CBP a kesyon alekri Amnisti Entènasyonal te voye ki te resevwa nan dat 22 jiyè 2022, “Plan aksè a lang CBP bay règleman CBP ki gen rapò ak aksè a sèvis tradiksyon nan lang moun nan.”²³¹

Estanda ICE yo presize pami lòt bagay, moun yo te kenbe yo ki pa fin pale anglè, yo ta dwe gen aksè tradiksyon nan lang²³²

yo,” pèmasyon pou resevwa vizit avoka,²³³ ak “aksè rezonab ak ekitab a apèl telefòn.”²³⁴ Dapre nòm yo, otorite yo ta dwe bay moun ki nan prizon yo tou “manje nourisan, byen prezante,”²³⁵ “bon ijyèn” ki gen ladan “echanj regilye ak rad apwopriye ki pwòp, dra, ak sèvyèt,” lokal benyen ak twalèt, ak “ase atik ijyèn pou fanm.”²³⁶ Imigran yo ak moun k ap chèche azil yo ta dwe tou jwenn aksè a “bon medikaman ak tretman

225. Amnisti Entènasyonal, Etazini: Ou pa gen okenn dwa isit la : Repouse ilegal, detansyon abitrè ak move tretman moun k ap chèche azil Ozetazini (ki te site deja).

226. Amnisti Entènasyonal, Etazini: Ou pa gen okenn dwa isit la : Repouse ilegal, detansyon abitrè ak move tretman moun k ap chèche azil Ozetazini (ki te site anvan), p. 61.

227. Human Rights Watch, “Eske w we nivo soufrans mwen pa bò isit ? : Abi kont fanm transjan nan sant detansyon imigrasyon Etazini”, 26 Mas2016, hrw.org/report/2016/03/24/do-you-see-how-much-im-suffer-here/abuse-against-transgender-women-us, Amnisti Entènasyonal, Amerik: Pa gen yon kote ki an sekirite : Salvadoryen, Gwatemala ak Ondiras k ap chèche azil nan Meksik selon oryantasyon seksyèl yo ak/ oswa sèks yo. Idantite (AMR 01/7258/2017), 27 Novanm 2017, [amnesty.org/en/documents/amr01/7258/2017/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr01/7258/2017/en/)

228. Amnisti Entènasyonal, USA: Moun k ap chèche azil Ayisyen (Index: AMR 51/71/91), 20 Desanm 1991, [amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/amr510711991en.pdf](https://www.amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/amr510711991en.pdf), Amnisti Entènasyonal, Etazini. : Echèk pou pwoteje refijye Ayisyen yo, (Index: AMR 51/31/93), Avril 1993, [amnesty.org/en/wp-content/uploads/2021/06/amr510311993en.pdf](https://www.amnesty.org/en/wp-content/uploads/2021/06/amr510311993en.pdf), Amnisti Entènasyonal, Pri rejè - Imèn konsekans dwa pou moun k ap chèche azil Ayisyen yo rejte (AI Index: AMR 51/31/94), Me1994, [amnesty.org/en/documents/amr51/031/1994/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/amr51/031/1994/en/), Amnisti Entènasyonal, “Prosesis rapatriman Ayisyen kesyone pa Amnisti. Entènasyonal delegasyon sou retounen soti Guantánamo”, 28Septanm 1994, [amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/nws112251994en.pdf](https://www.amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/nws112251994en.pdf), Amnisti Entènasyonal, Etazini nan Amerik “Mwen pa yon prizonnyè. Poukisa mwen ta dwe dwe trete kòm yon sèl?” : Fanm k ap chèche azil yo pini paske leta pa t pwoteje yo (AI Index: AMR 51/028/01), Mas2001, [amnesty.org/en/documents/AMR51/028/2001/en/](https://www.amnesty.org/en/documents/AMR51/028/2001/en/), Amnisti Nan entènasyonal, “USA: Stop discriminating against Haitian asylum-seekers”, 29 Avril 2002, [amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/amr510662002en.pdf](https://www.amnesty.org/es/wp-content/uploads/2021/06/amr510662002en.pdf)

229. Ladwàn Etazini ak Pwoteksyon Fwontyè, Estanda Nasyonal sou Transpò, Eskòt, Detansyon, ak Rechèch, Oktòb 2015, cbp.gov/document/directives/cbp-national-standards-transport-escort-detention-and-search

230. Ladwàn Etazini ak Pwoteksyon Fwontyè, Estanda Nasyonal sou Transpò, Eskòt, Detansyon, ak Rechèch (ki te site anvan) p. 14

231. Repons CBP a kesyon alekri Amnisti Entènasyonal te resevwa 22 jiyè 2022, nan dosye Amnisti Entènasyonal.

232. Ladwàn Etazini ak Ranfòsman Imigrasyon, National Detention Standards, 2019, ice.gov/detain/detention-management/2019, p.ii.

233. Ladwàn Ameriken ak Ranfòsman Imigrasyon, Estanda Detansyon Nasyonal, 2019 (site deja), p.166.

234. Ladwàn Etazini ak Ranfòsman Imigrasyon, Estanda Detansyon Nasyonal, 2019, (site deja), Creole 5.4.

235. Ladwàn Etazini ak Ranfòsman Imigrasyon, Estanda Detansyon Nasyonal, 2019 (site deja), Creole 4.1.

236. Ladwàn Etazini ak Ranfòsman Imigrasyon, Estanda Detansyon Nasyonal, 2019 (site deja), Creole 4.4.

medikal” lè sa nesèsè.²³⁷ Menm jan an tou, dapre Liv Nasyonal sou Detni ICE (National Detainee Handbook ICE) la - ki te repase men an 2021 - yo ta dwe bay moun yo te arete yo ki pa pale angle yon entèprèt, “gratis, pou zafè medikal ak ICE - oswa ki gen rapò ak detansyon,” dwa pou jwenn yon avoka, epi fè apèl nan telefòn, anplis tout lòt dwa yo gen yo.²³⁸ “

Malgre estanda sa yo, kèk nan moun yo te fè entèvyou pou rapò sa a, te kapab idantifye klèman jan kote yo te kenbe yo pandan detansyon yo pat gen aksè a entèprèt oswa avoka. Nan pifò entèvyou yo, Ayisyen te dekri sant detansyon yo kòm “prizon” e kèk te dekri sant detansyon yo kòm prizon deyò lakou ak tant ak plizyè chanm.

Pifò Ayisyen yo te fè entèvyou pou rapò sa a te di tou yo pa te jwenn swen sante apwopriye, e anpil te di chèche Amnisti Entènasyonal yo jan timoun piti yo te gen dyare ak rim. Pou pi mal, dapre moun ki te fè entèvyou yo, otorite imigrasyon yo te jete afè yo lè yo te kenbe yo a, tankou medikaman, epi yo pa ranplase yo. Plizyè manman ki gen ti bebe te di Amnisti Entènasyonal tou jan otorite Ameriken yo swa pa t bay yo kouchèt, oswa yo te ba yo sèlman de (2) pa jou, ki pa ase pou kenbe ti bebe yo pwòp.

Nan entèvyou ak Amnisti Entènasyonal, ONG ak òganizasyon imanità ki baze ann Ayiti ki te ofri sipò nan ayewopò Pòtoprens pou moun ki te depòte yo te kore temwayaj sa yo.²³⁹ Òganizasyon yo, ki te bay sipò - ki gen ladan anbilans, kit jyen, ak asistans sikolojik - te fè konnen lè yo rive, Ayisyen souvan pa t byen manje pandan plizyè jou e yo te gen dyare ak dezidratasyon. Yo te di Amnisti Entènasyonal tou jan otorite imigrasyon Ameriken yo pa te fè ase konsiderasyon apa pou fanm ansent, yo te bay granmoun ak timoun menm manje, e yo raman te bay ti bebe lèt anpoud tibebe nan lokal imigrasyon Ameriken yo. Òganizasyon yo te konfime tou pafwa lè Ayisyen yo te ateri, yo te teste pozitif pou Covid-19 e yo te parèt afekte anpil sou pwèn sikolojik parapo a tretman yo te resevwa nan peyi Etazini.

Emilyo* (Emilio) ki t ap wwayaje ak madanm li, ansanm ak pitit li ki te gen yon (1) lane ak yon lòt twazan (3), te di Amnisti Entènasyonal yo te apèn gen espas pou yo te kouche nan sant detansyon Ameriken yo, e otorite yo te ba yo sèlman yon dra aliminyòm pou kenbe yo cho ak yon boutèy dlo. Emilyo* te di youn nan pitit li yo te malad ak yon enfeksyon e se jis lè yo rive ann Ayiti yo te kapab mennen l lopital.²⁴⁰

Menm jan an tou, Jan (Jean)*, ki t ap wwayaje ak madanm li ak pitit li, te di Amnisti Entènasyonal: “Le nou te rivye Meksik, nou te di Bondye mèsi paske nou gen lavi nou...bagay yo te vreman difisil. Nou te pase 9 jou anba pon an. Kondisyon an pat bon menm. Moun yo ransanble, rasanble, rasanble. Pa te gen ni manje ni dlo. Te gen anpil pousyè. Nan prizon ankò - li te vreman di. Nou pat ka soti, nou pat konnen lè li lanwit oswa lajounen. Anpil moun - moun sou moun. Gason e fi te menm kote. Sèl sa nou te gen pou kouvri se yon dra an papyè”²⁴¹

Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou ak twa sikològ Ayisyen ki te mete ansanm pou yo te bay plizyè santèn Ayisyen sipò pou lè yo te retounen ann Ayiti, apre Etazini te mete yo deyò. Tout konfime jan tretman an nan detansyon imigrasyon Etazini yo te gen enpak sikolojik enpòtan sou moun yo te voye tounen yo.

Sikològ 1* - ki te bay sipò pou plis pase 64 fanmi yo te mete deyò Ozetazini apati mwa Oktòb 2021 - te di Amnisti Entènasyonal kliyan yo te fè eksperyans kondisyon ki pa t fèt pou moun sibi nan sant detansyon Ozetazini yo e souvan yo pa t kapab benyen pandan 10 jou e yo te oblije dòmi atè a.²⁴² Dapre sikològ 1*, fanm yo te rapòte yo pa gen ase aksè nan twalèt ak kotèks lè yo te gen règ yo epi yo te endike yo te oblije mete menm kilòt la pandan 10 oswa 12 jou, ki pafwa te lakòz enfeksyon.

Sikològ 2* - ki ansanm ak yon ekip sikològ ak travayè sosyal te bay sipò pou 500 Ayisyen yo te mete deyò nan mitan mwa Janvye 2022 ak fen mwa Mas la - te konstate majorite moun yo te mete deyò yo te rive tou fatige ak siy depresyon, pa dòmi, detrès, tèt fè mal kwonik, ak gro laperèz.²⁴³ Yo te di Amnisti Entènasyonal reyaksyon sa yo te pwovoke pa yon melanj wwayaj difisil ki plen danje Ayisyen yo te pran pou rive nan peyi Etazini, epi move tretman yo te sibi nan detansyon Ozetazini.

237. Ladwàn Etazini ak Ranfòsman Imigrasyon, Estanda Detansyon Nasyonal, 2019 (site deja), p.138.

238. Ladwàn Ameriken ak Ranfòsman Imigrasyon, National Detainee Handbook, 2021, [ice.gov/doclib/detention/ndHandbook/ndhEnglish.pdf](https://ice.dhs.gov/doclib/detention/ndHandbook/ndhEnglish.pdf)

239. Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou ak divès òganizasyon imanità ann Ayiti, pifò ladan yo te mande pou yo rete anonim.

240. Entèvyou atravè telefòn ak Emilyo*, 14 Desanm 2021.

241. Entèvyou atravè telefòn ak Jozèf (Joseph), 30 Janvye 2022.

242. Entèvyou pa apèl vwa ak sikològ 1*, 2 Fevriye 2022 ak 7 Avril 2022.

243. Entèvyou pa apèl vwa ak sikològ 2*, 31 Me 2022.

“Yo te di nou tretman an te pa t fèt pou moun ta sibi. Fason fanm yo te dekri li pou nou... yo te ka rive sou 8 jou san yo pa al nan yon twalèt oswa douch. Manje yo te ba yo pa t manje ki te fèt pou moun - se konsa yo te eksplike nou li... Se te vrèman tretman nan prizon, espesyalman (pou) moun ki te gen timoun. Yo te twomatize. Souvan, èkondisyone a te pase epi yo pa ba yo dra pou yo kouvri. Yo bay yon ti fèy aliminyòm olye yo ta ba yo dra pou yo kouvri nan prizon an.

Sikològ 2* entèvyou fèt nan apèl telefòn I, 31Me2022

Sikològ 3* - ki te travay ak timoun yo te mete deyò ak fanmi yo, ki gen ladan timoun andikape - te di Amnisti Entènasyonal lè yo rive ann Ayiti, kèk nan timoun yo te “kriye epi panike,” kèk lòt moun te “ajite” kèk lòt moun pa t kapab pale vrèman, yo pa t alèz, yo te fatige...”²⁴⁴

Rechèch Amnisti Entènasyonal te fè avan montre jan imigran ak moun k ap chèche azil tout nasyonalite yo souvan gen risk pou yo sibi maspinay ak lòt move tretman nan detansyon imigrasyon Etazini - ki gen ladan moun LGBTI ak moun yo klase ras yo kòm enferyè. ²⁴⁵ Rechèch sa a demontre Ayisyen fè eksperyans abi apa ki jwenn rasin li nan yon makonay diskriminasyon kont moun Nwa ak diskriminasyon ki baze sou nasyonalite.

Tout Ayisyen yo te fè entèvyou ak yo pou rapò sa a te dekri sitiyasyon ki reprezante yon move tretman dapre lalwa entènasyonal. Men tou, kèk Ayisyen ki te fè entèvyou ak Amnisti Entènasyonal te dekri tretman yo te fè fas pandan detansyon yo Ozetazini kòm diskriminasyon tou, dapre klasman ras yo kòm Nwa oswa dapre nasyonalite yo. Yo te dekri gro lapèn lè yo wè jan lòt nasyonalite - sitou moun ki klase nan ras blan oswa mawon ki te resevwa tretman diferan de yo.

“Moun yo pale sou diskriminasyon ak rasis. Yo te di, (otorite Ameriken) pa t jere yo byen paske yo se moun Nwa. Se pa sèlman lè yo te nan prizon (detansyon imigrasyon Etazini), men tou Chili ak Brezil. Yo pa t byen trete e yo te santi yo oblije travèse fontyè yo. Se te eksperyans rasis youn dèyè lòt. Yo te santi yo te oblije ale Ozetazini paske nan zòn kote yo te rete nan peyi Chili ak Brezil yo te fè eksperyans tretman rasis. Paske yo te Ayisyen, yo tap gade yo mal. Yo te mal resevwa yo.”

Sikològ 3* entèvyouve atravè apèl telefòn, 1 Jen 2022

244. Entèvyou atravè apèl telefòn ak Sikològ 3*, 1 Jen 2022.

245. Amnisti Entènasyonal, Etazini: Ou pa gen okenn dwa isit la : Repouse ilegal, detansyon abitè ak move tretman moun k ap chèche azil Ozetazini (ki te site deja), pp. 31 ak 67, Amnisti Entènasyonal, Amerik: Amnisti. Soumisyon entènasyonal bay Rapòtè Espesyal Nasyonzi (ONU) sou dwa moun migran yo (ki te site deja), Amnisti Entènasyonal, Pouse nan chemen malè: fòse retounen nan timoun migran ki pa akonpaye yo nan danje pa USA ak Meksik (prevans site).

“Si m ta repete pawòl yo t ap di m yo: Ameriken pa renmen Ayisyen ditou. Santiman sa yo baze sou fason yo te trete lòt moun nan prizon an konpare ak yo. Yo ta di m: Nan yon selil prizon ki gen 40 moun ki te Venezyelyen ak Kiben, epi yo ta lage lòt yo e si te gen de Ayisyen, yo ta voye yo to unen ale. Yo toujou ap wè sa, epi yo ta panse se rasis paske yo pa t gen koulè blan²⁴⁶, yo t ap lage blan yo, epi moun Nwa yo, yo t ap voye yo tounen. Se konsa yo te konprann li.”

Sikològ 2* entèvyou atravè apèl telefòn 31Me 2022

Okenn nan Ayisyen ki te patisipe pou fè entèvyou pou rapò sa a pat resewa verifikasyon endividyèl azil la, jan lalwa entènasyonal dwa moun mande sa. Temwayaj yo te rasanble pou rapò sa a sijere ke plizyè fwa Ayisyen te wè lòt nasyonalite yo te jwenn aksè ak tès depistaj oswa odyans, oswa apèl nan telefòn, dwa yo pa t ka jwi yo menm.²⁴⁷

Anplis de sa, sanble pa gen okenn rezon lejitim pou yo te refize Ayisyen yo aksè a entèprèt oswa apèl nan telefòn, jan kèk nan moun Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou yo endike. Aklè, anpil nan moun ki te pale ak òganizasyon an te viv tretman diskriminasyon rasyal kont moun Nwa sa a. Etandone ke Amnisti Entènasyonal ak lòt òganizasyon te deja dokimante diskriminasyon rasyal Ayisyen yo sibi atravè kontinan an, ki soti nan ti agresyon sankanpe²⁴⁸ jiska diskriminasyon rasyal dirèk otorite leta yo fè, li klè Ayisyen yo fè eksperyans tretman sa a kote yo ap diskrimine yo sou baz ras ak nasyonalite, ki parèt fèt toutan, sistèmik, e ki anpile pou lakòz domaj.

Dapre lwa entènasyonal, Etazini gen obligasyon non sèlman pou li pran mezi pou adrese diskriminasyon rasyal sistèmik, ak lòt fòm diskriminasyon ki lye a pwoblèm nan, men li oblije pran an konsiderasyon vilnerabilite patikilye moun k ap chèche azil yo, tankou ras, nasyonalite ak estati migrasyon, pou asire yo pa fè fas a maspinay oswa lòt move tretman anba kontwòl yo.²⁴⁹

Amnisti Entènasyonal te mande ki garanti ki genyen nan sant detansyon imigrasyon yo pou anpeche maspinay ak lòt move tretman, e ki mwayen ki disponib pou moun yo pote plent. ICE te di Amnisti Entènasyonal ICE ak DHS “anplwaye yon pwogram sipèvizyon ak konfòmite solid nan plizyè nivo,” ki gen ladann “revizyon konfòmite chak jou sou plas pou idantifye ti pwoblèm, domèn enkyetid, pwoblèm sou kontra ak eta lokal la, epi fasilite koreksyon kèk aksyon . . .” ICE te deklare tou, “enspeksyon ak odit yo fèt atravè Biwo Enspektè Jeneral DHS (OIG), Biwo DHS pou Ombudsman Detansyon Imigrasyon, ak Biwo Sipèvizyon Detansyon ICE nan Biwo Responsablite Pwofesyonèl (OPR) ICE. Biwo DHS pou Dwa Sivil ak Libète Sivil (CRCL) fè envestigasyon sou plas pou fè fas a akizasyon moun ki pa sitwayen Ameriken fè epi lòt moun ki konsène pa sityasyon.”

ICE te deklare tou “si gen yon akizasyon move tretman oswa maspinay sou do yon anplwaye ICE oswa yon kontraktè, prizonnye yo ta dwe rapòte konpòtman an nan OPR (Joint Intake Center) kote DHS OIG ak ICE OPR pral evalye pwoblèm nan. Si yo detèmine te gen move konpòtman vre, y ap mennen ankèt sou li epi yo pral refere li bay antite ki pou pouswiv jiridiksyon an pou aksyon legal si te gen krim ki fèt, oswa remèt jesyon ICE

246. Tèm “blan” Ayisyen yo itilize anjeneral vle di yon etranje lè li ann Ayiti men mo “blan” yo tradui dirèkteman se aktyèlman “blan”. Nan sityasyon sa a, li ta vle di yon moun ki se yon etranje ak pi lejè po.

247. Rechèch Human Rights First te fè montre tou ke Ayisyen ak lòt moun k ap chèche azil nwa yo fè eksperyans tretman diferan nan detansyon imigrasyon Etazini: “Moun ki mande azil ki soti nan peyi majorite nwa yo ki te vin Ozetazini pou chèche pwoteksyon depi Prezidan Biden te pran pòs e pou moun ki moun. Chèchè Rights First yo te kapab swiv peryòd detansyon yo te arete an mwayèn pou prèske 4.3 mwa - 27 pousan pi long pase moun k ap chèche azil ki soti nan peyi ki pa majorite Nwa yo swiv pa Human Rights First. Moun k ap chèche azil nwa yo rapòte deklarasyon rasis ofisye ICE yo, tankou ke Afriken yo pa t lage paske yo enferyè. Moun k ap chèche azil ak avoka yo te rapòte tou ke ICE te enpoze egzizans lage pi sevè sou moun k ap chèche azil nwa yo, tankou mande plis dokiman nan men moun ki ap sipòte yo, epi yo te vize. Ayisyen pou detansyon sou moun k ap chèche azil lòt nasyonalite. Nan yon egzanp, ofisye ICE yo te deklare klèman ke yo te resewa enstriksyon pou yo lage Kiben, Nikaragwan, ak Venezyelyen pou kreye plis espas pou kabann detansyon pandan ICE t ap an menm tan arete yon gwo kantite moun k ap chèche azil Ayisyen ak imigran nan menm etablisman an.” Gade Dwa Moun Premye, “Mwen se yon Prizonnye isit la”: Règleman Administrasyon Biden Lock Up Azil Seekers, Avril 2022, humanrightsfirst.org/sites/default/files/1%27maPrisonerHere.pdf, p.4.

248. Priya Morley et al., Yon pakou Lespwa fanm ka p deplase pou rive nan Tapachula, Meksiko, 2021, imumi.org/attachments/2020/A-Journey-of-Hope-Haitian-Womens-Migration-to%20-Tapachula.pdf, S. Priya Morley et al., “There is a Target on Us” - Impact of Anti-Black Racism on African Migrants at Mexico’s Southern Border, 2021, <https://imumi.org/attachments/2020/The-Impact-of-Anti-Black-Racism-on-African-Migrants-at-Mexico.pdf>, Amnisti Entènasyonal, Pa an sekirite nenpòt kote: Ayisyen ki an mouvman bezwen pwoteksyon entènasyonal ijan, (ki te site deja).

249. Rapòtè Espesyal Nasyonziini sou maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mechan, kriyèl oswa degradan, 20 Mas2020, Dok. A/ HRC/43/49; para. 69, Komite Nasyonziini kont tòti, Kòmantè Jeneral 2, Aplikasyon atik 2 pa Etazini yo, 24 Janvyè 2008, Doc. CAT/C/GC/2, para. 21, Manfrèd Novak (Manfred Nowak), et al, Konvansyon Nasyonziini kont maspinay ak pwotokòl opsyonèl li yo: Yon Kòmantè, Dezyèm Edisyon, 2019, p. 456.

dosye a si konpòtmman an se te yon vyolasyon politik. Plizyè tip sipèvizyon sa yo pèmèt ICE bay popilasyon yo te kenbe a yon gwo nivo sipò.”

Pandan pwoteksyon sa yo sanble bay sipèvizyon sou tretman imigran ak moun k ap chèche azil ki anba gad DHS sou papyè, an pratik, pa gen youn nan Ayisyen yo te fè entèvyou ak yo pou rapò sa a yo mete deyò anba Dekrè lwa 42 a ki te gen aksè a entèprèt oswa otorite ki te pale menm lang ak yo, enfòmasyon an Kreyòl Ayisyen, oswa avoka aparaman – tout garanti minimòm kont maspinay ak lòt move tretman. E poutan li te vinn pi difisil pou pote plent epi li te fè yo plis vilnerab a move tretman.

Dapre ICE, imigran ak moun k ap chèche azil yo ta dwe jwenn aksè a entèprèt ak yon pwosedi dwa legal pandan tout demach imigrasyon yo. An repons a kesyon ekri Amnisti Entènasyonal yo sou ki kalite aksè Ayisyen genyen a entèprèt ak reprezantasyon legal pandan yo anba kontwòl ICE, ICE te reponn li respekte Dekrè Egzekitif (EO) 13166, “Amelyore Aksè a Sèvis pou Moun ki pa twò bon nan Anglè,” ki te pibliye nan dat 16 Out 2000, pami lòt bagay pou bay moun ki pa sitwayen Ameriken yo “aksè sijifikatif” nan pwogram ak aktivite ICE ofri yo atravè tradiktè oswa entèprèt pwofesyonèl. ICE te deklare tou : “Tout moun ki pa sitwayen Ameriken ICE rankontre yo jwenn aksè a yon pwosedi dwa legal pandan tout tan an nan demach imigrasyon yo,” sa yo te deklare, gen ladann, “dwa pou yon avoka reprezante yo, pou konteste nenpòt akizasyon, pou prezante prèv epi egzamine nenpòt prèv kont yo.” ICE te di ankò, “Pandan gouvènman an pa bay avoka pou pwosedi administratif yo, tout moun ICE arete pou voye tounen yo jwenn yon lis sèvis legal gratis ak resous èd, ki gen ladan founisè kap bay sèvis gratis.”

An repons a menm kesyon sou kalite aksè Ayisyen genyen pou yo jwenn sèvis entèprèt ak reprezantasyon legal ²⁵⁰lè yo anba kontwòl CBP, CBP te sèlman reponn “Plan aksè lang CBP bay règleman CBP ki gen rapò ak aksè nan sèvis lang.” Lè yo te poze kesyon sou kijan, nan ki pwèn ak nan ki lang yo te enfòme moun yo y ap mete yo deyò anba Dekrè lwa 42, CBP te reponn “...yo eksplike sa yo ki sibi ekspilasyon anba Dekrè lwa 42 pwosesis la vèbalman nan lang natif natal yo epi imedyatman voye yo nan peyi yo te ye an dènye. Nan ka kote yon moun pa ka retounen nan peyi kote li te pase an dènye a, CBP travay ak patnè entèajans yo pou asire yon vòl k ap retounen yo nan peyi lakay yo epi kenbe moun nan mwens tan posib.”²⁵¹ Lè nou konsidere Ayisyen ki trete anba Dekrè lwa 42 yo anjeneral ekspilse ann Ayiti dwat san yo pa pase nan peyi kote yo te ye an dènye yo (Meksik, nan pifò ka yo), li pa klè si CBP bay eksplikasyon vèbal la an kreyòl lè yap voye Ayisyen yo ale.

250. CBP, “Aksè a lang nan pwoteksyon dwàn ak fwontyè”, cbp.gov/about/language-access?language_content_entity=en (aksede nan dat 26 Jiyè 2022).

251. Repons pou kesyon al ekri CPB yo te bay Amnisti Entènasyonal le 22 jiyè 2022, nan dosye Amnisti Entènasyonal.

5.2 MASPINAY: “YO TE METE M NAN CHENN MALGRE MWEN TE GEN YON TIMOUN 4 MWA NAN MEN M”



MAJORI (MARJORIE) TE ANCHENE PANDAN LI TE GEN YON TIBEBE L AP BAY TETE NAN MOMAN M TE NAN AVYON DEPOTASYON AN

Majori²⁵² (Marjory) fon nan trantèn li. . Dapre temwayaj li a, li te kite Ayiti pou ale Repiblik Dominikèn lè li te timoun epi li te leve nan yon fanmi Dominiken. Li pa pale kreyòl, sèl panyòl li pale. Majori te di Amnisti Entènasyonal li te rankontre mari li ki Ayisyen tou an Repiblik Dominikèn epi ansanm yo te travèse Chili kote yo te rete pandan plizyè lane anvan yo deside rive Meksik, epi apres a Etazini. Li te dekre tretman li te sibi anba men otorite Ameriken yo.

“Aprè fin janbe fwontyè a pou nou antre Ozetazini, imigrasyon te pran nou san pèdi tan. Yo te fè nou jete tout bagay nou yo nèt, tout rad nou, manje ak lèt pou timoun nou yo. Yo te fè nou kwè ke yo ta pral kite nou al jwenn fanmi nou Ozetazini. Nou te panse soufrans nou te fini, nou te gen nan tèt nou, nou ta pral viv rèv Ameriken an, men se pa t sa ditou. Se rete nou rete nou wè se nan prizon y ap mennen nou. Timoun yo t ap kriye tèlman yo te grangou, swaf dlo, epi nou pa t ka benyen timoun yo lè yo sal kò yo. Sitiyasyon an pat bon ditou pou Ayisyen. Dlo nan zye mwen pat ka sispann koule akòz sitiyasyon kote pitit mwen an ki te gen 2-3 mwa ak lòt la ki te gen 2 zan te kontinye kriye paske yo te grangou epi pat gen dlo pou yo bwè.” ..


“Yo pa t ba nou aksè pou nou rele pèsounn, ni fanmi nou, ni avoka. Yo kache kote moun pa ka wè yo pou yo maltrete nou. Yo maltrete Ayisyen yo. Poukisa tout move tretman sa yo?”

“Yo pa t trete moun ki soti nan lòt peyi yo menm jan yo te trete nou an. Moun lòt kote yo, yo te pèmèt yo pale ak fanmi yo, yo te mennen yo lopital lè yo te malad, epi yo te trete yo ak imilite, men Ayisyen mnem yo pat jwenn tretman sa a.”

“Lè yo t ap depòte nou, yo te mete nou anba menòt, nou tout, gason kou fanm, tout menòt yo te vin fè yon sèl ak yon chenn. M te gen yon ti bebe 4 mwa men sa pat anpeche yo mete chenn nan sou mwen, epi m te oblije eseye bay ti bebe a tete pandan mwen nan chenn nan. Menòt ki te nan men ak pye m yo te konekte ak yon chenn ki te pase nan ren mwen jiskaske nou rive ann Ayiti. Mesye (Ayisyen) ki te nan avyon an te vle mond lan wè ki jan Etazini trete Ayisyen yo, yo pa t vle wete chenn yo lè avyon an atèri, yo te vle jounalis fè foto yo ak tout chenn nan sou yo.”

“Nan avyon an, yon ajan Ameriken te frappe yon jèn gason paske li te deklare dwa li genyen. Li t ap mande poukisa yo t ap maltrete yo konsa. Yo voye bonbon nan figi moun ki pa vle aksepte bonbon yo.

252. Entèvyu a travè apèl telefòn ak Majori* (Marjory), 22 Fevriye 2022.



YO TE MARE E FOUYE TI BEN* PLIZYÈ FWA NAN DETANSYON OZETAZINI

Ti Ben²⁵³* gen 30 lane e li gen yon pitit gason ki gen yon lane. Apre yo te depòte li soti Ozetazini rive ann Ayiti an Desanm 2021, li te di Amnisti Entènasyonal li tounen Chili kounye a epi li espere eseye retounen Ozetazini ankò. Li te deklare Amnisti Entènasyonal eksperyans li nan detansyon imigrasyon Etazini.

“Nan chak chanm, te gen prèske 40-60 moun pou chak chanm. Moun yo te fè rantrè soti nan chanm yo. Te gen tapi atè a ki kouvri ak plastik, epi yo te ba ou yon sachè pou nou kouvri ki sanble ak sak yo konn fòme mò (pou moun ki mouri). Nan premye prizon sa a, moun te ka deplase - ou te kapab ale nan lòt espas epi chita. Nou te nan sant detansyon sa a pandan 4 jou. Epi, alantou 6 oswa 7 è aswè yo rele nou, mare nou a chenn, alantou minwi oswa 1 è dimaten. Mwen tap gade yo kap mete chenn sou madanm mwen. Apre sa, yo mete nou nan yon avyon epi yo voye nou nan Tekzas (Texas)

“Lè nou te rive Tekzas, yo te trete nou menm pi mal. Yo ba ou pen epi y ap veye ou. Dezyèm prizon an, pa t gen plas pou deplase menm. Ou pa menm ka konnen ki lè li te lannwit oswa lajounen. Pa t gen espas, moun t ap goumen pou plas. Yo konn louvri pòt yo epi moun yo tonbe kouri pou yo ka gentan jwenn espas epi ou menm si ou pa gentan jwenn, ou t ap oblije eseye dòmi sou yon ban. Te gen moun ki soti toupato, tankou Pewouvyen, anpil Brezilyen ak lòt moun.

“Manm fanmi nou yo t ap prepare yon chanm pou nou Ozetazini. Yo te tande nou ta dwe pase entèvyou petèt sou katriyèm jou a. Nan katriyèm jou a, mwen te panse yo tap rele m pou yon entèvyou. Okenn entèvyou pa janm fèt.”

Apre sis jou, yo te mete nou nan yon liy - tout Ayisyen yo Nan otobis la, yo te mare nou ankò. Yo te sere chenn yo vreman di, epi mwen te mande yo dekole sa yo ki nan cheviy mwen. Olye de sa, yo bouskile mwen. Se jous lè nou rive ann Ayiti yo te retire chenn yo.”

“Yo trete Ayisyen pi mal pase lòt nasyon yo. Lòt etranje yo te konn mande pou yo manje lòt manje. Se tankou te gen de estil manje. Si yon lòt etranje te poze yon kesyon, yo t ap jwenn yon repons. Lè nou (Ayisyen) te fè sa, sèl repons nou t ap jwenn se Mwen pa konnen.”

“Yo fouye nou pandan lè nou mare a. Ki sa nou ta ka fè panda nou te anchene a? Yo fè nou ekate janm nou, men mwen fè sa menm anvan yo te mande. Mwen te santi m vreman mal paske yo pat janm menote mwen avan paske mwen te toujou fè respè mwen. Mwen pa t konprann ki kondisyon ki ta mande pou yo mete menòt sou mwen konsa.”

“Pati ki te pi lèd la se ke mwen te ak pitit mwen an. Tout soufrans sa yo anplis lajan nou depanse, jis pou yo viv eksperyans sa a. Mwen pa yon vòlè, mwen pa t pran anyen nan men moun. Mwen pa goumen ak moun. Mwen pa antre nan kay moun al vòlè. Tout soufrans nou te pase yo, doulè mwen pran nan pote yon ti bebe sou vant mwen, sèt jou nan forè a kote lapli a t ap tonbe, mwen dòmi lejèman sou kò pitit mwen an pou kouvri li nan lapli a...”

253. Entèvyou nan apèl vokal ak Ti Ben*, 13 Desanm 2022 ak 29 Mas 2022.

Imaj sa yo te pibliye nan laprès entènasyonal ki te soti nan Del Ryo(Del Rio), Texas anSeptanm 2021 te chokan paske yo te sanble tèt koupe ak sa ki te konn pase pandan epòk esklavaj.²⁵⁴

Prezidan Biden te rekonèt sa, lè li te kalifye imaj yo kòm “trèlèd” epi “revòltan” e li te pran angajman pou gen ankèt sou sa.²⁵⁵ Vis Prezidan Harris te di, “Kòm nou tout konnen imaj sa yo rale nou kèk nan pi move moman nan istwa nou, lè yo te itilize menm kalite konpòtman sa a kont pèp endijèn nan peyi nou an, yo te itilize tretman sa yo kont Afriken Ameriken pandan tan esklavaj tou.”²⁵⁶

An jiyè 2022, nan yon ankèt sou rapò 500 paj, CPB te konkli yo pat fè espere frape ankenn Ayisyen, men li pa t fè entèvyou ak okenn nan Ayisyen ki te la yo, sa retire nan kredinou ka fè ankèt sa.

Anplis de sa, nan mwa ki vini apre ensidan sa a, dapre temwayaj Amnisti Entènasyonal te rasanble, yo te kontiny voye ale Ayisyen ki te nan peyi Etazini ak menèt epi chenn. Vreman vre, tout Ayisyen yo te fè entèvyou pou rapò sa a te di òganizasyon an yo te voye yo tounen nan fason sa a.

Kòm majorite moun Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou yo te di yo te depòte yo soti Texas, òganizasyon an estime pifò moun yo te mare nan fason sa a pou yon minimòm de 4 èdtan pandan vòl avyon an , e gen anpil chans pou li plis tan toujou anvan yo deplase epi ak lè yo rive ann Ayiti.

Nan kad rechèch sa a, Amnisti Entènasyonal te eseye konprann kijan itilizasyon chenn yo pratike anpil pandan depòtasyon yo, men, done sa yo pa disponib. Vrèmanvre, nan yon repons a kesyon alekri Amnisti Entènasyonal, CBP te deklare, “CBP pa kenbe done sou itilizasyon kontrent²⁵⁷.” Men, estanda CBP yo mande pou yo itilize kontrent.” pandan detansyon “nan yon fason ki an sekirite, ki pridan, ki respekte moun epi pwofesyonèl.” Anplis de sa, kontrent yo pa ka itilize “nan yon fason pinisyon oswa yon fason ki lakòz detni yo gen gwo doulè.”²⁵⁸

An repons a yon kesyon sou kijan pratik mete menèt pou moun ki anba kontwòl ICE , ICE te di Amnisti Entènasyonal sa konsa sa: “Estanda detansyon ICE yo metrize itilizasyon fòs ak itilizasyon kontrent lè yo ap sèvi avèk moun ki detni ki pa sitwayen Ameriken . Nòm detansyon yo otorize anplwaye yo sèvi ak fòs ki nesèse ak rezonab apre tout efò rezonab ki ta fèt pou rezoud yon sityasyon ta echwe, pou pwoteksyon tout moun; pou minimize blesi pou pwòp tèt ou, deteni ki pa sitwayen Ameriken, anplwaye yo ak lòt moun; pou anpeche chape oswa domaj grav sou lokal la; oswa pou kenbe sekirite ak lòd nan lokal²⁵⁹ la.”

Menm jan an tou, dapre Estanda Nasyonal Detansyon ICE yo, yo pèmèt yo sèvi ak kontrent sou imigran ak moun k ap chèche azil, men ofisye yo dwe egzèsè “bon jijman koreksyon lè y ap aplike kontrent.”²⁶⁰ Anplis de sa, dapre Manyèl Nasyonal Detni ICE la, ofisye yo ka sèlman itilize fòs “apre tout efò rezonab pou rezoud yon sityasyon ta echwe.” Manyèl la di tou: “Fòs fizik oswa materyèl kontrent yo pap sèvi kòm pinisyon.”²⁶¹

Lwa ak règ entènasyonal sou dwa moun mande aklè pou yo evite mete moun ansent oubyen fanm ki fèk fin²⁶² akouche anba menèt . Vrèmanvre, Règ Bangkòk yo, paragaf 24 di: “Enstriman kontrent pa janm dwe itilize sou fanm pandan akouchman, ak jis apre akouchman²⁶³

Règ ICE yo genyen tou yon entèdiksyon jeneral ki klè pou kenbe fanm ansent ki sou kontwòl ICE, ni “pandan transpò” oswa “ ni nan yon sant detansyon.” Dapre estanda yo, yo ka mare “fanm ansent oswa fanm ki nan rekipasyon apre akouchman” nan “sikonstans ekstraòdinè” ak sipèvizyon yon sipèvizè ak doktè sou plas, tankou nan ka kote “gen rezon rezonab pou kwè detni a reprezante yon menas imedyat ki grav pou ta fè tèt li mal, oswa yon anplwaye oswa lòt moun” oswa si anplwaye yo evalye gen yon risk pou yo chape.²⁶⁴

Nan yon repons alekri a kesyon Amnisti Entènasyonal konsènan itilizasyon kontrent, CRCL te konfime , “gen ankèt k ap mennen sou akizasyon ki enplike swadizan itilizasyon kontrent ki pa apropriye pandan

254. Journal Al Jazeera, “Ofisye Ameriken yo pou sonde kòd fwèt yo itilize kont imigran yo”, 21Septanm 2021, [aljazeera.com/news/2021/9/21/us-officials-to-probe-whip-like-cords-used-against-migrants](https://www.aljazeera.com/news/2021/9/21/us-officials-to-probe-whip-like-cords-used-against-migrants)

255. CNBC, POLITICS, “Baydenn kondane tretman ajans Border Patrol yo bay migran Ayisyen yo, pwomèt yo pral fè fas a konsekans”, 24Septanm 2021, [cnbc.com/2021/09/24/biden-condemns-border-patrol-treatment-of-haitian-migrants-in-del-rio.html](https://www.cnbc.com/2021/09/24/biden-condemns-border-patrol-treatment-of-haitian-migrants-in-del-rio.html)

256. CNBC, POLITICS, “Baydenn kondane tretman ajan Patwouy Fwontye yo bay imigran Ayisyen yo, pwomès yo pral fè fas a konsekans” (site deja).

257. Repons CBP a kesyon ekri Amnisti Entènasyonal te resevwa le 22 jiyè 2022, nan dosye Amnisti Entènasyonal.

258. Pwoteksyon Dwann ak Fwontye Etazini, Estanda nasyonal transpò, eskòt, detansyon ak fouy, 2015, seksyon 4.4

259. Repons ICE pou kesyon ekri Amnisti Entènasyonal te resevwa le 30 Jen 2022, nan dosye Amnisti Entènasyonal.

260. Ladwàn Etazini ak Ranfòsman Imigrasyon, Estanda Detansyon Nasyonal, 2019 (site deja), p.14.

261. Ladwàn Etazini ak Ranfòsman Imigrasyon, National Detainee Handbook (ki te site deja) p.26.

262. Rapòtè Espesyal Nasyonizini sou maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mechan, inimen oswa degradan, Rapò: Rapòtè espesyal sou maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mechan, inimen oswa degradan, 5 Janvyè 2016, UN Doc. A/HRC/31/57, para. 70 (h), Komite kont maspinay, Obsèvasyon konklizyon sou twazyèm ak senkyèm rapò peryodik Etazini, 19 Desanm 2014, Nasyonizini Doc. CAT/C/USA/CO/3-5, para. 21 (j).

263. Asanble Jeneral Nasyonizini (UNGA), Rezolisyon Asanble Jeneral la te adopte nan dat 21 Desanm 2010, Règ Nasyonizini pou Tretman Fanm Prizonè ak Mezi ki pa Peye-priz pou Fi Delenkan (Règ Bangkòk), Dok. A/RES/65/229, Règ 24

264. Administrasyon Ladwàn ak Imigrasyon Etazini , Estanda Detansyon Nasyonal, 2019 (site deja), pp.14-15.

depòtasyon”, men li te endike òganizasyon an pa t kapab fè kòmantè sou envestigasyon yo. ²⁶⁵

Malgre estanda sa yo, ki limite itilizasyon kontrent nan sitiyaasyon kote lòt efò rezonab pou rezoud yon sitiyaasyon te echwe, dapre temwayaj Amnisti Entènasyonal te rasanble, yo te toujou mare Ayisyen yo pandan ekspilasyon yo, tankou fanm ansent, ak yon fanm ki ap bay tete. Tout twa sikològ Ayisyen Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou yo te konkli jan tretman Ayisyen te sibi nan men otorite Ameriken yo, patikilyèman fason yo te depòte yo ak fòs, te lakòz gwo soufrans mantal sou kliyan yo. Sitou yo te trete yo konsa souvan an prezans pitit yo, li te lakòz plis mal toujou.

Sikològ Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou ak yo te montre de fason kijan menòt yo ak chenn yo te fè Ayisyen soufri plis. Yon bò se paske pou Ayisyen se kriminèl yo menòt. Nan lòt bò, se paske chenn fè Ayisyen sonje move peryòd esklavaj.

“Ayisyen wè menòt nan yon sèten fason. Yo se yon senbòl enplikasyon kriminèl. Se vòlè ki pran menòt. Se kriminèl ki prale nan prizon yo bay menòt,” se sa sikològ 3* te di Amnisti Entènasyonal. ²⁶⁶

Sikològ 2* te di yon bagay ki sanble a: “Yon estimasyon de 50-60% te pale sou rapò krim gen ak menòt. Yo te pale sou mak yo ak kijan yo pa kriminèl oswa vòlè. Yo te pale anpil sou mak yo sou men yo... (Yo di m) Yo pa kriminèl oswa manm gang. Se moun ki kriminèl ki te fè gwo zak yo ta dwe voye tounen konsa, epi nou pa t kriminèl.” ²⁶⁷

Sikològ 1* - ki te fè entèvyou ak 64 fanmi otorite Ameriken yo te retounen - te di Amnisti Entènasyonal depòtasyon yo ak fason yo te fèt yo te gen yon gwo enpak sou kliyan ²⁶⁸ yo, e li te estime 45 nan fanmi yo te pale ak yo te asosye eksperyans yo te mete yo nan chenn nan ak esklavaj. ²⁶⁹ Sikològ 3* te konfime pou Amnisti Entènasyonal kliyan yo te fè rapò eksperyans sa yo te viv la ak esklavaj, yon bò se akòz istwa esklavaj Ayiti a, lòt bò se akòz fason otorite Ameriken yo te egzèse kontwòl sou Ayisyen ki te anba men yo. ²⁷⁰

Menmjan yo te temwaye bay Amnisti Entènasyonal, kliyan yo te di sikològ 1* tou jan pandan vòl depòtasyon an tout moun te gen menòt ak chenn nan ren yo, menm fanm ki gen timoun piti, e menm lè yo t ap ale nan twalèt. Apres kliyan yo te di sikològ 1* pafwa otorite Ameriken yo frappe moun paske yo te fè konprann yo pa vle retounen ann Ayiti, oswa paske yo t ap pale byen fò. Sikològ 1* te di Amnisti Entènasyonal pifò fanmi yo te pale de eksperyans depòtasyon an kòm yon bagay yo pa t ap janm bliye, e nan opinyon pwofesyonèl yo, soufrans sikolojik sa a te kreye kapab konsidere kòm yon fòm maspinay. Vrèmanvre, dapre temwayaj Ayisyen yo te depòte yo bay, ansanm ak evalyasyon sikolojik yo te ranmase, Amnisti Entènasyonal te rive nan menm konklizyon sa a.

“Se moman sa a ki te vrèman make yo... se te pi gwo moman soufrans yo, paske yo te santi yo te pèdi tout sa ki te fè yo se yon moun.”

Entèvyou atravè apèl telefòn ak sikològ 1*, 2 Fevriye 2022 ak 7 Avril 2022

“Tretman an se yon bagay... Tretman an... ou ka andire l - pa manje, pa dòmi. Nou te pran sa ak anpil kouraj. Men menote – sa se yon lòt bagay. Menòt se pou moun ki fè yon gwo krim. Sa se yon bagay ki te choke m plis.”

Entèvyou ak George* atravè apèl telefòn, 2 Fevriye 2022

265. Response from the Office for Civil Rights and Civil Liberties (CRCL) to written questions submitted by Amnesty International received 27 June 2022, on file with Amnesty International.

266. Entèvyou atravè apèl telefòn ak sikològ 3*, 1 Jen 2022.

267. Entèvyou atravè apèl telefòn ak sikològ 2*, 31Me2022.

268. Entèvyou atravè apèl telefòn ak sikològ 1*, 2 Fevriye 2022 ak 7 Avril 2022.

269. Entèvyou atravè apèl telefòn ak sikològ 1*, 2 Fevriye 2022 ak 7 Avril 2022.

270. Entèvyou atravè apèl telefòn ak sikològ 3*, 1 jen 2022.

“Yo mete nou nan avyon an avèk menòt e madanm mwen pa t kapab menm bay pi piti pitit nou an tete .”

Emilio*, Ayisyen ki gen 35 lane ki te vwayaje ak madanm li ak de pitit li, te fè yon entèvyou ak yon apèl telefòn, 14 Desanm 2021.

“Aprè twazyèm prizon sa, yo te mete m nan katriyèm prizon an. Se nan katriyèm prizon mwen te fè 8 jou. Yo te leve nou a 2 zè dimaten, epi yo mete chenn nan pye m, chenn nan senti, chenn nan ponyèt ... Nou pa gen chans manyen telefòn, nou pa gen chans fè entèvyou ak pyès moun... Depi yo pran nou an, yo mete menòt nan men nou, nan pye n... senpleman si w gen lè pou w al benyen, yo fèw fè yon liy, tout moun menote.”

Jilbè* (Gilbert) ki te vwayaje nan peyi Etazini ak yon gwoup zanmi, entèvyou atravè apèl telefòn, 21 Mas 2022

“Nou se moun ki gen orijin esklav, ki vle di istwa nou gen anpil move tretman depase lèbòn. Ou gen yon mèt; ou pa gen okenn opinyon. Se tankou ou se yon bisiklèt epi yon moun ka fè sa li vle avèk ou. Gen kèk moun ki te di aklè jan fason Etazini te jere nou sanble ak esklavaj toupri.”

Sikològ Ayisyen 3* entèvyou nan telefòn 1 Jen 2022

Pifò nan moun chèchè Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou yo pa t konnen si yo t ap pral depòte yo jiskaskè yo wè yo nan yon avyon ki prale Ayiti. dapre temwayaj nou te jwenn nan men Ayisyen yo te voye tounen yo epi sikològ yo, jan de tretman sa te lakoz lòt doulè ak soufrans anplis.

“Yo pa t di nou anyen ditou. Yo te sèlman vini ak chenn pou mwen, pou madanm mwen . Se vre mwen rekonèt mwen te antre Ozetazini ilegalman, men yo ta dwe toujou pale ak nou. Yo pa t di nou anyen, yo te jis kreye yon dosye epi yo te depòte nou.”

Jozèf* entèvyou nan telefòn I, 30 Janvye 2022

“Mwen pa t reyalize sa. Depi lè m wè m ap monte avyon epi mwen wè gason ak fanm tou nan chenn (men , senti, pye) mwen gentan wè se depòtasyon .”

Mika* ientèvyou nan telefòn 20 Janvye 2022

Nan entèvyou ak Adi Gasama (Haddi Gassama) yon avoka epi direktè pledwaye ak politik nan òganizasyon rezo Moun Nwa ki pa gen papye (onndokiyoubalak -undocublack), li eksplike Amnisti Entènasyonal jan òganizasyon li an te resevwa enfòmasyon deotòrite Ameriken ki te bay menm jan de tretman sa yo a moun Nwa ki soti peyi Kamewoun, pami ladan yo moun ki ap cheche azil ki te reveye nan mitan lannwit pou yo depòte yo tou anchene epi mete nan avyon, epi oblije retounen nan yon peyi kote gwo danje ak ret tann yo. Li te mete aksan sou doulè sikolojik jan de tretman sa lakoz pou moun ki desandan afriken.²⁷¹

271. Entèvyou atravè apèl telefòn ak Haddy Gassama, avoka ak Direktè politik ak defans, UndocuBlack, 23 Mas 2022.

“Pou pifò moun Nwa yo nenpòt kote nan mond lan (ekpilsyon papakèt nan chenn) sa fè panse anpil a bato yo te konn pote esklav yo. SA reprezante nivo ki pi pwofon nan chòk ak laperèz pou moun Nwa yo. Sitou nou pa konn anyen.... Sa rive trè sibatman, (souvan) anvan yo ka kontakte avoka... Kontèks istorik la ak rasis, epi rewè bagay sa yo kap repwodui ankò ... li anraje ... “

Adi Gasama, avoka ak Direktè Politik ak Pledwaye, Rezo UndocuBlack, 23 Mas2022

Sikològ 4* - yon sikològ ki gen 25 ane eksperyans nan travay ak Ayisyen - te di Amnisti Entènasyonal tou yo ta karakterize eksperyans Ayisyen k ap chèche azil yo te fè nan peyi Etazini kòm maspinay.

“Kite peyi w epi ale nan on lòt pou w jwenn yon pi bon chemen pou tèt ou epi pou w fè fas kare a sèvis sosyal yo rache nan men w, pou yo mete w nan chenn, pou yo minimize nan fason konsa, sa se maspinay sikolojik -(yon) atak - pou fini avèk distans pou yo metew nan chenn, retounen nan avyon an nan peyi ou ... ou pral tèlman santi w ba ou sètoblaje obeyi ... “

Dapre sikològ 4*, “lefèt ke otorite Ameriken yo sèvi ak pratik sa yo sou Ayisyen k ap chèche azil yo, nan menm sans yo te abitye fè sa nan listwa pou moun yo wè kòm moso epi moun ki ras enferyè se yon lòt eleman ki fè tretman an monte nan nivo maspinay sikolojik.”

“Sa yo se taktik yo te itilize pandan esklavaj... se taktik yo te mete la pou fè esklav soumèt, pou yo sètoblaje obeyi, se yon taktik ki gen pou objektif pou moun sa yo pa mande chèche retounen sou fwontyè Etazini yo... Retounen ak teknik (repwodwi) ki te la pandan esklavaj la, retounen ak teknik yo te konn itilize pou gwo kriminel sou moun k ap chèche azil yo non sèlman sa kreye chòk pèsònèl, men li redekranche gwo chòk sou lòt moun ki te siviv abi menm jan an - pèsònèlman ak/oswa istorikman.”

Sikològ 4* entèvyou nan telefòn | 7 Jen 2022

Dapre lwa entènasyon, sa ki konstitye maspinay, enkli maspinay sikolojik, varye pou chak moun. Pou sa, leta peyi yo dwe pran an kont laj, sèks, sante, ras ak sityasyon migrasyon, epi tou kontèks la.²⁷²

Temwayaj ki tabli nan sou-chapit sa a mete aksan sou gwo doulè sikolojik ak soufrans Ayisyen yo te fè eksperyans lè yo te mete yo nan chenn pandan ekspilasyon akòz asosyasyon li ak esklavaj ak sans kriminel.

Pou satisfè definisyon maspinay anba lwa entènasyon, yon zak dwe: (1) entansyonèl (2) fè oswa aksepte pa yon otorite leta (3) bay gwo doulè oswa soufrans, ki gen ladan fizik oswa sikolojik ak (4) fèt pou youn nan yon seri rezon konplè ²⁷³, ki gen ladann nenpòt ki rezon ki baze sou nenpòt kalite diskriminasyon – ki gen ladan laperèz pou moun ki moun peyi a oswa estati migrasyon ak diskriminasyon rasyal. Dapre prèv yo te revize, Amnisti Entènasyon konkli pou pifò Ayisyen yo te fè entèvyou pou rapò sa a, ekspilasyon nan menòt ak chenn satisfè definisyon sa a epi li se maspinay ki gen pou wè ras ak migran dapre lwa entènasyon sou dwa moun.

272. Dapre Rapòtè Espesyal Nasyonizini an sou maspinay: “Chak moun ka reyaji yon fason diferan devan yon metòd patikilye nan maspinay. Nan pratik, se poutèt sa, teknik maspinay yo dwe toujou evalye pa referans a frajilite endividyèl viktim yo vize a (A/73/152), kit yo ka atribiye a andikap (A/63/175), sityasyon migrasyon (A/HRC/37/50) oswa nenpòt lòt rezon.” Gade: Rapòtè Espesyal Nasyonizini sou maspinay, maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mechan, inimen oswa degradan, 20 Mas2020, Dok. A/HRC/43/49, para. 69.

273. Ansanm konplè rezon ki bay nan Atik 1 nan Konvansyon Nasyonizini kont tèt a se enfliksyon gwo doulè oswa soufrans “pou rezon tankou jwenn nan men li oswa yon twazyèm moun enfòmasyon oswa yon konfesyon, pini li pou yon zak li oswa yon twazyèm moun. te komèt oswa yo sispèk li te komèt, oswa entimidasyon oswa fòse li oswa yon twazyèm moun, oswa pou nenpòt rezon ki baze sou diskriminasyon nenpòt kalite.”

5.3 MASPINAY AK MOVE TRETMAN ISTORIK EPI ROUTIN KI GEN POU WE A RAS EPI MIGRASYON

Pandan rechèch sa a, Amnisti Entènasyonal te revize ase prèy ki sikjere plizyè administrasyon Ameriken yo te eseye dekouraje imigran Ayisyen yo pou yo mande azil Ozetazini atravè aplikasyon divès politik ki fèt pou entèsepte, kenbe, epi retire Ayisyen yo nan peyi Etazini, apati ane 1970 yo. epi kontinye ak Dekrè lwa 42. Men, yon dezyèm eleman nan pratik dekourajman sa a se move tretman entansyonèl sou Ayisyen nan detansyon imigrasyon, ki nan kèk ka reprezante maspinay ki gen pou wè ak ras ak sitiasyon migrasyon.

Plent sou maspinay ak lòt move tretman kont Ayisyen espesyalman depi plizyè dizèn ane.

Nan yon Referans Aksyon ki te pibliye an 2002 – sa gen anviwon ven lane – Amnisti Entènasyonal te ekspriye enkyetid fanm Ayisyen ki te mande azil “yo te trete yo trè mal e yo te sibi move pawòl denigremant epi gad yo te jouwe yo tou” nan yon sant koreksyonèl nan Miami. Dapre Aksyon an, nan kad yon pwosè ki te soumèt nan epòk la, fanm Ayisyen yo te rapòte yo te fèmen nan selil yo pandan plizyè èdtan ak sèlman yon èdtan rekreyasyon deyò pa jou, move pawòl nan bouch ofisye prizon yo, yo pat ka jwi kontak fizik ak fanmi yo pandan vizit, yo dezabiye yo pou fouye yo lè yo retounen sot nan odyans tribinal, swen medikal ki pa apwopriye, ak manje ki pa manjab.²⁷⁴

Istoryen ak pwofesè, Carl Lindscoog, fè konnen pandan plizyè dizèn ane Ayisyen yo patikilyèman te “sibi gwo move tretman”²⁷⁵ depase lèbòn”. Nan yon entèvyou ak Amnisti Entènasyonal, li te deklare li te wè ase enfòmasyon nan rechèch li yo pou li sijere Ayisyen yo te sibi maspinay ak lòt move tretman regilyèman nan diferan kote ak nan diferan epòk nan listwa.²⁷⁶

“Anjeneral, si w gade rapò ak rechèch moun te fè nan sistèm nan... E sa mwen te aprann lè m gade istwa sa a... ou rive nan konklizyon jan pratik move tretman sa yo fèt nan anpil, anpil kote, pandan yon peryòd tan ki long, ki rive jiska jounen jodia ...

Ou jwenn rapò ki pa date lontan sou eksperyans yo nan sant detansyon imigrasyon yo, sou Ayisyen ak lòt moun... moun y ap britalize, yo refize bay manje... militan politik k ap pwoteste... bwat glas yo... ak kondisyon gwo fredri... Yo menm voye yo nan lòt lokal, kote fanmi pa konnen - yo jis disparèt yo, sa se bagay ki byen dokimante jodi a. Kòm istoryen, pratik sa yo te la depi sistèm modèn nou an te refèt nan lane 1970 yo ak ane 1980 yo.”

Kal Lendkoug (Carl Lindscoog), istoryen ak pwofesè, entèvyou atravè apèl videyo, 5Me2022

Antwopològ ak espesyalis legal, Jeffrey Kahn, ki te etidye migrasyon Ayisyen nan Etazini depi lane 1970 yo ak yon atansyon patikilye sou entèsepsyon Ayisyen sou lanmè ak detansyon nan kan VIH nan Guantanamo Bay pandan lane 1990 yo, te di Amnisti Entènasyonal li te fè entèvyou ak Ayisyen ki te pale l de ofisye militè ki te fè yo sibi vyolans, kontrent, ak move kondisyon detansyon.

274. Amnisti Entènasyonal, Etazini: Laperèz pou refijye Ayisyen (ki te site deja), Amnisti Entènasyonal, “Etazini: kanpe diskriminasyon kont Ayisen k ap cheche azil,” (mansyone deja), Amnisti Entènasyonal, United States of America: Fears for Haitian refugees and lòt moun k ap chèche azil (yo te site deja).

275. Kal Linskoog, Arete epi pini Ayisyen nan Leve sistèm detansyon imigrasyon ki pi laj nan monn nan : University Press Florida, 2018, p.3.

276. Entèvyou atravè apèl videyo ak Doktè Kal Linskoog, Pwofesè Asosye Istwa, Depatman Syans Imanitè, Syans Sosyal, Travay Sosyal, ak Edikasyon, Raritan Valley Community College, 5Me2022.

Kahn te di Amnisti Entènasyon imigran Ayisyen yo ak moun k ap chèche azil yo souvan konsidere move tretman yo resevwa nan men otorite Ameriken yo sou yon bò kòm yon dekourajman pou moun k ap chèche azil yo, e yon lòt bò kòm yon kalite pinisyon paske yo te premye Repiblik Nwa endepandan ki te fèt nan yon revolasyon esklav ki te reyisi.

“Istorikman palan, pouvwa senbolik ki gen nan mete anba menòt ak chenn... se move eksperyans epi Ayisyen entèprete sa kòm kwa se espere yo fè yo ba yo tretman sa pou yo ba yo yon mesaj aklè ki se “La pa law ...”

“Trè souvan, mwen tande Ayisyen k ap detaye pati istorik sa yo ki konekte politik imigrasyon Etazini ak mepriz Etazini an pou Ayiti ak istwa esklavaj sa a ki pi long ak rejè esklavaj Ayiti a ak pri yo te fè yo peye pou zak grandèt rebelyon sa a.”

Jeffrey Kahn, antwopològ ak entelektiyèl legal, entèvyou atravè apèl videyo 13 Jen 2022

Amnisti Entènasyon te revize plizyè lòt etid ak plent ki sijere diskriminasyon ki baze sou ras ak nasyonalitye, ak maspinay oswa lòt move tretman imigran Nwa yo nan detansyon Ozetazini yo toupatou.

Yon etid ki te analize modèl nasyonalitye ak pratik nan mete moun nan selil prizon poukont yo - yon fòm move tretman ki ka rive nan nivo maspinay - nan sant detansyon imigrasyon Etazini atravè peyi a antSeptanm 2013 ak Mas2017, te jwenn imigran ki soti ann Afrik ak Karayib la te “vrèman te plis ke moun ta panse.” an konparezon ak lòt gwoup yo. An reyalyte, etid la te jwenn ke prèske 25% nan ka izolman yo enplike moun ki soti ann Afrik oswa Karayib la, menm si moun ki soti nan rejyon sa yo toutansanm reprezante sèlman 3.64% nan tout moun yo te kenbe yo. Anplis de sa, imigran sa yo - ki gen anpil chans pou yo ba yo kritè ras Nwa oswa enferyè - yo te anpil nan ka izolman ki dire plis pase 14 jou pa 680%, konpare ak pati yo nan popilasyon yo te arete yo.²⁷⁷

Pi resamman, nan mwa Fevriye 2022, òganizasyon Gade Dwa Moun (Human Rights Watch) te dokiman te tretman abi otorite Ameriken yo fè sou moun Nwa Kamewoun k ap chèche azil yo. Nan rapò li a, Ki jan ou fè voye nou tounen?: Moun k ap chèche azil yo te sibi abi nan peyi Etazini epi yo te depòte yo pou fè yo mal nan peyi Kamewoun. Òganizasyon an te detaye twòp fòs ak abi ICE ak lòt otorite leta yo te fè kont 18 Kamewounè ki te gen ladann itilizasyon spre piman, plis kenbe yo ak fòs tankou kout kòd (yon sòt de djakout), mete yo nan yon selil prizon poukont yo, izolasyon ak segregasyon.²⁷⁸

Menm jan an tou, nan mwa Avril 2022, Human Rights First te pibliye yon rapò ki te deklare ICE te itilize lafòs pou koupe cheve Nwa ki anba gad yo a apre li te endike se te “pwosedi” pou cheve trese oswa djed. Nan sans sa, yon moun ki t ap chèche azil ki reprezante atravè òganizasyon an rapòte pandan li te nan detansyon, otorite Ameriken yo te koupe cheve li ak cheve plizyè lòt fanm Ayisyen yo te arete ansanm avèk li.²⁷⁹

Nan ane 2021 sèlman, òganizasyon ki baze Ozetazini k ap travay ak imigran Nwa yo ak moun k ap chèche azil yo te soumèt plizyè plent nan Biwo pou Dwa Sivil ak Libète Sivil (CRCL), ki dapre pwòp paj wèb li a “revize ak mennen ankèt sou dwa sivil ak akizasyon libète sivil yo te soumèt piblikman konsènan règleman, aktivite ak travayè Depatman Sekirite Enteryè Etazini (DHS).”²⁸⁰

Nan mwa Mas2021, yon kowalisasyon ONG te depoze yon plent CRCL ki detaye pratik diskriminatwa ak echèk pou bay bon jan swen sante, ki gen ladan swen matènèl, pou fanm Nwa ak jèn timoun yo te arete nan Sant Rezidansyèl Karnes County nan Karnes City, Texas. Pifò nan fanm sa yo se te fanm Nwa ki soti ann Ayiti oswa peyi ann Afrik²⁸¹ Menm jan an tou, nan mwa Oktòb 2021, plizyè ONG te soumèt yon plent CRCL nan non

277. Franco, K., Patler, C., & Reiter, K., “Sityasyon pini ak pou pini nan lalwa etabli: konfinman solitè nan prizon imigrasyon Ozetazini”, 2013-2017. Piniyon & Sosyete. journals.sagepub.com/doi/10.1177/1462474520967804, p. 14 ak 19.

278. Human Rights Watch, “Kijan ou ka jete nou tounen?": Moun k ap chèche azil yo te sibi nan peyi Etazini epi yo te depòte yo pou fè mal nan Kamewoun, 10 Fevriye 2022, [hrw.org/report/2022/02/10/how-can-you-throw-nou-tounen/moun-demande-azil-abize-nou-ak-depòte-mal-kamewoun](https://www.hrw.org/report/2022/02/10/how-can-you-throw-nou-tounen/moun-demande-azil-abize-nou-ak-depòte-mal-kamewoun)

279., “I m a Prisoner Here”: Biden Administration Policies Lock Up Asylum Seekers (previously cited), p.48.

Dwa Moun an Premye, (Human Rights First) “Mwen se yon Prizonye isit la”: Politik Administrasyon Biden Fèmen Moun k ap Chèche Azil (yo te site anvan), p.48.

280. Sekirite teritwa depoze yon plent sou dwa sivil t, dhs.gov/file-civil-rights-complaint (aksede 28Me2022).

281. RAICES, Haitian Bridge Alliance, the Cameroon American Council, and UndocuBlack Network, “Discriminatory Practices and Deliberate Indifference Related to the Prenatal, Maternal, Gynecological, and Pediatric Medical Needs of Detained Black Women and Young Children at the Karnes County Family Residential Center”, 3 March 2021, raicestexas.org/wp-content/uploads/2021/03/Redacted-Complaint-regarding-Inadequate-Medical-Care-of-Black-Pregnant-Women-and-Infants-at-Karnes.pdf

sèt imigran Nwa, ki gen ladan senk an Ayiti, ki gen rapò ak kondisyon nan Sant Pwosesis Sèvis Krome North nan Miami, Florid. Plent lan akize neglijans anrapò ak mezi prevansyon Kovid-19, abi seksyèl, diskriminasyon relijiye ak rasyal, abi vèbal gad yo ak ofisye yo te fè , ak atak kont pwotestasyon pasifik. ²⁸²

Jan sa endike pi wo a, plent ak etid ki montre diskriminasyon rasyal ak move tretman imigran Nwa yo an jeneral, ak Ayisyen pi espesifikman, date depi plizyè dizèn lane e yo kontinye jouk jounen jodi a. Malgre sa, yon defansè te di Amnisti Entènasyonal lè yo eseye pote plent sou nati move tretman ak diskriminasyon rasyal, yo souvan di yo plent yo dwe vize “sant detansyon pa sant detansyon” olye li pale de tout sistèm nan. ²⁸³

Se nan kontèks istorik sa imaj ofisye patwouy fwontyè yo sou chwal abize Ayisyen k ap chèche sekirite Ozetazini te soti Del Rio nan mwaSeptanm 2021. Imaj yo te pwovoke gwo kòlè atravè lemond akòz asosyasyon klè yo genyen ak esklavaj e paske pou anpil avoka yo Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou pandan rechèch sa a, yo te reprezante anblèm nan yon istwa long ki baze sou esklizyon, detansyon, ak tretman ki te fèt pou dekouraje Ayisyen rive nan peyi Etazini. Vrèmanvre, byenke ekspè yo te di Amnisti Entènasyonal imaj yo te trè tris, yo pa t etone ditou pou wè yo.

Antwopològ ak ekspè legal Jeffrey Kahn te di Amnisti Entènasyonal:

“Foto yo te pran nan Del Ryo mete ansanm anpil nan istwa politik imigrasyon Ameriken an ak eksklizyon pasèlman anvè pou Ayisyen, men tou pou moun lòt nasyon yo ki rive nan fen syèk 1900 a ak vyolans ki souvan akonpaye pwojè esklizyon ak lwa sou fwontyè sa yo... Gran piblik la an jeneral wè sa kòm yon anrejistreman non sèlman istwa sa yo ki pi long nan politik imigrasyon Ameriken, men tou istwa esklavaj ak koneksyon ant rejim polis ki te soti nan ekonomi plantasyon Ameriken an ak rejim lapolis yo te itilize pou solidifye fwontyè peyi Etazini. Paralèl sa a ak koneksyon ki genyen ak istwa peyi Dayiti se yon bagay ki pa klè.”

Istoryen Carl Lindscoog te di yon bagay nan menm sans sa:

“Tankou anpil moun, mwen te pè anpil lè m te wè imaj sa yo. Men, touswit mwen te panse sou kijan sa a se jis pi dènye chapit nan vyolans rasis ak vyolans anti-Ayisyen. Se konsa, pou kèk moun ki pa t janm pran tan panse sou Ayiti, sou imigrasyon Ayisyen ... ki pa t prete atansyon sou sa a ... sa te louvri je yo aklè. Yo ta ka pa konnen anpil bagay sou istwa ki genyen ant gouvènman Ameriken an ak Ayisyen k ap chèche yon plas nan peyi sa a... Mwen te wè sa kòm yon bagay ki te gen yon istwa long. Men, sa a pa t fè li mwens terib. Okontrè istwa sa te vin pi mal ... a tout yon bann ane pase sa yo, menm kalite bagay sa yo ap kontinye fèt.”

282. UndocuBlack Network, Haitian Bridge Alliance, Freedom for Immigrants, epi National Immigration Project of the National Lawyers Guild, “Re: COVID-19 Neglijans, abi seksyèl, abi vèbal, diskriminasyon sou relijyon, moje je kont moun Nwa epi lòt kondisyon deplorab nan sant sèvis nò krom nan Miami , Florida 6 Oktòb 2021, freedomforimmigrants.org/krome-detention-center

283. Entèvyou atravè apèl vidyò ak Haddy Gassama, Policy and Advocacy Director UndocuBlack Network, 23 Mas 2022.

6. MANKMAN DONE OFISYEL OSWA KONTWOL POU EVALYE DISKRIMINASYON RASYAL

PEYI YO DWE KOLEKTE DONE POU ANPECHE DISKRIMINASYON

Estanda entènasyonal dwa moun mande pou peyi yo kolekte done²⁸⁴ pou yo konprann ak adrese fason diskriminasyon rasyal sistemik ak laperèz pou moun ki pa moun peyi yo manifeste ak kwaze.

Aprè zak sasinay sou Jòj Flòyd (George Floyd) nan mwa Me 2020 ak kolonn manifestasyon papakèt yo atravè lemond pou mande gouvènman yo yon apwòch ki pi konplè ak efikas ki baze sou dwa moun nan batay kont rasis la, OHCHR te pibliye yon rapò ki prezante yon ajanda nan direksyon pou chanjman transfòmasyon pou jistis rasyal ak egalite. Rapò a te remete aksan sou “enpòtans done yo pou dekòtike ak konprann diferan dinamik yo nan rasis sistemik” epi li te mande peyi yo pou yo itilize ak “konstans pou enfòmè politik efikas.”²⁸⁵

Vreman vre, anpil òganizasyon dwa moun ak enstitisyon yo te ensiste sou nesesite pou kolekte done sou ras. Deklarasyon ak Pwogram Aksyon Dèbann (Durban) la te mande peyi yo pou yo “kolekte, konpile, analize, distribye epi pibliye done estatistik serye nan nivo nasyonal ak lokal epi antreprann tout lòt mezi ki nesesè pou evalye sityasyon moun ak gwoup moun yo ki viktim rasis, diskriminasyon rasyal, laperèz pou moun ki pa moun peyi a, ak entolerans ki gen rapò, sou yon baz regilye.”²⁸⁶

Nan konsepsyon kategori ak metodoloji koleksyon done, leta peyi yo dwe garanti tou patisipasyon aktif sosyete sivil la ak moun desandan Afriken ki te istorikman eskli epi ki sibi enpak negatif nan politik ki egziste deja yo. Dapre pawòl Gwoup Travay Ekspè sou Moun Desandan Afriken yo, pou yo ka ranpli obligasyon yo nan sa ki gen a wè ak dwa moun epi sou koleksyon done, leta peyi yo dwe, “travay ansanm ak moun ki gen desandan Afriken olye pou yo travay pou moun ki gen desandan Afriken yo.”²⁸⁷

Yon apwòch ki baze sou dwa moun nan pwodiksyon done mande tou yon metodoloji patisipatif nan chak etap nan pwosesis la, san konte soti nan “planifikasyon estratejik nan idantifikasyon bezwen done yo; chwazi ak teste yon koleksyon metodoloji apwopriye; koleksyon done (pa egzanp, anplwaye moun kab fè entèvyou nan kominote byen patikilye pou amelyore pousantaj repons yo); epi nan depo done, difizyon, analiz ak entèpretasyon.”²⁸⁸ Anplis de sa, lè yo kolekte ak estoke done ofisyèl yo, gouvènman yo ta dwe asire yo jan yo divize yo pa ras²⁸⁹ yo nan yon fason ki bay “oto-idantifikasyon, transparans, vi prive, patisipasyon ak responsablite.”²⁹⁰

284. Gwoup travay Ekspè Nasyonzini sou moun ki desandan Afriken, Rapò Gwoup de Travay Ekspè yo sou moun ki desandan Afriken nan 23e ak 24e sesyon jou ki 15 Daout 2019, UN Doc. A/HRC/42/59, para. 99, Wo Komisarya pou Dwa Moun, Pwomosyon ak Pwoteksyon Dwa Moun epi libète fondamantal afriken ak moun ki desandan yo kont twòp izaj fòs ak lòt vyolasyon dwa moun oksiyèl komèt. 1 Jen 2021, UN Doc. A/HRC/47/53, para. 20.

285. UN Doc. A/HRC/47/53, para. 16.

286. Durban Declaration ak Pwogram aksyon, Para. 92. Gade tou: *Konsèy Dwa Moun, Rapò sou gwoup Travay Ekspè sou moun ki desandan Afriken* nan 23e ak 24e sesyon jou ki 15 Daout 2019, UN Doc. A/HRC/42/59, para. 81.

287. Gwoup travay Ekspè Nasyonzini sou moun ki desandan Afriken, Rapò Gwoup de Travay Ekspè yo sou moun ki desandan Afriken nan 23e ak 24e sesyon jou ki 15 Daout 2019, UN Doc. A/HRC/42/59, para. 99.

288. Biwo Nasyonzini Wo Komisè sou Dwa Moun, yon apwòch dwa moun ki baze sou done: pa kite pyès moun dèyè nan ajenda 2030 pou devlopman dirab, 2018, ohchr.org/sites/default/files/Documents/Issues/HRIndicators/GuidanceNoteonApproachtoData.pdf

289. Gwoup travay Ekspè Nasyonzini sou moun ki desandan Afriken, Rapò Gwoup de Travay Ekspè yo sou moun ki desandan Afriken nan 23e ak 24e sesyon jou ki 15 Daout 2019, UN Doc. A/HRC/42/59, para. 87.

290. Gwoup travay Ekspè Nasyonzini sou moun ki desandan Afriken, Rapò Gwoup de Travay Ekspè yo sou moun ki desandan Afriken nan 23e ak 24e sesyon jou ki 15 Daout 2019, UN Doc. A/HRC/42/59, para. 8.

San done sou ras ak prejije rasyal, leta peyi yo pa ka pretann ke lwa yo, politik, ak apwòch yo pa rasis dan lapratik.

Poutan, malgre prèv enpòtan ki montre egzistans prejije rasyal ak diskriminasyon nan sistèm imigrasyon Ameriken an, anpil òganizasyon ekspè Amnisti Entènasyonal te poze kesyon te di li difisil pou jwenn done ki konsistan ak nan tout sistèm nan pou konprann fason diferan moun ki sibi prejije rasyal yo fè eksperyans sistèm imigrasyon Ameriken an, si se pa enposib menm.

Dapre enfòmasyon ki disponib piblikman kounye a, pa gen okenn etid ofisyèl oswa mekanis ki fèt espesyalman pou kontwòl oswa mennen ankèt sou akizasyon patipri rasyal nan sistèm sa a. Anplis de sa, tou de CBP ak ICE te konfime Amnisti Entènasyonal yo pa kolekte enfòmasyon konsènan ras oswa etnisite moun ki pa sitwayen peyi yo.”²⁹¹

Etandone ke done administrasyon federal imigrasyon yo klase dapre peyi orijin, youn nan kèk fason pou eseye konprann diskriminasyon rasyal nan pwosesis imigrasyon se sèvi ak nasyonalite kòm yon endikatè pou ras.

Nan yon entèvyou ak Amnisti Entènasyonal, Ostin Kochè (Austin Kocher), yon pwofesè adjwen rechèch nan Aksè achiv tranzaksyon klirinawous (Transactional Records Access Clearinghouse) (TRAC) nan inivèsite Sirakyouz (Syracuse University), yon enstiti ki itilize demann Lwa sou Libète Enfòmasyon pou etidye gouvènman federal la, te di òganizasyon an nan yon pwendvi rechèch, lè l itilize done nasyonalite pou eseye epi gade jan enfòmasyon an ka aplike sou ras se yon pwoblèm. Men, li te mete aksan sou lè gouvènman Ameriken an echwe pou kolekte done dezagregasyon pa ras, li an menm tan pa kapab analize ki jan ras gen enpak sou pran desizyon nan sistèm imigrasyon an.

“Jis pa gen done pa ras ... Se pa ke yo (gouvènman an) ka divilge li (epi yo pa fè sa), yo jis pa genyen li. (Men) san done yo, gouvènman an pa ka fè yon reklamasyon anlè anlè ki di yo pa rasis.

Ostin Kochè (Austin Kocher), pwofesè asistan rechèch nan Aksè achiv Tranzaksyon nan Chanm Dedomajman (Transactional Records Access Clearinghouse) (TRAC)

Yon lòt defi Amnisti Entènasyonal te idantifye pandan rechèch sa a se menm lè otorite Ameriken yo kolekte done ki baze sou nasyonalite yo, li pa fasil pou li aksesib pou piblik la. Souvan, sèl fason pou òganizasyon dwa moun jwenn aksè ak done sa yo se atravè demann Lwa sou Libète Enfòmasyon (FOIA), kote otorite yo ka pran plizyè mwa oswa anvan yo reponn, epi pafwa mande tan ak aksyon tribinal ki mande anpil resous, yon bagay anpil òganizasyon pa kapab ofri tèt yo.

An reyalyte, nan Rapò Anyèl 2020 li a, Mediatè Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini te rekonèt yon mank de enfòmasyon serye nan sistèm imigrasyon an, an jeneral, konbine avèk “yon mank transparans nan pwosesis imigrasyon ak done pou detèmine ak kenbe efikasman konfòmite avèk lwa ki aplikab yo ak règlemantasyon yo” se te yon pwoblèm.²⁹²

Pou adrese pwoblèm sa a epi konfòme yo ak lwa ak estanda entènasyonal yo, otorite Ameriken yo dwe kòmanse travay an ijans ak ekspè yo pou devlope yon metodoloji ki gen etik epi ki solid pou kolekte done ki pèmèt yo konprann fason yo pran an konsiderasyon ras imigran yo kòm enferyè ak/oswa Nwa fè eksperyans sistèm imigrasyon an epi ede pwoteje yo kont ras ak migrasyon ki gen rapò ak maspinay oswa lòt move tretman.

291. Nan yon repons a yon kesyon ki te mande si ICE kolekte done sou imigran, refijye, ak moun k ap chèche azil yo divize dapre ras oswa etnisite, ICE te resevwa nan 30 Jen 2022, ICE te deklare: “ICE pa kolekte enfòmasyon konsènan ras oswa etnisite moun ki pa sitwayen yo rankontre.”

292. Konseye USCIS, Rapò Anyèl 2020, 30 jen, 2020, https://www.dhs.gov/sites/default/files/publications/20_0630_cisomb-2020-annual-report-to-congress.pdf, p.57.

7. KONKLIZYON

“Kle pou amelyore sistèm nan ta mande yon evalyasyon onèt sou istwa rasis lwa ak politik imigrasyon nan peyi Etazini... Jiskaske nou fè sa... n ap eseye pase akote malè a... Sa tankou jis kanpe emoraji a... gwo chanjman sistèm ki bezwen fèt la sanble trè difisil paske nou pa gen lidè ki gen volonte politik ak kouraj pou remanye sistèm nan.”

Brin Palmè (Beanne J. Palmer), Premye Konseye sou politik imigrasyon nan Konferans Lidèchip sou Avoka Dwa moun epi Dwa Sivil

Yon ane apre imaj ki fè mal ak rasis aklè te parèt nan Del Ryo, Tekzas, kote ofisye patwouy fwontyè Ameriken yo te monte sou cheval te itilize twòp fòs kont moun Nwa Ayisyen k ap chèche azil ki envoke asosyasyon ak esklavaj, rechèch sa a detaye detansyon abitè, ekspilsyon papakèt, maspinay ki gen rapò ak ras ak migrasyon epi ak lòt move tretman otorite Ameriken yo fè sou Ayisyen k ap chèche pwoteksyon entènasyonal.

Pwen depa rechèch sa a se te 24 temwayaj Ayisyen k ap chèche azil yo ki te rapòte yo te arete yo abitrèman epi yo te ekspilse yo soti peyi Etazini anba Dekrè lwa 42, antSeptanm 2021 ak Janvyè 2022. Reprezantan Amnisti Entènasyonal yo te fè entèvyou tou ak plizyè douzèn òganizasyon, defansè, akademisyen, avoka, ak sikològ, epi te ekzamine materyèl istorik sou tretman Ayisyen yo pa otorite imigrasyon Ameriken yo, ki gen ladan tou pwòp achiv Amnisti Entènasyonal.

Dapre temwayaj yo, okenn nan 24 Ayisyen yo te mete deyò anba Dekrè lwa 42 yo pa t gen opòtinite pou yo pase yon evalyasyon endividyèl devan ofisye azil yo (verifikasyon laperèz kredib) anvan yo te voye yo tounen ann Ayiti, an vyolasyon lwa Ameriken ak lwa entènasyonal dwa moun ki akòde dwa pou chèche azil epi entèdi leta peyi yo retounen moun yo nan peyi kote yo ta riske sibi mal ki paka repare lè yo retounen, tankou pèsekisyon, maspinay oswa lòt move tretman. Sa malgre ke kèk nan Ayisyen Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou ak yo te kite Ayiti anpil lane avan akòz vyolans jeneralize ak/oswa vize, ki gen ladan menas pou tèt yo oswa fanmi yo. Jan ekspè Nasyonzi, nan sante yo, otorite leta Ameriken yo ak òganizasyon sosyete sivil yo te kondane sa deja, ekspilsyon papakèt moun anba otorite Dekrè lwa 42 a, san yo pa fè verifikasyon bezwen pwoteksyon yo, pa konpatib avèk règ entènasyonal yo epi yo paka konstitye refoulman.

Anplis de sa, dapre temwayaj yo te rasanble pou rechèch sa a, anba Dekrè lwa 42 a, gouvènman Ameriken an tou itilize detansyon imigran pou moun k ap chèche azil yo kom yon woutin otomatikman. Okenn nan Ayisyen Amnisti Entènasyonal te fè entèvyou pou rechèch sa a pa rapòte li te resevwa okenn lòt kalite evalyasyon endividyèl sou nesite ak pwopòsyonalite detansyon yo. Dapre temwayaj yo, pa gen youn nan yo ki te gen aksè a entèprèt oubyen reprezantasyon legal, epi yo te resevwa yon ti kras oswa okenn enfòmasyon ditou sou sò yo ak rezon ki fè yo te retire libète yo, sa ki reprezante detansyon abitè dapre lalwa entènasyonal.

Temwayaj yo pataje ak Amnisti Entènasyonal tou sijere jan ofisye imigrasyon Ameriken yo te arete ilegalman omwen senk fanm ansent san yo pa byen evalye bezwen medikal yo. Ofisyèl Ameriken yo sanble tou te kenbe timoun ki gen laj 9 ak 14 jou epi - nan plizyè ka - separe yo ak paran yo, an vyolasyon klè nan lwa entènasyonal ki pwoteje pi bon enterè timoun yo.

Rechèch sa a repete anpil apèl Amnisti Entènasyonal te fè pou mete fen nan Dekrè lwa 42 a, ki te limite ilegalman dwa plizyè santèn milye moun jwenn aksè ak pwoteksyon entènasyonal depi Mas2020.

Dokiman Amnisti Entènasyonal anvan yo te jwenn jan migran ak moun k ap chèche azil tout nasyonalite yo souvan gen risk pou yo sibi maspinay oswa lòt move tretman nan detansyon imigrasyon Etazini - ki gen ladan moun LGBTI ak moun yo gade sou ras yo.

Tout Ayisyen yo te fè entèvyou pou rapò sa a rakonte yo te fè eksperyans tretman ki reprezante yon move tretman dapre lalwa entènasyonal nan sant detansyon imigrasyon Etazini yo, e anpil rapòte diskriminasyon rasyal. Anplis de sa, jan prèv ki make nan rapò sa a sijere, pratik move tretman kont Ayisyen yo gaye toupatou epi yo te fèt istorikman nan diferan moman ak nan diferan kote, ki montre yon tandans manchlong, e petèt menm enstitisyonèl nan nivo DHS ak ajans li yo pou pini epi yo menm tou dekouraje Ayisyen k ap mande azil pou chèche refij Ozetazini.

Dapre prèv Amnisti Entènasyonal te rasanble pou rechèch sa a, move tretman Ayisyen te sibi nan sant detansyon Ozetazini yo – ki te gen ladann yon konbinezon mank aksè a ase manje, swen sante, enfòmasyon, entèprèt, ak avoka – te gen yon enpak youn monte sou lòt sou moun sa yo ki te fè entèvyou yo, paske lè yo te rive Ozetazini yo te deja viv yon seri vyolasyon dwa moun, ki gen ladan rasis kont Nwa pandan vwayaj la. Latriye domaj Ayisyen yo te fè fas yo patikilyèman vilnerab a plis move tretman nan detansyon imigrasyon Etazini.

Administrasyon Baydenn te byen okouran de reyalyte sa. Men, olye pou yo bay Ayisyen yo te poze kesyon nan rapò sa a pwoteksyon entènasyonal, men lè yo te rive Ozetazini, yo te fè fas ak plis tretman ki pa pa fèt pou moun ta sibi, ki konfòm avèk tandans byen dokimante Etazini pou dekouraje moun k ap chèche azil yo, sitou Ayisyen. Anplis de sa, nan kontinye soumèt Ayisyen yo nan ekspilasyon rapid san verifikasyon laperèz kredib anba Dekrè lwa 42 - yon politik sante piblik yo swadizan itilize pou anpeche Kovid-19 - administrasyon Baydenn te ranfòse tandans istorik danjere ki te estereyotipe Ayisyen yo kòm moun ki pote maladi, kanpe pou plis estigmatize epi fè diskriminasyon sou Ayisyen selon ras yo ak nasyonalite yo.

Dapre lwa entènasyonal, sa ki konstitye maspinay, ki gen ladann maspinay sikolojik, varye pou chak moun. Poutèt sa, leta peyi yo dwe pran ankont laj, sèks, sante, ras ak sityasyon migrasyon, osi byen ke kontèks la tou. Rasis sistèmik Ayisyen yo fè fas la kreye yon vilnerabilite san parèy pou Ayisyen epi vin mete yo li menm tou nan pi gwo risk pou yo sibi maspinay ak lòt move tretman. Pandan ke kèk lwa ak politik migrasyon ka net nan sa ki konsène ras, lwa entènasyonal dwa moun mande pou gouvènman Ameriken an non sèlman pran mezi pou adrese diskriminasyon rasyal sistèmik sa a, men tou pou pran mezi pou pwoteje gwoup ki vilnerab yo kont ras ak maspinay ki gen rapò ak migrasyon ak lòt move tretman.

Temwayaj Amnisti Entènasyonal te rasanble pou rechèch sa a mete aksan sou gwo doulè sikolojik ak soufrans Ayisyen yo te genyen lè yo te mare yo pandan depòtasyon an akòz asosyasyon li ak esklavaj epi ak kriminalite. Byenke li pa klè nan ki jan pratik mare ak chenn imigran ak moun k ap chèche azil yo gaye pandan depòtasyon yo, dapre pwòp estanda ICE ak CBP yo, kontrent yo pa dwe itilize kòm pinisyon, epi an jeneral moun ki ansent oswa moun ki fèk akouche pa ta dwe gen kontrent konsa.

Daprè temwayaj yo te rasanble pou rechèch sa a, epi lè yo konsidere ke: 1) pratik menòt ak anchene a te aplike pou tout Ayisyen yo te fè entèvyou pou rapò sa a te fèt entansyonèlman 2) epi se otorite gouvènman yo ak ajan ki travay pou yo ki komèt zak yo 3) te lakòz gwo doulè mantal ak soufrans. , epi 4) te fèt dapre diskriminasyon entèseksyon, Amnisti Entènasyonal konkli depòtasyon Ayisyen ki soti Etazini yo ak menòt ak chenn yo egal ak maspinay ki gen pou wè ak ras epi migrasyon dapre lwa entènasyonal sou dwa moun.

Kòm prèv aklè deklarasyon piblik Administrasyon Baydenn yo sou zafè sa, montre yo te byen enfòme sou doulè foto yo ki soti nan Del Ryo, Tekzas, pwovoke pou anpil moun atravè mond lan, espesyalman moun ki gen konsiderasyon rasyal kòm Nwa. Poutan, menm apre evènman yo nan Del Ryo, administrasyon an te kontinye pèmèt maspinay oswa lòt move tretman Ayisyen yo nan detansyon imigrasyon.

An reyalyte, tout Ayisyen ki te fè entèvyou ak Amnisti Entènasyonal pou rechèch sa a otorite Ameriken yo te mete deyò pou ale Ayiti yo, se te ant 25Septanm 2021 ak 24 Janvyè 2022, apre evènman yo nan Del Ryo. Sa ta vle di administrasyon Baydenn nan te kontinye depòtasyon Ayisyen Nwa yo nan chenn epi anchene - yon pratik swadizan net sou plan rasyal men ki baze sou diskriminasyon rasyal - ki te kreye plis asosyasyon lapèn ak esklavaj menm apre evènman yo nan Del Ryo, yon tretman ki egal ak maspinay. Anplis de sa, dapre temwayaj yo te rasanble, yo te souvan mare Ayisyen yo devan pitit yo, sa te lakòz plis imilyasyon.

Nan fè rechèch sa a, Amnisti Entènasyonal te ekzamine ase prèv ki montre aktyèl vag ekspilasyon papakèt Ayisyen yo akòz otorite Etazini pa gen anyen nouvo, men olye de sa yon kontinyasyon nan politik Ameriken ki pandan plizyè lane souvan te karakterize ak entèsepsyon, detansyon papakèt, ak eksklizyon angwo, nan vyolasyon lwa entènasyonal sou dwa moun.

Rechèch sa a konkli Ayisyen fè eksperyans prejidi an patikilye ki anrasinen nan yon konbinezon diskriminasyon kont Nwa ak nasyonalite e li bay ase endikasyon ki montre jan rasis kont Nwa entegre nan sistèm imigrasyon Etazini an. Malgre sa, pa gen okenn prèv ki montre otorite Ameriken yo kolekte done sou patipri rasyal oswa diskriminasyon, jan estanda entènasyonal dwa moun egzije sa. Rechèch sa a, pami lòt bagay, montre nesite ijan pou yon ankèt sou rasis sistèmik nan sistèm imigrasyon an, repete apèl plis pase 100 manm Kongrè a te fè bay administrasyon Baydenn nan. Rapò a mande tou pou gouvènman Ameriken an pran mezi aktivman pou pwoteje moun k ap chèche azil yo kont pratik tankou menòt ak mete nan chenn ki akòz asosyasyon yo ak esklavaj ka lakòz gwo doulè ak soufrans, ki monte nan nivo maspinay ki gen pou wè ak ras.

8. REKOMANDASYON

POU LETA PEYI YO KI NAN AMERIK LA:

- Kanpe tout ekspilasyon ak depòtasyon moun ale Ayiti pandan tan kriz dwa moun ak kriz imanite ap kontinye la.
- Bay Ayisyen an ijans aksè a yon sistèm pwoteksyon, san diskriminasyon, ki gen ladan evalyasyon jis, ak ka pa ka pou estati refijye, ak lòt mwayen pou regilarize estati yo atravè rezidans legal ak pwoteksyon apwopriye, nan liy ak Konvansyon Nasyonzi pou Refijye a ak Deklarasyon Katajèn la.

POU PREZIDAN ETAZINI AN:

- Kanpe imedyatman zafè ekspilse moun ak fanmi anba Dekrè lwa 42 a.
- Retabli aksè ak azil epi ak lòt fòm pwoteksyon entènasyonal nan fwontyè Etazini ak Meksik la.
- Kreye yon gwoup travay patisipatif espesyal nan Mezon Blanch, ki gen resous ase ak manda solid, ki vize demantèlman rasis kont moun Nwa nan sistèm imigrasyon an, ki gen ladan evalyasyon enpak malkadre lwa imigrasyon net sou ras moun Nwa k ap chèche azil yo ak devlopman metodoloji pou evalye diskriminasyon rasyal kont moun Nwa nan desizyon jidisyè yo.
- Asire ke aplikasyon Dekrè Egzekitif 13985 la konsidere diskriminasyon kont Nwa nan sistèm azil Ameriken an.
- Mete fen nan depandans detansyon imigrasyon papakèt la epi pran pito yon sipoze libète nan tout desizyon relatif ak gad imigrasyon epi envesti nan altènatif ki baze sou kominote nan detansyon andeyò domèn DHS.
- Etabli dwa a yon avoka pou moun ki nan pwosedi imigrasyon yo epi asire ke moun yo gen garanti konsèy legal, ansanm ak sèvis tradiksyon, nan tout pwosedi tribinal imigrasyon yo.

POU KONGRE AMERIKEN AN

- Etabli yon Komisyon Ankèt Kongrè a sou tretman Ayisyen nan Del Ryo, ak lòt fòm diskriminasyon kont moun Nwa nan sistèm azil ak imigrasyon Etazini an, ki pral devlope rekòmandasyon, yon swivi epi sipò an apre pou tan manchlong.
- Dekriminalize antre iregilye ak re-antre Ozetazini, konfòm nan prensip ki pap penalize antre iregilye refijye yo.
- Kreye politik manchlong ki sipòte solisyon moun Ayisyen mennen ki baze sou patisipasyon efikas ak otantik sosyete sivil Ayisyen an nan pwosesis pou kreye yon Ayiti ki pi ekitab kote Ayisyen ap santi mwens presyon pou yo kouri kite peyi yo.
- Pase lwa pou bay dwa pou jwenn konsèy nan pwosedi imigrasyon epi answit finans pwovizyon pou asistans legal gratis.
- Pase lwa pou mete fen nan detansyon obligatwa ak pratik ekspilse moun k ap chèche azil yo san yo pa gen aksè a evalyasyon ka pa ka sou reklamasyon yo ak verifikasyon laperèz kredib.
- Retire rezèv Etazini te genyen nan Konvansyon Nasyonzi kont maspinay la epi ratifye Pwotokòl Opsyonèl Nasyonzi pou Konvansyon kont maspinay ak Lòt Tretman oswa Pinisyon Mechan, ki pa pran moun pou moun oswa Degradan.
- Ratifye Konvansyon Nasyonzi sou Dwa Timoun, Etazini te siyen an 1995 e se sèl peyi nan mond lan ki pa ratifye.

POU DEPATMAN SEKIRITE ENTERYÈ

AKSÈ NAN AZIL AK NON-REFOULEMENT

- Kanpe imedyatman zafè ekspilse moun ak fanmi dapre Dekrè lwa 42.
- Sispann tout ekspilasyon ak depòtasyon moun ale Ayiti.
- Asire ke tout Ayisyen ke yo te ekspilse ilegalman gen aksè a mwayen revizyon pou ekspilasyon yo, tankou aksè nan teritwa Ameriken pou mande azil. Pwolonje peryòd deziyasyon aktyèl Ayiti a pou Eitati Pwoteksyon Tanporè (TPS), ki te antre anviyè nan dat 3 Dawout 2021 an (epi yo anonse l ap rete an vigè pou 18 mwa, jiska 3 Fevriye 2023), epi deziyen Ayiti anko pou yon nouvo TPS, lew konsidere ke sitiyoasyon dwa moun nan peyi a pi deteryore depi dènye deziyasyon an.
- Asire ke Ayisyen yo gen aksè a bon jan kalite entèprèt kreyòl Ayisyen, ki gen ladann pou egzekite verifikasyon laperèz kredib anvan pwosedi depòtasyon yo, epi refere moun yo jan sa nesèsè nan sèvis apwopriye yo pou detèmine demann azil yo ak entèprèt kòm yon pwoteksyon aklè kont refoleman.
- Etabli dwa pou gen avoka pou moun ki nan pwosedi imigrasyon epi asire ke moun yo gen garanti konsèy legal nan tout pwosedi tribinal imigrasyon.
- Bay ofisye azil yo ak jij imigrasyon yo fòmasyon sou diskriminasyon kont moun Nwa ak sou kondisyon peyi yo pou yo abòde pousantaj verifikasyon laperèz kredib ki pa ekilibre nan kredibilite ki ba epi pousantaj akòde azil yo ki ba.

POU ADRESE DISKRIMINASYON RASYAL AK MASPINAY KI BAZE SOU RAS AK LÒT MOVE TRETMAN

- Kontinye ankèt sou evènman Del Ryo an Septanm 2021, fè entèvyou ak viktim Ayisyen yo ak temwen yo, amande konklizyon yo si sa nesèsè, epi mennen responsab yo devan la jistis.
- Sèvi ak done pou mennen ak evalye repons a rasis sistèmik la epi kolekte epi rann piblik done konplè divize selon ras oswa orijin etnik, ak pwoteksyon estrik epi an akò ak lwa entènasyonal sou dwa moun, ki vize analize efè lwa yo ak politik sou imigran moun Nwa k ap chèche azil yo. Lè w fè sa, ou asire patisipasyon efikas ak siyifikatif ak/oswa reprezantasyon sosyete sivil la - sitou imigran Nwa yo, moun k ap chèche azil ak refijye yo, tankou fanm ak jèn, ak òganizasyon yo.
- Mete fen nan anchene epi menote imigran yo ak moun kap chèche azil yo sof si sa nesèsè epi pran an konsiderasyon frajilite patikilye yo, tankou ras yo, nasyonalite yo, laj yo, sèks yo, ak eksperyans yo te fè anvan nan zafè maspinay oswa move tretman; epi nan okenn sikonstans pa dwe anchene oswa menote moun ki ansent oswa moun ki fèk akouche.
- Sispann imedyatman refize moun k ap chèche azil yo nan fwontyè Etazini ak Meksik la epi pran an konsiderasyon risk ki pi wo ki byen dokimante pou vyolans ak diskriminasyon rasyal moun Nwa k ap chèche azil yo fè fas nan Meksik.
- Asire règ ki toujou respekte pou ofisye sou plas fontye yo, ki gen ladan ofisye lapolis, otorite imigrasyon ak ofisye azil yo, entèdi fè kèk ras sanble kat make, epi asire sistèm solid siveyans ak aksè a mwayen efikas pou viktim yo.
- Pran dispozisyon pou adrese atitid laperèz pou moun ki pa moun peyi a epi konpòtman rasis anve moun ki pa sitwayen Ameriken yo, oswa estigmatizasyon ki baze sou ras, koulè, desandan oswa orijin nasyonal atravè politisyen yo, medya yo ak sosyete pi laj, jan lalwa entènasyonal egzije sa, pa egzant, lè yo aplike kanpay anti-diskriminasyon.
- Fè vizit ofisyèl nan lokal ICE ak CBP yo ak lòt kote ki kenbe fanmi, timoun, ak moun, tankou otèl ak nenpòt sit “akèy”, pou evalye kondisyon ak vyolasyon obligasyon lwa entèn ak entènasyonal dwa moun yo.
- Anvizaje aplike Pwotokòl Istamboul (Manyèl sou Envestigasyon Efektif ak Dokimantasyon sou maspinay ak lòt tretman oswa pinisyon mekan, ki pa fèt pou moun sibi, oswa degradan) pou envestigasyon sou akizasyon sou maspinay nan lokal detansyon imigrasyon Etazini.

DETANSYON MIGRAN AK MOUN K AP CHÈCHE AZIL:

- Imigran ak moun k ap chèche azil ki gen lyen epi resous kominotè yo, yo ta dwe pèmèt yo jere dosye yo a an tout libète avek moun ki pwòch yo, pata dwe nan detansyon oubyen anba siveyans. Pou rezon sa yo, mete fen nan detansyon sèlman pou rezon imigrasyon epi asire ke nenpòt desizyon ki gen rapò ak migrasyon ki mete restriksyon sou dwa pou libète imigran yo, refijye oswa moun k ap chèche azil yo, san bliye altènativ ki baze sou siveyans nan detansyon, respè prensip nesosite ak ekilib, pou toujou sonje ke pandan yon kriz sante piblik gen anpil posiblite pou rive nan nivo sa.
- Amelyore an ijans kondisyon yo nan detansyon imigrasyon, tankou bay bon ijyèn, prevansyon Kovid 19 ak mezi kontwòl enfeksyon, aksè a swen sante, ase manje ak manje nourisan, ak pwoteksyon kont move tretman ak maspinay, ki gen ladan sèvis entèpretasyon, ak aksè a reprezantasyon legal.
- Evite kenbe, nan nenpòt sikonstans, refijye, timoun, fanmi ak moun ki ansent, epi separe fanmi ki nan detansyon.
- Asire ke mezi ki itilize disponibilite kominote yo, ki pa prive moun yo de libète yo disponib nan lalwa ak nan pratik pou tout moun k ap chèche azil, e an patikilye fanmi k ap chèche azil, epi respekte prensip legalite, nesosite, ekilib, ak non-diskriminasyon.



**AMNISTI ENTENASYONAL
SE YON MOUVMAN
MONDYAL POU DWA
MOUN.**

**LE YON MOUN SIBI
ENJISTIS SE TOUT MOUN
SA KONSENE.**

CONTACT US

 info@amnesty.org

 +44 (0)20 7413 5500

JOIN THE CONVERSATION

 www.facebook.com/AmnestyGlobal

 @Amnesty

“YO PA PRAN NOU POU MOUN”

MASPINAY KI GEN POU WE AK IMIGRASYON EPI RAS METE AK LOT MOVE TRETMAN SOU AYISYEN KI AP CHECHE SEKIRITE NAN PEYI ETAZINI

Yon lane apre imaj malouk nan Dèlryò, Tekzas ki te parèt aklè imaj kòm rasis kote yon ofisye Patwouy Fwontyè ki sou cheval t ap ekzèsè fòs depase lèbòn sou Ayisyen Nwa k ap chèche azil , yon sèn ki te voye siyal ki fè sonje tan lesklavaj. Rapò sa bay detay sou sou detansyon abitrè ki toujou ap kontinye, mete sou ekspilsyon papakèt epi maspinay ki gen a wè a ras moun epi imigrasyon plis lòt move tretman otorite leta Ozetazini komèt sou Ayisyen k ap chèche pwoteksyon entènasyonal.

Atravè entèvyou ki reyalize ak 24 Ayisyen peyi Etazini te ekspilse ant mwa Septanm 2021 rive mwa Mas 2022, epi kèk sikològ ki te bay sipò a plizye santèn Ayisyen yo te ekspilse nan fason sa, avek tou kèk chèchè epi ONG, rechèch sa mete aksan sou nesessite pou lanse yon ankèt prese prese sou zak rasis ki fonn nan sistèm nan epi sitou diskriminasyon kont moun Nwa ki anndan sistèm imigrasyon an epi pou relanse demann plis pase 100 depite ak senatè nan palman ameriken an fè bay gouvènman Baydenn nan.

Rapò a mande gouvènman Ameriken an tou pou pran ak tout fòs yo mezi pou pwoteje moun k ap chèche azil yo kont pratik tankou menòt ak mare nan chenn ki akòz move souvni lesklavaj ka lakòz gwo lapenn ak soufrans epi kapab konsidere kòm maspinay ki gen pou wè a ras moun. Anplis de tout sa, rapò a relanse tout demann ki ap fèt pou kanpe Dekrè lwa 42 a (Tit 42) ki san respè pou sa lalwa di , rive anpeche dè dizèn de milye moun posibilite pou chèche sekirite depi nan mwa Mas 2020 .